




# M ap li nèt ale

## Liv mèt la – #2



**Dezyèm  
ane**



**USAID | AYITI**  
ÉD PEP AMERIKEN



Ministère de l'Education Nationale  
et de la Formation Professionnelle

## **Remèsiman espesyal**

Metòd « M ap li nèt ale » se rezulta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasjonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 2èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

### **Moun ki te patisipe nan elaborasyon ak konsepsyon materyèl la :**

- Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES, Spécialiste du développement des matériels de Crèole, USAID/ RTI/ ToTAL
- Reginald Calixte BRICE, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Jovany VINCENT, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Standley KETAN, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Stéphanie-Ingrid R. MOLEON, Educatrice/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Ralph Ferentzi YOYOU, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Marky JEAN-PIERRE, Consultant, RTI
- Emmanuel Michel BAZILE, Expert Linguiste, Ancien DG du MENFP, Consultant, USAID/ RTI (Editing)
- Pierre Michel LAGUERRE, Expert Linguiste, Ancien DG du MENFP, Consultant, USAID/ RTI (Editing)
- Jerry Rosembert MOISE et Mitchell Pierre, Illustrateurs, Consultants, USAID/ RTI/ToTAL

### **Moun ki te soutni ak bay konsèy**

- Loretta GARDEN, USAID
- Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID
- Hervé JEAN-CHARLES, USAID
- Ronald JEAN-JACQUES, COP, RTI/ ToTAL
- Andrew JOHNSTON, DCOP, RTI/ ToTAL
- Mary DENAUW, Consultant, USAID/ RTI
- Laurette CUPIDON, Curriculum Development Manager, RTI/ ToTAL
- Josette GABOTON, Consultant, DEF/ EPT-BM
- Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP
- Françoise BENOÎT, DFP/ MENFP
- Zulda DUBOIS, DFP/ MENFP
- Volvick Germain CHARLES, Directeur, DEF/ MENFP

- Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du Curriculum et formation, DEF, MENFP
- Jean Wilner Janvier (DEF/ MENFP)
- Chantal Roques (Consultante au MENFP)
- Claude Hebert Antoine (FONHEP)
- Jean Julien Ladouceur (CEEC)
- Jocelyne Trouillot (Université Caraïbe)
- Darline Alexis (Université Quisqueya)

### **Moun ak lekòl ki te ede nan pilotaj pwogram nan**

- Jean-Baptiste Michel BEL
- Filocie JEAN
- Roseline DORMÉUS
- Ezechias VILUS
- Damas AUGUSTIN
- Emmanuel FILIPPI
- Dieudonne JOSEPH
- Jean Daniel CLEDOR
- Alius JOSEPH

<b>Ecole</b>	<b>Departement</b>	<b>Commune</b>	<b>Nom Du Directeur</b>
1 Ecole Lumière Divine	Nord	Quartier Morin	Pierre Arnol
2 Ecole Nationale de Quartier Morin	Nord	Quartier Morin	Augustin Suza
3 Ecole Nationale Serge Luckecsy	Nord		Carole Antoine
4 Ecole Nationale Galman du Plat	Nord	Quartier Morin	Bernadette Magloire
5 Ecole Nationale Marcelin Prophète G. du Plat	Nord	Quartier Morin	Jasmine Magloire
6 Institut Scheche	Nord	Limonade	Modelaire Elminor
7 Ecole Maria Montessori	Nord	Limonade	Gesner Dieudonne
8 Ecole Eben-Ezer de Limonade	Nord	Limonade	P. Jecton Cerant
9 E.N.A.L.M Sabanon	Nord	Limonde	Jany Charles
10 Collège Evangélique Nouvelle Espérance	Nord	Limonde	René Julcoeur
11 Oeuvre humanitaire de Bois de Lance	Nord	Limonade	Décès Bien-Aimé
12 Ecole Nationale Eudes Jn Baptiste	Nord	Limonade	Jean Marie Charles
14 Ecole Nationale Claudius Codada	Nord	Limonade	Obéi Tony
15 Ecole Nationale de Cahess	Nord-Est	Caracol	Morisseau Augustin
16 S.E.H	Nord-Est	Caracol	Jean Mirvil
17 Rayaume des Petits	Nord_Est	Trou du Nord	Marseille Vernet
18 Ecole Nationale Jn Price Mars	Nord-Est	Trou du Nord	Eline Saint-Cléris
19 Ecole Nationale de Garcin	Nord-Est	Trou du Nord	Pierre Harry Jean Baptiste
20 Ecole Nationale de Devarenes	Nord-Est	Trou du Nord	Ida Fénélus
21 Collège Eben-Ezer de Trou-du-Nord	Nord-Est	Trou du Nord	Fellippe Elie
22 Nationale de Pister	Nord	Limonade	Moise Lesly

# Sa ki nan liv la

Premye koze .....	3	Leson 70 .....	139
Alfabè.....	13	Leson 71 .....	144
Konsèy pou mèt yo.....	15	Leson 72 .....	150
Leson 46 .....	16	Leson 73 .....	156
Leson 47 .....	22	Leson 74 .....	162
Leson 48 .....	28	Leson 75 .....	168
Leson 49 .....	34	Leson 76 .....	174
Leson 50 .....	40	Leson 77 .....	180
Leson 51 .....	46	Leson 78 .....	188
Leson 52 .....	52	Leson 79 .....	192
Leson 53 .....	58	Leson 80 .....	197
Leson 54 .....	64	Leson 81 .....	202
Leson 55 .....	70	Leson 82 .....	207
Leson 56 .....	76	Leson 83 .....	212
Leson 57 .....	81	Leson 84 .....	217
Leson 58 .....	85	Leson 85 .....	222
Leson 59 .....	90	Leson 86 .....	227
Leson 60 .....	94	Leson 87 .....	230
Leson 61 .....	99	Leson 88 .....	234
Leson 62 .....	103	Leson 89 .....	237
Leson 63 .....	108	Leson 90 .....	241
Leson 64 .....	112	Leson 91 .....	245
Leson 65 .....	117	Leson 92 .....	248
Leson 66 .....	121	Leson 93 .....	251
Leson 67 .....	126	Leson 94 .....	254
Leson 68 .....	130	Leson 95 .....	257
Leson 69 .....	135		

## Premye koze

Pwogram ToTAL (**Tout timoun ap li**) jwenn finansman nan men USAID pou kore Ministè Edikasyon Nasional ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) nan efò l ap fè pou amelyore konpetans lekti elèv ki nan premye sik lekòl fondamantal.

Metòd « **Map li nèt ale** » a se yon metòd ansèyman lekti ki itilize lang kreyòl pou devlope konpetans lekti elèv yo. Li pèmèt timoun yo aprann li ak ekri byen. Li chita sou senk poto mitan : konsans fonemik, prensip alfabet, flyidite, vokabilè ak konpreyansyon. Poto mitan sa yo ap ede timoun yo konprann, reflechi epi eksprime lide yo sou sa yo li.

Metòd la respekte objektif Ministè a (MENFP) defini nan kourikoulòm premye sik lekòl fondamantal la pou ansèyman kreyòl.

### I. Demach pedagojik

Metòd « **Map li nèt ale** » a chita sou prensip pedagoji aktiv. Sa vle di li suiv yon apwòch patisipativ kote pwosesis ansèyman-aprantisaj la santré sou elèv yo. Yon apwòch konsa facilite entèrakson pwofesè-elèv, elèv-elèv. Konsa elèv yo vin premye aktè nan pwosesis aprantisaj la. Sa pèmèt yo aprann pi byen epi devlope kapasite pou yo sèvi ak konesans yo.

Pou apwòch patisipativ sa a fonksyone byen nou itilize plizyè estrateji, tankou :

#### 1. Modelizasyon

Li pèmèt anseyan an bay egzamp, akonpaye elèv yo anvan li ba yo chans fè egzèsis poukонт yo. Li genyen yon entwodiksyon, yon modèl (tou pam), yon egzèsis sou kontwòl anseyan an (ann fè l ansanm) ak yon egzèsis san kontwòl anseyan an (tou pa nou).

#### 2. Kòmantè sou fòmasyon/ Fidbak

Nan metòd **Map li nèt ale** a li enpòtan anpil pou anseyan yo toujou pran tan pou yo fè kòmantè pou elèv yo sou sa yo aprann. Kòmantè anseyan an bay pandan fòmasyon an gen rapò egzakteman ak sa yon elèv fè byen oubyen sa li pa fin fè byen.

#### 3. Travay de pa de

Youn nan estrateji ki enpòtan nan metòd la se travay de pa de. Sa pèmèt timoun yo aprann dyaloge ak kamarad yo sou yon kesyon mèt la poze. Sa fè plis elèv patisipe nan aktivite yo.

### II. Jan metòd la aplike

Nan aplikasyon metòd sa a n ap itilize twa dokiman : gid mèt, liv elèv ak kaye egzèsis. Twa dokiman sa yo maché ansanm.

#### 1. Gid mèt la

Nan gid mèt la nou jwenn 150 leson antou ki repati an 3 tòm. Nan chak tòm yo nou itilize yon seri estrateji pou konpreyansyon nan lekti. Chak estrateji jwe yon wòl espesifik nan pwosesis aprantisaj la. Estrateji yo ede elèv yo : devlope imajinasyon yo (**vizualizasyon, prediksyon**), jwenn enfòmasyon (**eksplisit, enplisit**), dekouvrir rapò **pwonon/ detèminan posesif genyen ak non**, jwenn lòd kwonolojik ak karaktè pèsonaj nan yon istwa (**sekans, karaktè pèsonaj**).

# Premye koze

Men ki sa n ap jwenn anndan chak tòm :

a. Premye tòm nan gen 45 leson :

- 20 leson vizualizasyon
- 20 leson pediksyon
- 5 leson revizyon.

b. Dezyèm tòm nan gen 50 leson :

- 10 leson enfòmasyon eksplisit
- 15 leson enfòmasyon enplisit (enferans)
- 15 leson pwonon/ detèminan posesif
- 10 leson revizyon

c. Twazyèm tòm nan gen 55 leson :

- 20 leson sekans
- 20 leson karaktè pèsonaj
- 15 leson revizyon

N.b.- Anplis estrateji nou sot site yo, nou devlope 6 leson sou teyat. Objektif leson sa yo se : devlope langaj elèv yo, ankoraje kreyativite ak dekouvri talan yo.

## 2. Liv elèv

Nan liv elèv la nou jwenn 150 leson antou. Lezon yo koresponn ak estrateji ki devlope nan gid mèt la. Men ki jan leson yo òganize nan liv la :

- Tèm leson an
- Kontin/ devinèt
- 2 ti desen ki mache ak tèm nan oubyen ak istwa a
- Liy zaboka a pou lekti mo
- Liy melon pou lekti fraz
- Liy kreyon pou revizyon mo
- Liy gòm pou revizyon fraz
- Istwa a ak kesyon yo
- Desen ki mache ak istwa a

## 3. Kaye egzèsis

**Kaye egzèsis** a genyen divès kalite egzèsis ki koresponn ak estrateji ki devlope nan gid mèt la. Egzèsis sa yo bay elèv yo posiblite aplike nosyon yo aprann nan leson yo. Pi fò egzèsis yo fèt sou vokabilè, ekriti ak pwodiksyon.

## III. Evalyasyon

Nan metòd **M ap li n èt ale** a nou itilize evalyasyon fòmativ. Li fèt 3 fason.

a. Nan chak leson, pwofesè a bay fidbak pou apresye epi korije travay elèv yo pandan tout pwosesis ansèy-man an.

b. Apre chak 5 leson, pwofesè a fè yon seri aktivite pou mezire nan ki nivo elèv yo konprann sa ki fèt nan leson an.

c. Gen 4 peryòd revizyon. Nan yo chak, pwofesè a ap jwenn yon seri egzèsis ki ba li mwayen pou li mezire pèfòmans elèv yo apre yon kantite leson.

**IV. Tablo pwogresyon Tòm 2**

TABLO PWOGRESYON TÒM 2					
Estrateji	Leson	Tèm/ valè	Vokabilè	Tit istwa	Sa ki nan lesон an
ENFÒMASYON EKSPLIST	46	Fi ak gason ka gen menm metye	Chofè, taksi, machin, Channmas, kondui, wout, woulib	Yon chofè taksi	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Ekri fraz, Aktivite revèy, Vokabilè, Imajine pou konprann, Koute istwa, Verifye prediksyon, Koute byen epi reponn ak pous nou, Sa nou te aprann nan lesон jodi a
	47	M ap amize mwen byen pandan vakans	Marèl, plaj, vakans, epòk, akolad, epòk	Wee, men vakans !	Kontin, Li mo vit, Li fraz, Ekri fraz, Aktivite revèy, Vokabilè, Prediksyon, Li itswa pou jwenn enfòmasyon, Li istwa, Verifye prediksyon, Koute byen epi fè bon
	48	M ap aprann istwa peyi mwen	Espanyòl, endyen, End, dosil, ofri, lò, rivyè	Moso listwa	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Ekri fraz, Aktivite revèy, Vokabilè, Prediksyon, Koute itswa pou jwenn enfòmasyon, Koute istwa, Verifye prediksyon, Koute byen epi reponn ak pous nou, Sa nou te aprann nan lesон jodi a
	49	M ap itil menm nan moman difisil	Boutik, alimèt, lasigal, lanp, mize, zandolit	Yon ti fi saj	Kontin, Li mo vit, Li fraz, Ekri fraz, Aktivite revèy, Vokabilè, Prediksyon, Li itswa pou jwenn enfòmasyon, Li istwa, Verifye prediksyon, Koute byen epi fè bon mouvman an, Sa nou te aprann nan lesон jodi a
	50	M ap reyisi ak anpil pasyans	Plante, pasyans, traka, boukannen, rekòlte, bonè, foumi	Plante mayi	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Ekri fraz, Aktivite revèy, Vokabilè, Revizyon mo vokabilè, Imajine pou konprann = Prediksyon, Koute itswa pou jwenn enfòmasyon, Koute istwa, Verifye prediksyon, Koute byen epi reponn ak pous nou, Sa nou te aprann nan lesон jodi a

**TABLO PWOGRESYON TÒM 2**

ENFÖMASYON EKSPLISIT	51	Menm si m piti mwen ka itil	Sak, mache, pri, lakay, ranpli	Tout moun sezi	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li epi ekri fraz, Vokabilè, Prediksyon (Prediksyon dapre tit, prediksyon dapre desen) Li istwa pou jwenn enfòmasyon, Li istwa , Verifye prediksyon, Koute byen fè bon mouvman an, Sa nou te aprann nan lesон jodi a,
	52	Mwen apresye kado mwen resevwa	Poupe, kado, chagren, lajwa, koud, kay	Yon kado san parèy	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Ekri fraz, Aktivite revèy, Vokabilè, Prediksyon, Koute itswa pou jwenn enfòmasyon, Koute istwa, Verifye prediksyon, Koute byen epi reponn ak pou nou, Sa nou te aprann nan lesон jodi a
	53	M ap resevwa zanmi m byen lakay mwen	Salon, kay, jaden, mabouya, moman, ansanm	Yon vizit	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li epi ekri fraz, Vokabilè, Imajine pou konprann (Prediksyon dapre tit, Prediksyon dapre desen) li istwa pou jwenn enfòmasyon) Li istwa, Verifye prediksyon, koute byen epi fè bon mouvman an, Sa nou te aprann nan lesон jodi a,
	54	M ap antann mwen ak tout moun	Òganize, kominote, konfyans, joudlan, dakò, debake, flè	Yon bél antant	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Ekri fraz, Aktivite revèy, Vokabilè, Prediksyon, Koute itswa pou jwenn enfòmasyon, Koute istwa, Verifye prediksyon, Koute byen epi reponn ak pou nou, Sa nou te aprann nan lesон jodi a
	55	M ap fè espò pou m ka viv an sante	Ekip, espò, sante, mesyedam, katye.	An nou fè espò	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li epi ekri fraz, Vokabilè, Imajine pou konprann (Prediksyon dapre tit, prediksyon dapre desen) Li istwa pou jwenn enfòmasyon, Li istwa , Verifye prediksyon, Koute byen epi fè bon mouvman an, Sa nou te aprann nan lesон jodi a,

TABLO PWOGRESYON TÒM 2					
ENFÒMASYON ENPLISIT (Enferans)	56	Kilti peyi m rich anpil	Endepandans, maren, soup, joumou, kay, konprès	Marenn ak fiyèl	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Ekri fraz, Aktivite revèy, Vokabilè, Prediksyon, Koute itswa pou jwenn enfòmasyon, Koute istwa, Verifye prediksyon, Koute byen epi reponn ak pous nou, Sa nou te aprann nan lesion jodi a
	57	Zwazo gen plas yo nan lanati	Seche, glasi, madansara, pèlen, kouri	Kalo ak Madan sara yo	Kontin, Li mo vit, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy Imajine pou konprann (Prediksyon daprè tit, Vizyalizasyon) Li istwa (Li istwa pou jwenn enfòmasyon, Li istwa annantye) , Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon, Sa nou te aprann nan lesion jodi a,
	58	Mwen ka ede moun ak yon bon jès	Pasajè, vakans, zile, vwalye, lanm, dlo, vwal	Tèt ansanm	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Ekri fraz, Aktivite revèy, Vokabilè, Prediksyon, Koute itswa pou jwenn enfòmasyon, Koute istwa, Verifye prediksyon, Koute byen epi reponn ak pous nou, Sa nou te aprann nan lesion jodi a
	59	M ap kenbe sous dlo yo pwòp	Sous, cheval, pipi, kontraye, sal, malad, zòn	Sous dlo	Kontin, Li mo vit, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, Imajine pou konprann (Prediksyon daprè tit, Vizyalizasyon) Li istwa (Li istwa pou jwenn enfòmasyon, Li istwa annantye) , Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon, Sa nou te aprann nan lesion jodi a,
	60	M ap respekte tout sa zansèt mwen yo kite	Zansèt, kanno, fò, zèv, loray, lapli, mouye	Fò Jak	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Ekri fraz, Aktivite revèy, Vokabilè, Prediksyon, Koute itswa pou jwenn enfòmasyon, Koute istwa, Verifye prediksyon, Koute byen epi reponn ak pous nou, Sa nou te aprann nan lesion jodi a

**TABLO PWOGRESYON TÒM 2**

ENFÒMASYON ENPLISIT (Enferans)	61	Mwen renmen tande pawòl gramoun yo	Bouk, dodin, aswè , chita, rakonte, pwofesè	Kay pè Katò	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li epi ekri fraz, Vokabilè, aktivite revèy, Imajine pou konprann (Prediksyon daprè tit, Vizyalizasyon) Lekti istwa (Lekti istwa pou jwenn enfòmasyon, Li istwa annantye), Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon, Sa nou te aprann nan lesон jodi a,
	62	Lòd ak disiplin ka fè m viv pi byen	Lòd, disiplin, sandal, chosèt, inifòm, atè, gaye, chèche	Lòd se bèl bagay	Kontin, Li mo vit, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy Imajine pou konprann (Prediksyon dapre tit, Vizyalizasyon) Koute istwa (koute istwa pou jwenn enfòmasyon, Koute istwa annantye) , Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon, Sa nou aprann nan lesон jodi a,
	63	Viv byen ak moun, pa gen tankou sa	Tonèl, bale, chodyè, asyèt, patisipe, konbit, lakou	Ratisya, vye rat la	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, Imajine pou konprann (Prediksyon dapre tit, Vizyalizasyon) Lekti istwa (lekti istwa pou jwenn enfòmasyon, Li istwa annantye, Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon , Sa nou te aprann nan lesон jodi a,
	64	Mwen p ap fè twòp bri nan katye mwen	Mizisyen, mizik, twonpèt, soufle, dòmi, deranje	An n viv ansanm	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, Imajine pou konprann (Prediksyon daprè tit, Vizyalizasyon) koute istwa pou jwenn enfòmasyon, Koute istwa, Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon , Sa nou te aprann nan lesон jodi a,
	65	M ap li pou m ka aprann pi byen	Lekti, ekri, kontakte, lapli, zanmi, tonbe, jounen	Fedya renmen lekòl	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, Imajine pou konprann (Prediksyon dapre tit, Vizyalizasyon) Lekti istwa pou jwenn enfòmasyon, Li istwa annantye , Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon, Sa nou te aprann nan lesон jodi a,

TABLO PWOGRESYON TÒM 2					
ENFÒMASYON ENPLISIT (Enferans)	66	Kit se bète kit se moun, m ap ede yo	Bokit, pi, tòti, leti, kòd, do	Toujou fè byen	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li epi ekri fraz, Vokabilè, Revizyon mo vokabilè, Imajine pou konprann (Prediksyon daprè tit, Vizyalizasyon) Koute istwa (koute istwa pou jwenn enfòmasyon, Koute istwa ann antye), Ekri fraz pou reflechi, , Sa nou te aprann nan lesон jodi a,
	67	M ap mete ladrès nan tout sa m ap fè	Don, lisaj, Katye, pouse, entelijans, reyisi	Bon men	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, Prediksyon (Prediksyon dapre tit, vizyalisasyon) Lekti istwa pou jwenn enfòmasyon, Li istwa annantye , Verifye prediksyon, Koute byen fè bon mouvman an, Sa nou te aprann nan lesон jodi a,
	68	M ap fè atansyon nan sa m ap manje nan lari	Izin, pwela, machann, fresco, glas, dlo, dyare	Kifkif	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Vokabilè, Imajine pou konprann Koute istwa, Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon, Sa nou te aprann nan lesон jodi a,
	69	Tout metye itil	Kòdonye, kòl, kui, materyo, soulye, chire	Yon bon bòs kòdonye	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Vokabilè, Imajine pou konprann , Lekti istwa , Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon, Sa nou te aprann nan lesон jodi a,
	70	Otorite yo la pou mete antant	kominal, sitwayen diskisyon, antann, kazèk, konsta	Yon bon kazèk	Kontin, Marye son pou fòme mo, Li mo vit, Li fraz, Aktivite revèy, Vokabilè, Imajine pou konprann, koute istwa, Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon, sa nou te aprann nan lesон jodi a

**TABLO PWOGRESYON TÒM 2**

REPRIZ MO AK PWONON/ DETÈMINAN POSESIF

	71	Zwazo yo se pa m, m ap pran swen yo	Plimay, kontanple, poze, tako, simen, mayi	Titin renmen zwazo	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy , Mo ki ranplase non nan fraz, Li istwa.
	72	Onè respè pou zansèt mwen yo	Drapo, zansèt, kokad, make, pa, chante, ran	Fèt drapo	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy , Enferans pwonon nan fraz (egzanp), Enferans pwonon nan fraz, Li istwa.
	73	M ap pataje sa mwen konnen ak lòt moun	Kap, toupi, bòs, teknik, machin, bwat, mamit	Anndi konn pataje	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy , Enferans pwonon nan fraz (egzanp), Enferans pwonon nan fraz, Li istwa.
	74	M ap kenbe lari a pwòp	Salon, fatra, jete, lari, pwòp	Kenbe lari a pwòp	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy , Enferans pwonon nan fraz (egzanp), Enferans pwonon nan fraz, Li istwa.
	75	M ap viv byen ak moun	Kiltivatè, fouye, jaden, patat, kliyan, makout	Patat tisavyen	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy , Mo ki ranplase non nan fraz, Li istwa, Koute byen epi reponn, .
	76	M ap travay byen lekòl pou mwen ka sèvi peyi mwen	Lekòl, komiminote, lwen, li, pawòl, enpòtans	Klodèt pa bay vag	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy , Enferans pwonon nan fraz (egzanp), Enferans pwonon nan fraz, Li istwa.
	77	M ap pran tout moun ki aji byen kòm modèl	Pwofesè, lekòl, madmwazèl, ekri, li, klas, modèl	Yon bon modèl	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy , Enferans pwonon nan fraz (egzanp), Li istwa.
	78	Mwen pral kay doktè lè mwen malad	Lafyèv, malarya, asowosi, lopital, doktè, medikaman	Yon bon konsèy	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy , Enferans pwonon nan fraz (egzanp), Li istwa
	79	Ale lekòl, ala bon sa bon pou mwen	Lekòl, edikasyon, klas, inifòm, kondisip, bibliyotèk	Yon bon lide	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, detèminan posesif nan fraz (egzanp), detèminan posesif nan fraz, Li istwa
	80	Tout sa ki sou té a ak nan syèl la se zanmi nou	Syèl, lapli, loray, tonbe, peyizan, rekòt	Ti nyaj	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, detèminan posesif nan fraz (egzanp), detèminan posesif nan fraz, Li istwa



TABLO PWOGRESYON TÒM 2					
REPRIZ MO AK PWONON/ DETÈMINAN POSESIF	81	M ap sèvi ak fòs mwen pou mwen ede lòt yo	Brital, sèvis, gwo sèvis, bibit, piti, pwoteje	Gwo bibit	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, detèminan posesif nan fraz (egzanp), detèminan posesif nan fraz, Li istwa
	82	Move tan pa dwe dekorajem	Kannòt, file, lanmè, peche, pwason, fêt	De pechè	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, detèminan posesif nan fraz (egzanp), detèminan posesif nan fraz, Li istwa
	83	M ap toujou di laverite	Lanmè, benyen, boukannen, pwason, manti, sezi, wont	Dòval pa bay manti ankò	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, detèminan posesif nan fraz (egzanp), detèminan posesif nan fraz, Li istwa
	84	Li bon pou mwen konnen moun k ap viv sou katye mwen	Fènwa, sezi, pè, kriye, menmen, lakay	Matid, yon ti fi sèvyab	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, detèminan posesif nan fraz (egzanp), detèminan posesif nan fraz, Li istwa
	85	M ap apresye ak respekte sa lòt moun ka fè	Foutbòl, fanatic, trible, chenè, match, gòl, jwè	Se pa toujou mwen	Devinèt, Li mo vit e byen, Li fraz, Vokabilè, Aktivite revèy, detèminan posesif nan fraz (egzanp), detèminan posesif nan fraz, Li istwa
	86	Mwen dwe sonje byen yon moun fè pou mwen	Revizyon	Toujou fè byen	Devinèt, Revizyon : li fraz, Revizyon: vokabilè, Aktivite revèy, Koute istwa pou reponn kesyon, Kesyon / Evalyasyon, Sa nou te aprann nan leson jodi a.
REVIZYON	87	Men nan men n ap rive pi lwen	Bourèt, anbyans, netwaye, Poubèl, sabliye, detann,	Yon bèle jès	Kontin, Revizyon : li mo, Revizyon : li fraz, Revizyon : Ekri mo ak fraz, Revizyon Vokabilè, Li istwa pou reponn kesyon, Evalyasyon, Sa nou te revize nan leson jodi a
	88	M ap aprann lòt moun nan sa mwen konnen	Revizyon	Didi, ala yon bon mèt	Kontin, Revizyon : li fraz, Revizyon: vokabilè, Mo ki ranplase non nan fraz, Li istwa pou reponn kesyon, Pataje sa nou li, Kesyon / Evalyasyon, Sa nou te aprann nan leson jodi a.




**TABLO PWOGRESYON TÒM 2**

REVIZYON	89	M ap ankouraje zanmi mwen yo etidye	Revizyon	Nadya renmen lekòl	Devinèt, Revizyon : li fraz, Revizyon: vokabilè, Detèminan posesif nan fraz (egzamp), Revizyon : detèminan posesif nan fraz, Li istwa, Keson / Evalyasyon, Sa nou te aprann nan lesion jodi a.
	90	Drapo peyi m se fyète m, m ap respekte l	Revizyon	Dat ki fè fyète nou	Kontin, Revizyon : li fraz, Revizyon: vokabilè, Prediksyon, Li istwa pou jwenn enfòmasyon, Li istwa, Verifye prediksyon, Egzèsis nan kaye, Sa nou te aprann nan lesion jodi a.
	91	M ap koute konsèy granmoun yo	Revizyon	Yon bon richès	Devinèt, Revizyon : li fraz, Revizyon: vokabilè, Aktivite revèy, Imagin pou konprann, Lekti istwa, Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon, Sa nou te aprann nan lesion jodi a.
	92	Salye moun se lizaj, m ap salye tout moun	Revizyon	Yon ti gason saj	Kontin, Revizyon : li fraz, Revizyon: vokabilè, Mo ki ranplase non nan fraz, Aktivite revèy, Li istwa pou reponn kesyon, Keson / Evalyasyon, Sa nou te aprann nan lesion jodi a.
	93	M ap pran bon jan prekosyon pou mwen pa trape maladi mikwòb ka bay	Revizyon	Anayiz gen lijyèn	Devinèt, Revizyon : li fraz, Revizyon: vokabilè, Revizyon pwonon/ deteminan posesif, Aktivite revèy, Li istwa, Keson/ Evalyasyon, Sa nou te aprann nan lesion jodi a.
	94	Pyebwa se pwoteksyon lanati, mwen p ap koupe yo	Teyat	Teyat	Kontin, Jwèt wòl nan pyès teyat, Li istwa ansanm, Li istwa de pa de, Jwe pyès teyat la, Keson/ Evalyasyon, Sa nou te aprann nan lesion jodi a.
	95	Pyebwa se pwoteksyon lanati, mwen p ap koupe yo	Teyat	Teyat	Kontin, Jwèt wòl nan pyès teyat, Li istwa ansanm, Li istwa twa pa twa, Jwe pyès teyat la, Keson/ Evalyasyon, Sa nou te aprann nan lesion jodi a.

Tout Timoun Ap Li (ToTAL)

# Kaye ekriti kreyòl





## **Konsèy pou mèt yo**

### **Anvan prezantasyon lesон an :**

- Pran yon ti tan pou w byen li objektif espesifik pou chak estrateji ki mache ak lesон ou pral fè a.
- Pran yon ti tan pou w byen **li** ak **prepare** lesон ou pral fè a.
- Li tout konsiy ki pou ou yo. **[Toujou sonje konsiy ki pou ou yo toujou nan mitan de kwochè]**
- Prepare tout materyèl w ap bezwen pou lesон an (liv elèv yo, kaye ekriti a, règ, kreyon ak lòt materyèl ki nesesè pandan prezantasyon lesон an.)
- Distribye liv ak kaye ekriti yo bay tout elèv anvan ou kòmanse lesон an. (elèv yo ap itilize yo sèlman lè ou mande yo fè sa.)
- Ekri sou tablo a nimewo lesон an ak paj lesон jou a.
- Verifye si elèv yo genyen lòt materyèl tankou kreyon, gòm, règ, tay kreyon.
- Mande elèv yo ekri non yo sou kaye egzèsis la.

### **Pandan lesон an :**

- Ankouraje elèv yo patisipe nan aktivite lesон yo.
- Toujou mete anpil gete nan fason w ap fè lesон an.
- Chwazi menm kantite ti fi ak ti gason ( $f = g$ ) pou reponn kesyon yo.
- Chwazi elèv toupatou nan klas la : devan, nan mitan ak dèyè (d / m / d).
- Korije repons elèv yo lè sa nesesè (w ap di : « Se sa » oswa « se pa sa » jan nou aprann sa nan fòmasyon an.)
- Mache nan klas la pou verifye si elèv yo ap byen egzekite konsiy yo lè sa nesesè.
- Ede elèv ki gen difikilte yo pou yo rive byen fè aktivite yo.
- Mete w nan yon bon pozisyon lè w ap ekri sou tablo a pou fasilité elèv yo suiv sa w ap fè a.
- Di devinèt yo nan bon ton.
- Li istwa ak kontin yo nan bon ton.
- Li konsiy yo byen pou fasilité konpreyansyon timoun yo.
- Li konsiy ki nan kaye yo ansanm ak timoun yo
- Mande elèv yo fè kèk jès ki mache ak sa ki di nan kontin yo.
- Veye pou pa gen twòp dezòd pandan w ap fè aktivite yo.
- Respekte tan ki rezève pou chak aktivite nan lesон an.

### **Apre lesон an :**

- **Felisite elèv yo pou patisipasyon yo nan lesон an.**
- Sonje ranmase liv ak kaye egzèsis yo epi mande elèv yo rantre lòt materyèl yo. (gòm, règ, kreyon...)
- Ranje tout lòt materyèl ki te itilize pandan lesон an nan plas yo. (Liv elèv, kaye egzèsis, postè, liv mèt la.)
- **Pran yon ti tan pou korije kaye elèv yo.** Sa pral pèmèt ou konnen ki kantite elèv ki te byen konprann sa ki te fèt nan lesон an.

## TÈM LESON AN : Fi ak gason ka gen menm metye

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Fi tankou gason**

**Ka kondui yon gwo kamyon.**

**Fi tankou gason**

**Ka koud yon pantalon.**

**Fi tankou gason**

**Ka fè malad jwenn gerizon.**

**Fi tankou gason**

**Ka gen nenpòt metye.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Fi ak gason ka gen menm metye.**

[Mande elèv yo repepe tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

Tèm lesон jodi a fè nou panse fi dwe gen menm chans ak gason pou yo aprann metye yo pi pito.

Aktivite 1

### Marye son pou fòme mo (4 minit)

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m

[Ekri mo a sou tablo a.]

– /v/ /a/ /l/ /e/ /r/ /i/ = Valeri

An n fè l ansanm

– /v/ /a/ /l/ /e/ /r/ /i/ = Valeri

Tou pa nou

– /v/ /a/ /l/ /e/ /r/ /i/ = Valeri

An n kontinye ak kèk lòt mo :

[Ekri mo sa yo sou tablo a.]  
**kondui – wotè – taksi – wout**

**Aktivite 2    Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesion 46 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 3    Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 4    Ekri fraz (7 minit)****a. Relye gwoup mo pou fè fraz**

Kounye a, nou pral sèvi ak de gwoup mo pou nou fòme yon fraz. N ap fè yon flèch soti nan chak gwoup mo ki nan **kolòn goch la** pou rive nan gwoup mo ki mache ak li nan **kolòn dwat la**. Apre sa n ap ekri chak fraz nou fòme sou liy kaye egzèsis nou. Ale nan egzèsis # 1 an.

Tou pa m

**[Mete egzèsis la sou tablo a.****Apri sa fè premye egzanp la.****Di :]**

- M ap kòmanse ak premye gwoup mo ki nan **kolòn goch la**. Premye gwoup mo a se : **Sè Kristèl la**.
  - Apri sa, mwen pral nan **kolòn dwat la**. Mwen pral chèche lòt gwoup mo k ap fòme yon fraz kòrèk lè mwen relye li ak **Sè Kristèl la**.
  - Gwoup mo a se **konn ranje machin**.
  - M ap fè yon flèch soti nan **Sè Kristèl la** rive nan **konn ranje machin**.
- Fraz la se : **Sè Kristèl la konn ranje machin**.
- M ap ekri fraz la. **[Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri nan kaye yo.]**

An n fè l'ansanm

**[Di :]**

- Swiv egzèsis la byen nan kaye nou. N ap kòmanse ak premye gwoup mo ki nan **kolòn goch la**. Premye gwoup mo a se : **Sè Kristèl la**.
  - Apri sa, nou pral nan **kolòn dwat la**. Nou pral chèche lòt gwoup mo k ap fòme yon fraz kòrèk lè nou relye li ak **Sè Kristèl la**.
  - Gwoup mo a se **konn ranje machin**. N ap fè yon flèch soti nan **Sè Kristèl la** rive nan **konn ranje machin**.
  - Fraz la se : **Sè Kristèl la konn ranje machin**.
  - An n ekri fraz la.
- [Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri nan kaye yo.]**

Tou pa nou

**[Di :]**

- Fè yon flèch soti nan yon gwoup mo ki nan **kolòn goch** rive nan yon lòt gwoup mo ki nan **kolòn dwat**. Lè nou mete de gwoup mo yo ansanm yo dwe fè yon fraz ki gen sans.
  - Apri sa ekri fraz la nan kaye egzèsis nou.
  - Kontinye fè egzèsis la nan kaye a.
- [Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Verifye sa y ap fè epi ba yo fidbak.]**

# LESON 46

## b. Ekri byen

Kounye a, nou pral ekri fraz annantye. Chak fwa mwen li yon fraz, n ap ekri li nan kaye egzèsis nou pandan n ap di chak mo ki nan fraz la. Ale nan egzèsis # 2 a.

Tou pa m

- Fraz la se : **Chofè sa a kondui byen.**
- M ap di mo yo pandan m ap ekri fraz la.  
*[Ekri fraz la sou table a.]*

An n fè l ansanm

- Fraz la se : **Chofè sa a kondui byen.**
- An nou di mo yo pandan n ap ekri fraz la.  
*[Ekri fraz la sou table a pandan elèv yo ap ekri nan kaye egzèsis yo.]*

Tou pa nou

- Koute fraz la : **Jinèt ap jwe boul.**
- Di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
- An nou kontinye ak yon lòt fraz.  
**Jan ap bale lakou a.**  
*[Li fraz yo 2 fwa epi bay timoun yo tan pou yo ekri. Pase verifye epi bay fidbak.]*

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 5

## Aktivite vokabilè (10 minit)

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : chofè

1. Leve men nou si nou konnen mo **chofè**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **chofè** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **chofè** vle di : **Moun ki fè metye kondui machin.**  
**Egzanp : Masèl se chofè kamyon.**
4. Kilès ki ka di m non kèk lòt metye li konnen ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **chofè**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

### b. Dezyèm mo a se : taksi

1. Leve men nou si nou konnen mo **taksi**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **taksi** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **taksi** vle di : **Machin ki sèvi pou transpòte moun pou lajan.**  
**Egzanp : Taksi Woje a chaje ak moun.**
4. Kilès ki ka di m pou ki sa moun pran **taksi** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **taksi**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Retounen nan kaye a. Ale nan paj leson 46 la pou nou fè egzèsis # 3 a.

#### Aktivite 6 **Imajine pou konprann (5 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

##### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]*

Tit istwa jodi a, se : **Yon chofè taksi**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

##### b. Vizualizasyon : Yon sèl mo

Nou pral fè imajinasyon nou travay sou yon mo.

*Tou pa m*

- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **taksi**.
  - Mwen wè yon **taksi**, yon machin nwa ki gen plizyè moun ladan l.
- [Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo **taksi**.]*

*An n fè l ansanm*

- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **taksi**. Chak moun ka imajine **taksi** a nan fason pa li.
- [Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo **taksi** a. Apre saidi :]*

- Mwen menm, mwen wè yon **taksi** nwa ki gen plizyè moun ladan l.

- E nou memm ? Ki sa nou te imajine sou mo **taksi** ?

*[Chwazi yon elèv epi di :]*

Ki jan ou wè **taksi** a ye ?

*[Chwazi yon lòt elèv epi di :]*

Ki sa ou wè nan **taksi** a ?

*Se tou pa nou*

- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **chofè**.
  - N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki sa l ap fè.
  - Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **chofè**.
- [Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo **chofè**. Apre saidi :]*

- Di kamarak ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **chofè**.

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo **chofè**. Chak elèv ka imajine **chofè** a nan fason pa li.]*

## Aktivite 7 Koute itswa (8 minit)

### a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon

Mwen pral li yon istwa pou nou moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Valeri, se yon chofè taksi. Li mens, li kondui byen.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] De kilès istwa a pale ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Istwa a pale de Valeri.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Yon samdi, pandan I ap soti Dèlma, yon mesye bèl wotè rete li. Li monte taksi a.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki bò li te soti ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Li te sòti Dèlma.</p>
	<p>[Li moso istwa a ankò ansanm ak elèv yo epi mande yo :] Ki lè sa te pase ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Sa te pase yon samdi.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Lè mesye a rive Channmas li desann, li pa peye. Valeri desann machin nan. Li pase devan mesye a epi li di : « Apa ou pa peye m ! »</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki sa ki pase lè taksi a rive Channmas ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Lè taksi a rive Channmas mesye bèl wotè a desann machin nan li pa peye.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Mesye a di : « Se woulib ou te ban mwen paske fi pa konn fè taksi. » Valeri reponn : « Fi ak gason gen menm dwa pou yo travay. » Mesye a etone. Apre yon ti moman, li felisite Valeri epi li peye taksi a kòm sa dwa.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Pou ki sa mesye a pa t vle peye Valeri ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Paske li panse fi pa konn fè taksi. Li panse se woulib Valeri te ba li.</p>

**b. Koute istwa a annantye**

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

**Yon chofè taksi**

**Valeri, se yon chofè taksi. Li mens, li kondui byen. Yon samdi, pandan l ap soti Delma, yon mesye b èl wotè rete li. Li monte taksi a. L è mesye a rive Channmas li desann, li pa peye. Valeri desann machin nan. Li pase devan mesye a epi li di : « Apa ou pa peye m ! » Mesye a di : « Se woulib ou te ban mwen paske fi pa konn f è taksi. » Valeri reponn : « Fi ak gason gen menm dwa pou yo travay. » Mesye a etone. Apre yon ti moman, li felisite Valeri epi li peye taksi a kòm sa dwa.**

**Aktivite 8 Verifye prediksyon**

Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou koute istwa a. **[F è yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.]**
2. Ki elèv ki ka di m kilès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ? **[Chwazi 4 elèv, 2 ti fi ak 2 ti gason epi bay fidbak pou chak repons.]**

**Aktivite 9 Koute byen epi reponn ak pou (3 minit)**

Mwen pral li k èk fraz youn apre lòt. L è fraz mwen li a mache ak istwa a leve pou nous anlè. L è fraz la pa mache ak istwa a mete pou nous t èt anba. Nou pare ?

1. Valeri t ap soti Delma. ↗
2. Mesye a desann machin nan ri Kristòf. ↗
3. Mesye a di Valeri fi pa konn f è taksi. ↗
4. Valeri di mesye a fi ak gason gen menm dwa. ↗
5. Mesye a ale san li pa peye Valeri. ↗

**Kesyon pa nou**

1. Eske nou konnen yon fi ki konn kondui taksi ?
2. Eske nou ta renmen konn kondui taksi ? Pou ki sa ?

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di t èm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo t èm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabil è nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabil è ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon b èl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt b èl ti istwa. Nou prale ansam vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap amize m byen pandan vakans

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Lè vakans rive,  
Mwen pa ka rete san bouje.  
Fòk mwen ale larivyè,  
Monte bekàn tout jounen,  
Vire, flannen, pwomennen  
Ala yon bél vakans m ap genyen !**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap amize m byen pandan vakans.**

[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou divès fason yon timoun ka amize li nan vakans san li pa deranje pèsonn.**

#### Aktivite 1 **Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 47 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

#### Aktivite 2 **Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

### Aktivite 3 **Ekri fraz (7 minit)**

#### a. Relye gwoup mo pou fè fraz

Kounye a, nou pral sèvi ak de gwoup mo pou nou fòme yon fraz. N ap fè yon flèch soti nan chak gwoup mo ki nan **kolòn goch la** pou rive nan gwoup mo ki mache ak li nan **kolòn dwat la**. Apre sa n ap ekri chak fraz nou fòme sou liy kaye egzèsis nou. Ale nan egzèsis # 1 an.

Tou pa m

[**Mete egzèsis la sou tablo a.**  
**Apre sa fè premye egzanp la.**

**Di :]**

- M ap kòmanse ak premye gwoup mo ki nan **kolòn goch la**. Premye gwoup mo a se : **Pipo ap jwe**.
  - Apre sa, mwen pral nan **kolòn dwat la**. Mwen pral chèche lòt gwoup mo k ap fòme yon fraz kòrèk lè mwen relye li ak **Pipo ap jwe**.
  - Gwoup mo a se **marèl nan lakou a.**
  - M ap fè yon flèch soti nan **Pipo ap jwe** rive nan **marèl nan lakou a.**
- Fraz la se : **Pipo ap jwe marèl nan lakou a.**
- M ap ekri fraz la. [**Ekri fraz la sou tablo a.**]

An n fè l'ansanm

**[Di :]**

- Swiv egzèsis la byen nan kaye nou. N ap kòmanse ak premye gwoup mo ki nan **kolòn goch la**. Premye gwoup mo a se : **Pipo ap jwe**.
  - Apre sa, nou pral nan **kolòn dwat la**. Nou pral chèche lòt gwoup mo k ap fòme yon fraz kòrèk lè nou relye li ak **Pipo ap jwe**.
  - Gwoup mo a se **marèl nan lakou a.** N ap fè yon flèch soti nan **Pipo ap jwe** rive nan **marèl nan lakou a.**
  - Fraz la se : **Pipo ap jwe marèl nan lakou a.**
  - An n ekri fraz la.
- [**Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri nan kaye yo.**]

Tou pa nou

**[Di :]**

- Fè yon flèch soti nan yon gwoup mo ki nan **kolòn goch** rive nan yon lòt gwoup mo ki nan **kolòn dwat**. Lè nou mete de gwoup mo yo ansanm yo dwe fè yon fraz ki gen sans.
  - Apre sa ekri fraz la nan kaye egzèsis nou.
  - Kontinye fè egzèsis la nan kaye a.
- [**Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Verifye sa y ap fè epi ba yo fidbak.**]

#### b. Ekri byen

Kounye a, nou pral ekri fraz annantye. Chak fwa mwen li yon fraz, n ap ekri li nan kaye egzèsis nou pandan n ap di chak mo ki nan fraz la. Ale nan egzèsis # 2 a.

Tou pa m

- Fraz la se : **Apre egzamen se vakans.**
  - M ap di mo yo pandan m ap ekri fraz la.
- [**Ekri fraz la sou tablo a.**]

An n fè l'ansanm

– Fraz la se : **Apre egzamen se vakans.**

- An nou di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
- [**Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri nan kaye egzèsis yo.**]

Tou pa nou

- Koute fraz la : **Pou vakans la, Jan fè espò.**
  - Di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
  - An nou kontinye ak yon lòt fraz.
- Kalin chita kay Nini an.**
- [**Li fraz yo 2 fwa epi bay timoun yo tan pou yo ekri. Pase verifye epi bay fidbak.**]

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 4 **Aktivite vokabilè (10 minit)**

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : marèl

1. Leve men nou si nou konnen mo **marèl**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **marèl** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **marèl** vle di : **Jwèt timoun yo jwe ak pye yo sou kare ki trase atè.**  
**Egzanp : Faniz ak Papouch ap jwe marèl.**
4. Kilès ki ka di m non kèk lòt jwèt li konnen ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **marèl**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### b. Dezyèm mo a se : plaj

1. Leve men nou si nou konnen mo **plaj**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **plaj** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **plaj** vle di : **Espas bò lanmè kote moun konn vin benyen.**  
**Egzanp : Chelo te ale benyen nan plaj samdi.**
4. Kilès ki ka pale m de yon **plaj** li konnen ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **plaj**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Retounen nan kaye a. Ale nan paj lesion 47 la pou nou fè egzèsis # 3 a.

**Aktivite 5    Imajine pou konprann (6 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

**a. Prediksyon dapre tit istwa a**

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]*

Tit istwa jodi a se : **Wee, men vakans !**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

**b. Prediksyon daprè desen**

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

[*Montre desen an epi di :]*

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

**Aktivite 6    Li itswa pou jwenn enfòmasyon (5 minit)**

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Apre chak moso istwa nou li, mwen pral poze nou kèk kesyon. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [<i>Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :</i>]</li> <li>– An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Vakans rive. Tout timoun kontan. Rita di Rene :</b> « <b>Ki sa w ap fè demen maten ?</b> ».</p>	<p>[<i>Apre sa mande elèv yo :</i>] De kilès istwa a pale ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p><b>R :</b> Istwa a pale de Rita ak Rene</p>

<ul style="list-style-type: none"> <li>– [<i>Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :</i>]</li> <li>– An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Rene reponn :</b> « <b>Mwen pral jwe marèl ak zanmi mwen yo. » Rita di :</b> « <b>Mwen menm mwen pral nan plaj ak manman m. »</b></p>	<p>[<i>Apre sa mande elèv yo :</i>] Ki bò Rita prale ak manman li ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p><b>R :</b> Rita prale nan plaj.</p>
---	--

# LESON 47

ISTWA

KESYON E REPONS

[*Li moso istwa a ankò ansanm ak elèv yo epi  
mande yo :]*

Ki sa Rene pral fè ak zanmi li yo ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin  
reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.*]

R : Rene pral jwe marèl ak zanmi li yo.

– [*Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :*]

– An nou li dènye moso istwa a. Li byen.

**De timoun yo bay akolad. Yo di vakans se bèl  
epòk.**

[*Apre sa mande elèv yo :]*

Ki sa ki rive lè de timoun yo fin pale ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin  
reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.*]

R : Lè de timoun yo fin pale, yo bay akolad.

[*Apre sa mande elèv yo :]*

Pou ki sa tout timoun kontan lè vakans rive ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin  
reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.*]

R : Paske vakans se bèl epòk.

Aktivite 7

## Li istwa (6 minit)

### a. Li istwa a ansanm

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Nou pral li ansanm. Tounen nan liv nou, nan paj leson 47 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

**Wee, men vakans !**

**Vakans rive. Tout timoun kontan. Rita di Rene : « Ki sa w ap fè demen maten ? » Rene reponn : « Mwen pral jwe marèl ak zanmi mwen yo. » Rita di : « Mwen menm mwen pral nan plaj ak manman m. » De timoun yo bay akolad. Yo di vakans se bèl epòk.**

### b. Li istwa de pa de

Kounye a, nou pral li istwa a de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa zanmi ki t ap koute a ap li istwa pou sa ki t ap li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

**Aktivite 8 Verifye prediksyon (3 minit)**

Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a. **[Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.]**
2. Ki elèv ki ka di m kilès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ? **[Chwazi 4 elèv, 2 ti fi ak 2 ti gason epi bay fidbak pou chak repons.]**

**Kesyon pa nou**

1. Eske nou renmen vakans ? Kilès ki ka di m pou ki sa li renmen vakans ?
2. Eske nou konn byen amize nou lè vakans rive ? Kilès ki ka di m sa li konn fè ?

**Aktivite 9 Koute byen epi fè bon mouvman an (3 minit)**

Mwen pral li kèk fraz youn apre lòt. Lè fraz mwen li a mache ak istwa a, n ap kanpe. Lè fraz la pa mache ak istwa a n ap chita. Nou pare !

1. Istwa a pale de Rita ak Renèl.
2. Rene pral jwe marèl ak zanmi li yo.
3. Timoun yo di yo pa renmen lè gen vakans.
4. Timoun yo di vakans se bèle epòk.
5. Rene al nan plaj ak manman li.

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di:]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di:]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap aprann istwa peyi mwen

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Gen dat enpòtan**

**Kote zansèt vanyan**

**Te libere peyi mwen.**

**Premye janvye kou 18 me,**

**Se dat pou m toujou sonje.**

**Istwa peyi mwen fòk mwen respekte li.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap aprann istwa peyi mwen**

[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou jan li enpòtan pou tout moun konnen istwa peyi a.**

Aktivite 1

### Marye son pou fòme mo (4 minit)

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m

[Ekri mo a sou tablo a.]

– /i/ /s/ /t/ /w/ /a/ = istwa

An n fè l ansanm

– /i/ /s/ /t/ /w/ /a/ = istwa

Tou pa nou

– /i/ /s/ /t/ /w/ /a/ = istwa

An n kontinye ak kèk lòt mo :

[Ekri mo sa yo sou tablo a.]

espanyòl – dosil – endyen – ofri

Aktivite 2

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 48 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 3 Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 4 Ekri fraz (7 minit)****a. Relye gwoup mo pou fè fraz**

Kounye a, nou pral sèvi ak de gwoup mo pou nou fòme yon fraz. N ap fè yon flèch soti nan chak gwoup mo ki nan **kolòn goch la** pou rive nan gwoup mo ki mache ak li nan **kolòn dwat la**. Apre sa n ap ekri chak fraz nou fòme sou liy kaye egzèsis nou. Ale nan egzèsis # 1 an.

Tou pa m



[Mete egzèsis la sou tablo a.  
Apre sa fè premye egzanp la.

**Di :**

- M ap kòmanse ak premye gwoup mo ki nan **kolòn goch la**. Premye gwoup mo a se : **Kiki ak Rejàn**.
- Apre sa, mwen pral nan **kolòn dwat la**. Mwen pral chèche lòt gwoup mo k ap fòme yon fraz kòrèk lè mwen relye li ak **Kiki ak Rejàn**.
- Gwoup mo a se **renmen Ayiti anpil**.
- M ap fè yon flèch soti nan **Kiki ak Rejàn** rive nan **renmen Ayiti anpil**.

Fraz la se : **Kiki ak Rejàn renmen Ayiti anpil**.

M ap ekri fraz la. [Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri nan kaye yo.]

An n fè l'ansanm

**[Di :]**

- Swiv egzèsis la byen nan kaye nou. N ap kòmanse ak premye gwoup mo ki nan **kolòn goch la**. Premye gwoup mo a se : **Kiki ak Rejàn**.
- Apre sa, nou pral nan **kolòn dwat la**. Nou pral chèche lòt gwoup mo k ap fòme yon fraz kòrèk lè nou relye li ak **Kiki ak Rejàn**.
- Gwoup mo a se **renmen Ayiti anpil**. N ap fè yon flèch soti nan **Kiki ak Rejàn** rive nan **renmen Ayiti anpil**.
- Fraz la se : **Kiki ak Rejàn renmen Ayiti anpil**.
- An n ekri fraz la.

[Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri nan kaye yo.]

Tou pa nou

**[Di :]**

- Fè yon flèch soti nan yon gwoup mo ki nan **kolòn goch** rive nan yon lòt gwoup mo ki nan **kolòn dwat**. Lè nou mete de gwoup mo yo ansanm yo dwe fè yon fraz ki gen sans.
  - Apre sa ekri fraz la nan kaye egzèsis nou.
  - Kontinye fè egzèsis la nan kaye a.
- [Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Verifye sa y ap fè epi ba yo fidbak.]

# LESON 48

## b. Ekri byen

Kounye a, nou pral ekri fraz annantye. Chak fwa mwen li yon fraz, n ap ekri li nan kaye egzèsis nou pandan n ap di chak mo ki nan fraz la. Ale nan egzèsis # 2 a.

Tou pa m

- Fraz la se : **Mèt Renèl rakonte yon bèl istwa.**
- M ap di mo yo pandan m ap ekri fraz la.  
*[Ekri fraz la sou table a.]*



An n fè l ansanm

- Fraz la se : **Mèt Renèl rakonte yon bèl istwa.**
- An nou di mo yo pandan n ap ekri fraz la.  
*[Ekri fraz la sou table a pandan elèv yo ap ekri nan kaye egzèsis yo.]*



Tou pa nou

- Koute fraz la : **Mak renmen li istwa Ayiti.**
- Di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
- An nou kontinye ak yon lòt fraz.  
**Peyi nou an gen yon bèl istwa.**  
*[Li fraz yo 2 fwa epi bay timoun yo tan pou yo ekri. Pase verifye epi bay fidbak.]*



## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

Aktivite 5

## Aktivite vokabilè (10 minit)

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : espanyòl

1. Leve men nou si nou konnen mo **espanyòl**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **espanyòl** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **espanyòl** vle di : **Moun ki fèt nan peyi Espay**.  
**Egzanz : Wobèto se yon Espanyòl.**
4. Kilès ki ka di m ki jan yo rele moun ki fèt ann Ayiti ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **espanyòl**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

### b. Dezyèm mo a se : endyen

1. Leve men nou si nou konnen mo **endyen**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **endyen** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **endyen** vle di : **Premye gwooup moun ki te abite sou tè peyi d Ayiti. Egzanp : Kawonabo se te yon endyen.**
4. Kilès ki ka di m non yon lòt **endyen** li konnen ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **endyen**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Retounen nan kaye a. Ale nan paj leson 48 la pou nou fè egzèsis # 3 a.

#### Aktivite 6 **Imajine pou konprann (5 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di:]*

Tit istwa jodi a, se : **Moso listwa**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

### b. Vizualizasyon : Yon sèl mo

Nou pral fè imajinasyon nou travay sou yon mo.

**Tou pa m**

- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **pyebwa**.
- Mwen wè yon gwo **pyebwa** chaje ak fèy li bay bon lonbraj. Li tou pre yon rivyè dlo.  
*[[Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo pyebwa.]*

**An n fè l ansanm**

- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **pyebwa**. Chak moun ka imajine **pyebwa** a nan fason pa li.  
*[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo pyebwa a. Apre sa di:]*
- Mwen menm, mwen wè yon gwo **pyebwa** chaje ak fèy ki tou pre yon rivyè dlo.
- E nou menm ? Ki sa nou te imajine sou mo **pyebwa** ?  
*[Chwazi yon elèv epi di:]*  
Ki jan ou wè **pyebwa** a ye ?  
*[Chwazi yon lòt elèv epi di:]*  
Ki sa ou wè nan **pyebwa** a ?

**Se tou pa nou**

- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **zwazo**.
- N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki sa l ap fè.
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **zwazo**.  
*[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo zwazo. Apre sa di:]*
- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **zwazo**.  
*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo zwazo. Chak elèv ka imajine zwazo la nan fason pa li.]*

## Aktivite 7 Koute itswa (8 minit)

### a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon

Mwen pral li yon istwa pou nou moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Mèt Renèl toujou rakonte timoun yo istwa peyi d Ayiti.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Kilès ki toujou rakonte timoun yo istwa peyi d Ayiti ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> R : Se Mèt Renèl ki toujou rakonte istwa d Ayiti.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Yon apremidi, li reyini yo sou plas la. Li di : « Lè Kristòf Kolon ak Espanyòl yo te debake ann Ayiti, yo te jwenn anpil bél pyebwa, rivyè ak zwazo. Yo te panse yo te nan peyi End. Konsa, yo te rele moun yo te jwenn sou tè a Endyen. »</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki bò sa te pase ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> R : Sa te pase sou plas la.</p>
	<p>[Li moso istwa a ankò ansanm ak elèv yo epi mande yo :] Ki lè sa te pase ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> R : Sa te pase yon aprèmidi.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Endyen yo te viv anpè nan kay pay yo. Yo te telman dosil, yo te konn ofri espanyòl yo bél kado ki fèt ak lò. Poutan, espanyòl yo pa te pran tan pou kòmanse fòse yo travay anba baton. Konsa amitye a pa t dire lontan.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Pou ki sa amitye Espanyòl ak Endyen yo pa te dire lontan ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> R : Paske espanyòl yo t ap bat yo, fè yo pase mizè.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Lè timoun yo fin koute istwa a, yo bat bravo epi yo di mèsi mèt Renèl.</b></p>	

**b. Koute istwa a annantye**

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

**Moso listwa**

**Mèt Renèl toujou rakonte timoun yo istwa peyi d Ayiti. Yon apremidi, li reyini yo sou plas la. Li di : « Lè Kristòf Kolon ak Espanyòl yo te debake ann Ayiti, yo te jwenn anpil bél pyebwa, rivyè ak zwazo. Yo te panse yo te nan peyi End. Konsa, yo te rele moun yo te jwenn sou tè a endyen. Endyen yo te viv anpè nan kay pay yo. Yo te telman dosil, yo te konn ofri Espanyòl yo bél kado ki fèt ak lò. Poutan, Espanyòl yo pa te pran tan pou kòmanse fòse yo travay anba baton. Konsa amitye a pa t dire lontan ». Lè timoun yo fin koute istwa a, yo bat bravo epi yo di mèsi mèt Renèl.**

**Aktivite 8 Verifye prediksyon**

Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou koute istwa a. [*Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*]
2. Ki elèv ki ka di m kilès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [*Chwazi 4 elèv, 2 ti fi ak 2 ti gason epi bay fidbak pou chak repons.*]

**Kesyon pa nou**

1. Eske nou renmen istwa d Ayiti ? Pou ki sa ?
2. Eske nou gen zanmi nou ki pa renmen istwa d Ayiti ? Ki sa nou ka di yo pou nou ankouraje yo ?

**Aktivite 9 Koute byen epi reponn ak pouss (3 minit)**

Mwen pral li kèk fraz youn apre lòt. Lè fraz mwen li a mache ak istwa a leve pouss nou anlè. Lè fraz la pa mache ak istwa a mete pouss nou tèt anba. Nou pare !

1. Endyen yo te konn viv nan kay pay. ☺
2. Mèt Renèl te reyini timoun yo anba yon tonèl. ☺
3. Espanyòl yo pat pran tan pou kòmanse fòse Endyen yo travay anba baton. ☺
4. Mèt Renèl toujou rakonte Timoun yo istwa peyi Espay. ☺
5. Amitye Endyen yo ak Espanyòl yo pa te dire. ☺

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [**Apre sa di :**] Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. [**Apre sa di :**] Nou te koute/ li yon bél ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap itil menm nan moman difisil

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Nikòl ak Anòl**

**Renmen ale lekòl**

**Mèt la di yo gen lòd**

**Yo pa janm fè dezòd**

**Bravo ! Nikòl.**

**Bravo ! Anòl**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap itil menm nan moman difisil.**

[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou enpòtans ki genyen pou nou toujou itil lòt yo.**

Aktivite 1

### **Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 49 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

Aktivite 2

### **Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

### Aktivite 3 **Ekri fraz (7 minit)**

#### a. Relye gwoup mo pou fè fraz

Kounye a, nou pral sèvi ak de gwoup mo pou nou fòme yon fraz. N ap fè yon flèch soti nan chak gwoup mo ki nan **kolòn goch la** pou rive nan gwoup mo ki mache ak li nan **kolòn dwat la**. Apre sa n ap ekri chak fraz nou fòme sou liy kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesion 49 la. Ale nan egzèsis # 1 an.

Tou pa m

[*Mete egzèsis la sou tablo a.*  
**Apre sa fè premye egzanp la.**  
**Di :**  
– M ap kòmanse ak premye gwoup mo ki nan **kolòn goch la**. Premye gwoup mo a se : **Ti frè Zavye a.**  
– Apre sa, mwen pral nan **kolòn dwat la**. Mwen pral chèche lòt gwoup mo k ap fòme yon fraz kòrèk lè mwen relye li ak **Ti frè Zavye a.**  
– Gwoup mo a se **pa janm jwe ak alimèt.**  
– M ap fè yon flèch soti nan **Ti frè Zavye a** rive nan **pa janm jwe ak alimèt.**  
Fraz la se : **Ti frè Zavye a pa janm jwe ak alimèt.**  
M ap ekri fraz la. [*Ekri fraz la sou tablo a.*]

An n fè l ansanm

[*Di :*  
– Swiv egzèsis la byen nan kaye nou. N ap kòmanse ak premye gwoup mo ki nan **kolòn goch la**. Premye gwoup mo a se : **Ti frè Zavye a.**  
– Apre sa, nou pral nan **kolòn dwat la**. Nou pral chèche lòt gwoup mo k ap fòme yon fraz kòrèk lè nou relye li ak **Ti frè Zavye a.**  
– Gwoup mo a se **pa janm jwe ak alimèt.** N ap fè yon flèch soti nan **Ti frè Zavye a** rive nan **pa janm jwe ak alimèt.**  
– Fraz la se : **Ti frè Zavye a pa janm jwe ak alimèt.**  
– An n ekri fraz la.  
[*Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri nan kaye yo.*]

Tou pa nou

[*Di :*  
– Fè yon flèch soti nan yon gwoup mo ki nan **kolòn goch** rive nan yon lòt gwoup mo ki nan **kolòn dwat.** Lè nou mete de gwoup mo yo ansanm yo dwe fè yon fraz ki gen sans.  
– Apre sa ekri fraz la nan kaye egzèsis nou.  
– Kontinye fè egzèsis la nan kaye a.  
[*Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Verifye sa y ap fè epi ba yo fidbak.*]

#### b. Ekri byen

Kounye a, nou pral ekri fraz annantye. Chak fwa mwen li yon fraz, n ap ekri li nan kaye egzèsis nou pandan n ap di chak mo ki nan fraz la. Ale nan egzèsis # 2 a.

Tou pa m

– Fraz la se : **Mwen achte nan boutik madan Jak la.**  
– M ap di mo yo pandan m ap ekri fraz la.  
[*Ekri fraz la sou tablo a.*]

An n fè l ansanm

– Fraz la se : **Mwen achte nan boutik madan Jak la.**  
– An nou di mo yo pandan n ap ekri fraz la.  
[*Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri nan kaye egzèsis yo.*]

Tou pa nou

– Koute fraz la : **Li pote yon pen pou Karin.**  
– Di mo yo pandan n ap ekri fraz la.  
– An nou kontinye ak yon lòt fraz.  
**Alimèt Anit la mouye.**  
[*Li fraz yo 2 fwa epi bay timoun yo tan pou yo ekri. Pase verifye epi bay fidbak.*]

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 4 **Aktivite vokabilè (10 minit)**

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : boutik

1. Leve men nou si nou konnen mo **boutik**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **boutik** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **boutik** vle di : **Kote yo vann pwodui pou fè manje ak pou sèvi nan kay.**  
**Egzanp : Manyela al achte nan boutik madan Chal la.**
4. Kilès ki ka di m ki sa li konn al achte nan **boutik** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **boutik**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### b. Dezyèm mo a se : konpliman

1. Leve men nou si nou konnen mo **konpliman**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **konpliman** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **konpliman** vle di : **Pawòl ou di yon moun pou felisite l.**  
**Egzanp : Robè fè Jina konpliman pou jan li fè bèl kap.**
4. Kilès ki ka di m nan ki lòt okasyon yon konn fè yon moun **konpliman** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konpliman**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Retounen nan kaye a. Ale nan paj lesyon 49 la pou nou fè egzèsis # 3 a.

## Aktivite 5 **Imajine pou konprann (6 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :*]

Tit istwa jodi a se : **Yon ti fi saj**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

## b. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

**[Montre desen an epi di :]**

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. **[30 segonn]**

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**

3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

Aktivite 6

## Li itswa pou jwenn enfòmasyon (5 minit)

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Apre chak moso istwa nou li, mwen pral poze nou kèk kesyon. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPONS
<ul style="list-style-type: none"> <li>- <b>[Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>- An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Yon jou, solèy pral kouche, lasigal ak zandolit kòmanse chante. Manman Michlin pa jwenn alimèt pou li limen lanp lan. Li voye Michlin achte yon bwat alimèt.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>De kilès istwa a pale ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Istwa a pale de manman Michlin ak Michlin</p>
	<p>Ki lè sa te pase ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Sa te pase yon jou solèy pral kouche.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- <b>[Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>- An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Michlin pran wout la san kè sote. De tan twa mouvman li rive nan boutik la.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki kote Michlin te al achte bwat alimèt la ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Nan boutik la.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- <b>[Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>- An nou li dènye moso istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Li achte alimèt la epi li tounen lakay li. Manman li di : « Konpliman pitit fi m, ou pa mize nan wout. »</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki sa Michlin fè lè li fin achte alimèt la ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Lè li fin achte alimèt la, li tounen lakay li.</p>

**[Apre sa mande elèv yo :]**

Pou ki sa manman li di : « Konpliman pitit fi m » ?

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]**

**R :** Paske Michlin pa t mize nan wout.

## Aktivite 7 Li istwa (6 minit)

### a. Li istwa a ansanm

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Nou pral li ansanm. Tounen nan liv nou, nan paj leson 47 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### **Yon ti fi saj**

**Yon jou, solèy pral kouche, lasigal ak zandolit kòmanse chante. Manman Michlin pa jwenn alimèt pou li limen lanp lan. Li voye Michlin achte yon bwat alimèt. Michlin pran wout la san kè sote. De tan twa mouvman li rive nan boutik la. Li achte alimèt la epi li tounen lakay li. Manman li di : « Konpliman pitit fi mwen, ou pa mize nan wout. »**

### b. Li istwa de pa de

Kounye a, nou pral li istwa a de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa zanmi ki t ap koute a ap li istwa pou sa ki t ap li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

## Aktivite 8 Verifye prediksyon (3 minit)

Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a. **[Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.]**
2. Ki elèv ki ka di m kilès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ? **[Chwazi 4 elèv, 2 ti fi ak 2 ti gason epi bay fidbak pou chac repons.]**

#### **Kesyon pa nou**

1. Eske nou konnen yon timoun ki saj menm jan ak Michlin ? Ki jan li ye ?
2. Eske nou pè fènwa ? Pou ki sa ?

## Aktivite 9 Koute byen epi fè bon mouvman an (3 minit)

Mwen pral li kèk fraz youn apre lòt. Lè fraz mwen li a mache ak istwa a, n ap kanpe. Lè fraz la pa mache ak istwa a n ap chita. Nou pare !

1. Lè Michlin te al achte alimèt la, solèy te pral kouche.
2. Michlin tounen lakay li san alimèt la.
3. Michlin se yon ti fi brav.
4. Papa Michlin te voye li achte yon bwat alimèt.
5. Manman Michlin di : « konpliman pitit fi m ! »

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap reyisi ak anpil pasyans

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Yon tan pou chak bagay.**

**Mwen p ap fè twa avan de.**

**M ap pran san m menm si m pran tan.**

**M ap rive lè m dwe rive.**

**Rive anvan pa vle di byen rive.**

**Ak pasyans m ap reyisi.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap reyisi ak anpil pasyans**

[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a aprann nou jan lè nou gen pasyans nou ka pi fasil reyisi nan sa n ap fè.**

Aktivite 1

### Marye son pou fòme mo (4 minit)

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m

[Ekri mo a sou tablo a.]

– /m/ /a/ /y/ /i/ = mayi

An n fè l ansanm

– /m/ /a/ /y/ /i/ = mayi

Tou pa nou

– /m/ /a/ /y/ /i/ = mayi

An n kontinye ak kèk lòt mo :

[Ekri mo sa yo sou tablo a.]

difisil – rekòlte – traka –

bone

Aktivite 2

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 50 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

Aktivite 3

### Li fraz (3 minit)

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

## Aktivite 4 **Ekri fraz (7 minit)**

### a. Relye gwoup mo pou fè fraz

Kounye a, nou pral sèvi ak de gwoup mo pou nou fòme yon fraz. N ap fè yon flèch soti nan chak gwoup mo ki nan **kolòn goch la** pou rive nan gwoup mo ki mache ak li nan **kolòn dwat la**. Apre sa n ap ekri chak fraz nou fòme sou liy kaye egzèsis nou. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesion 50 la. Ale nan egzèsis # 1 an.

Tou pa m

[**Mete egzèsis la sou tablo a.**

**Apre sa fè premye egzanp la.**

**Di :**

- M ap kòmanse ak premye gwoup mo ki nan **kolòn goch la**. Premye gwoup mo a se : **Poul yo**.
- Apre sa, mwen pral nan **kolòn dwat la**. Mwen pral chèche lòt gwoup mo k ap fòme yon fraz kòrèk lè mwen relye li ak **Poul yo**.
- Gwoup mo a se **ap manje gress mayi yo**.
- M ap fè yon flèch soti nan **Poul yo** rive nan **ap manje gress mayi yo**.
- Fraz la se : **Poul yo ap manje gress mayi yo**.
- M ap ekri fraz la. [**Ekri fraz la sou tablo a.**]

An n fè l ansanm

[**Di :**

- Swiv egzèsis la byen nan kaye nou. N ap kòmanse ak premye gwoup mo ki nan **kolòn goch la**. Premye gwoup mo a se : **Poul yo**.
- Apre sa, nou pral nan **kolòn dwat la**. Nou pral chèche lòt gwoup mo k ap fòme yon fraz kòrèk lè nou relye li ak **Poul yo**.
- Gwoup mo a se **ap manje gress mayi yo**. N ap fè yon flèch soti nan **Poul yo** rive nan **ap manje gress mayi yo**.
- Fraz la se : **Poul yo ap manje gress mayi yo**.
- An n ekri fraz la.
- [**Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri nan kaye yo.**]

Tou pa nou

[**Di :**

- Fè yon flèch soti nan yon gwoup mo ki nan **kolòn goch** rive nan yon lòt gwoup mo ki nan **kolòn dwat**. Lè nou mete de gwoup mo yo ansanm yo dwe fè yon fraz ki gen sans.
- Apre sa ekri fraz la nan kaye egzèsis nou.
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye a.
- [**Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Verifye sa y ap fè epi ba yo fidbak.**]

### b. Ekri byen

Kounye a, nou pral ekri fraz annantye. Chak fwa mwen li yon fraz, n ap ekri li nan kaye egzèsis nou pandan n ap di chak mo ki nan fraz la. Ale nan egzèsis # 2 a.

Tou pa m

– Fraz la se : **Mayi sa a byen boukannen.**

– M ap di mo yo pandan m ap ekri fraz la.

[**Ekri fraz la sou tablo a.**]

An n fè l ansanm

– Fraz la se : **Mayi sa a byen boukannen.**

– An nou di mo yo pandan n ap ekri fraz la.

[**Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri nan kaye egzèsis yo.**]

Tou pa nou

– Koute fraz la : **Foumi mòde Nana nan pye.**

– Di mo yo pandan n ap ekri fraz la.

– An nou kontinye ak yon lòt fraz.

**Papa Nana gen anpil pasyans.**

[**Li fraz yo 2 fwa epi bay timoun yo tan pou yo ekri. Pase verifye epi bay fidbak.**]

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 5    Aktivite vokabilè (10 minit)

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : plante

1. Leve men nou si nou konnen mo **plante**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **plante** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **plante** vle di : **Mete yon grenn oswa yon plant nan tè pou li ka grandi. Egzanp : Mona plante yon pye palmis nan lakou a.**
4. Kilès ki ka di m non kèk plant yo konn **plante** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **plante**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### b. Dezyèm mo a se : pasyans

1. Leve men nou si nou konnen mo **pasyans**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **pasyans** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **pasyans** vle di : **Kalite yon moun ki pa dekoraje lè l ap fè yon travay. Egzanp : Patrik gen anpil pasyans pou li etidye.**
4. Kilès ki ka di m ki aktivite li konn fè ak **pasyans** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pasyans**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

## Aktivite 6    Revizyon mo vokabilè (4 minit)

Nan jou pase yo, nou te aprann plizyè mo vokabilè. Nou sonje ? Kounye a, nou pral revize mo vokabilè nou te aprann yo. An nou tounen nan kaye a pou nou fè egzèsis # 3 a.

## Aktivite 7 Imajine pou konprann (5 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]

Tit istwa jodi a, se : **Plante mayi**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]

### b. Vizyalizasyon : Yon sèl mo

Nou pral fè imajinasyon nou travay sou yon mo.

Tou pa m

- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **mayi**.
  - Mwen wè yon zepi **mayi** ki gen yon pakèt gress byen jòn.
- [Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo mayi.]**

An n fè l ansanm

- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **mayi**. Chak moun ka imajine **mayi** a nan fason pa li.
- [Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo mayi a. Apre sa di :]**
- Mwen menm, mwen wè yon zepi **mayi** ki gen yon pakèt gress byen jòn.
  - E nou menm ? Ki sa nou te imajine sou mo **mayi** ?
- [Chwazi yon elèv epi di :]**  
Ki jan ou wè **mayi** a ye ?  
**[Chwazi yon lòt elèv epi di :]**  
Ki sa ou wè nan **mayi** a ?

Se tou pa nou

- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **solèy**.
  - N ap imajine ki jan li ye ak ki bò li ye.
  - Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **solèy**.
- [Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo solèy. Apre sa di :]**
- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **solèy**.
- [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo solèy. Chak elèv ka imajine solèy la nan fason pa li.]**

## Aktivite 8 **Koute itswa (8 minit)**

### a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon

Mwen pral li yon istwa pou nou moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Nana renmen mayi boukannen anpil.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Kilès ki renmen mayi boukannen an ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Nana.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Yon jou, byen bonè nan maten, papa li mennen li nan jaden al plante mayi. Papa li di : « Nan chak twou, mete twa gress epi kouvri yo ak tè. Apre sa bouche twou a ak pye ou. » Nana kòmanse travay.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki bò papa Nana te menmen li ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Papa Nana te mennen li nan jaden.</p>
	<p>Konbyen gress mayi papa Nana te di Nana pou li te mete nan chak twou ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Twa gress mayi.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Vè midi li pran kriye. Papa li mande li : « Sa w genyen pitit ? » Li reponn : « Foumi yo ak solèy la lage nan kò mwen. Mwen pa ka sipòte. »</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Pou ki sa Nana te tonbe kriye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Nana tonbe kriye paske li pa ka sipòte chalè solèy la ak foumi k ap mòde li.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Papa a di : « Pran pasyans. Plante a difisil men lè n ap rekòlte ou ap bliye tout traka anvan yo. »</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Pou ki sa papa Nana di Nana pran pasyans ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Paske lè n ap rekòlte n ap bliye traka anvan yo.</p>

**b. Koute istwa a annantye**

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

**Plante mayi**

**Nana renmen mayi boukannen anpil. Yon jou, byen bonè nan maten, papa li mennen li nan jaden al plante mayi. Papa li di : « Nan chak twou, mete twa gress epi kouvri yo ak tè. Apre sa bouche twou a ak pye ou. » Nana kòmanse travay. Vè midi li pran kriye. Papa li mande li : « Sa ou genyen pitit ? » Li reponn : « Foumi yo ak solèy la lage nan kò mwen, mwen pa ka sipòte. » Papa a di : « Pran pasyans. Plante a difisil men lè n ap rekòlte w ap blyie tout traka anvan yo. »**

**Aktivite 9 Verifye prediksyon**

Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou koute istwa a. [**Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.**]
2. Ki elèv ki ka di m kilès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [**Chwazi 4 elèv, 2 ti fi ak 2 ti gason epi bay fidbak pou chak repons.**]

**Kesyon pa nou**

1. Eske nou konn ale nan jaden ? Lè nou ale ki sa nou fè ?
2. Eske nou gen yon zanmi ki pa renmen travay ? Ki konsèy nou ka ba li ?

**Aktivite 10 Koute byen epi reponn ak pou (3 minit)**

Mwen pral li kèk fraz youn apre lòt. Lè fraz mwen li a mache ak istwa a leve pouz nou anlè. Lè fraz la pa mache ak istwa a mete pouz nou tèt anba. Nou pare !

1. Nana te ale nan jaden pitimi an. ☺
2. Foumi te mòde Nana pandan li t ap plante. ☺
3. Nana mete twa gress mayi nan chak twou. ☺
4. Vè dizè nan maten Nana kòmanse kriye. ☺
5. Plante difisil men lè n ap rekòlte n ap blyie tout traka. ☺

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. [**Apre sa di :**] Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? [**Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.**]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [**Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.**]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [**Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.**]
5. [**Apre sa di :**] Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansam vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Menm si m piti mwen ka itil

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Se vre mwen piti**

**Men mwen ka itil.**

**Mwen ka sèvi yon vè dlo**

**Mwen ka ouvri yon pòt, yon fenèt.**

**Menm sekou mwen ka pote.**

**Menm si mwen piti,**

**Mwen ka ede zanmi mwen**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Menm si m piti mwen ka itil**

[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a fè nou konprann tout moun, piti kou gran, ka itil.**

Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 51 an. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

### Aktivite 3 **Ekri fraz (7 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak mo pou nou ekri fraz.

#### a. Ranje mo pou fòme fraz

Kounye a nou pral ranje mo ki an dezòd yo pou nou fè fraz ak yo. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj leson 51 an. Ale nan egzèsis # 1 an.

Toujou sonje

1. Yon fraz kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen.
2. Tout mo ki reprezante non yon moun, non yon vil oswa non yon peyi dwe kòmanse ak yon lèt majiskil.

**Tou pa m**

- Mo yo se : **mache. – Jilyo – nan – ale – Manman**
- M ap ranje mo yo pou m ekri fraz la : **Manman Jilyo ale nan mache.**
- [*Ekri fraz la sou tablo a, apre sa di elèv yo :*]
- Premye mo a se **Manman** paske li kòmanse ak lèt majiskil. Dènye mo a se **mache** paske li gen yon pwen dèyè li.
- Sonje **Jilyo** se non moun. Donk l ap toujou kòmanse ak lèt majiskil.

**An n fè l ansanm**

- Mo yo se : **mache. – Jilyo – nan – ale – Manman**
- An n ranje mo yo pou nou ekri fraz la : **Manman Jilyo ale nan mache.**
- [*Ekri fraz la sou tablo a. Pase verifye sa elèv yo ekri nan kaye yo epi ba yo fidbak.*]

**Se tou pa nou**

- Mo yo se : **lakou – a. Dyela – jwe – nan – ap**
- Ranje mo yo epi ekri fraz la : **Dyela ap jwe nan lakou a.**
- Kontinye fè egsèsis nan kaye nou.
- [*Pase verifye sa elèv yo ekri nan kaye yo epi ba yo fidbak.*]

#### b. Ekri byen

Nou pral kontinye ekri fraz. M ap li fraz la epi nou menm n ap ekri li nan kaye egzèsis nou. Sonje nou dwe di chak mo ki nan fraz la pandan n ap ekri yo. Ale nan egzèsis # 2 a.

**Tou pa m**

- Fraz la se : **Jak achte jounou sa a.**
- M ap di mo yo pandan m ap ekri fraz la.
- [*Ekri fraz la sou tablo a.*]

**An n fè l ansanm**

- Fraz la se : **Jak achte jounou sa a.**
- An nou di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
- [*Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri l nan kaye yo.*]

**Se tou pa nou**

- Koute fraz la : **Jak bay Jinèt 10 goud.**
- Di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
- An nou kontinye ak yon lòt fraz : **Jinèt dakò pri a.**
- [*Li fraz la 2 fwa epi bay timoun yo tan pou yo ekri. Pase verifye si tout elèv yo ekri fraz la byen.*]

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 4 Aktivite vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : pri

1. Leve men nou si nou konnen mo **pri**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **pri** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **pri** vle di : **Kantite kòb yon bagay koute.**  
**Egzanp : Pri sak bonbon yo se 5 goud.**
4. Kilès ki ka bay **pri** yon bagay li konn achte ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pri**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### b. Dezyèm mo a se : mache

1. Leve men nou si nou konnen mo **mache**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **mache** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **mache** vle di : **Gwo espas kote tout kalite machann vin vann machandiz yo.** **Egzanp : Jodi a, se jou mache Valyè.**
4. Kilès ki ka di m ki machandiz yo konn vann nan **mache** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **mache**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Retounen nan kaye a. Ale nan paj lesyon 51 an pou nou fè egzèsis # 4 la.

**Aktivite 5    Imajine pou konprann (6 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

**a. Prediksyon dapre tit istwa a**

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]*

Tit istwa jodi a se : **Tout moun sezi**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

**b. Prediksyon daprè desen**

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

[*Montre desen an epi di :]*

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

**Aktivite 6    Li itswa pou jwenn enfòmasyon (5 minit)**

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Apre chak moso istwa nou li, mwen pral poze nou kèk kesyon. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

<i>ISTWA</i>	<i>KESYON E REPONS</i>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- [<i>Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</i></li> <li>- An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Jilyo renmen al nan mache. Yon samdi li ale nan mache ak manman li.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>De kilès istwa a pale ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p><b>R :</b> Istwa a pale de Jilyo ak manman li.</p>

	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki kote Jilyo ak manman li te ale ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p><b>R :</b> Yo te ale nan mache.</p>
--	---

	<p><b>[Li moso istwa a ankò ansanm ak elèv yo epi mande yo :]</b></p> <p>Ki jou yo te ale nan mache a ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p><b>R :</b> Sa te pase yon samdi.</p>
--	---

## ISTWA

## KESYON E REPONS

– [Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]

– An n kontinye li istwa a. Li byen.

**Li di manman li :** « Jodi a se mwen k ap bay pri. »

**Devan chak machann yo rive, Jilyo bay pri,  
manman li mete nan sak.**

[Apre sa mande elèv yo :]

Ki sa Jilyo te fè lè li rive devan chak machann ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin  
reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]

R : Lè li rive devan chak machann, Jilyo bay pri.

– [Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :]

– Nou pral li dènye moso istwa a. Li byen.

**Se yon plezi pou machann yo gade li k ap bay  
pri. Gen youn nan ladan yo ki di : « Ala ti gason  
konn bay pri ! » Jilyo reponn : « Nou sezi, pa  
vre ! » Jou sa a, yo retounen lakay ak yon sak  
byen ranpli.**

[Apre sa mande elèv yo :]

Ki sa youn nan machann yo di Jilyo ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin  
reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]

R : Youn nan machann yo di : « Ala ti gason konn bay  
pri ! »

### Aktivite 7    Li istwa (6 minit)

#### a. Li istwa a ansanm

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Nou pral li ansanm. Tounen nan liv nou, nan paj leson 51 an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### Tout moun sezi

**Jilyo renmen ale nan mache. Yon samdi, I ale nan mache ak manman li. Li di manman li :**

**« Jodi a se mwen k ap bay pri. » Devan chak machann yo rive, Jilyo bay pri, manman li mete nan  
sak. Se yon plezi pou machann yo gade li k ap bay pri. Gen youn nan ladan yo ki di : « Ala ti gason  
konn bay pri ! » Jilyo reponn : « Nou sezi, pa vre ! » Jou sa a, yo retounen lakay ak yon sak byen  
ranpli.**

#### b. Li istwa de pa de

Kounye a, nou pral li istwa a de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa zanmi ki t ap koute a ap li istwa pou sa ki t ap li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### Aktivite 8    Verifye prediksyon (3 minit)

Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a. [**Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.**]

2. Ki elèv ki ka di m kilès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [**Chwazi 4 elèv, 2 ti fi ak 2 ti gason epi bay  
fidbak pou chak repons.**]

#### Kesyon pa nou

1. Èske nou konn al nan mache ? Ki sa nou konn wè nan mache a ?

2. Èske nou konnen yon moun ki vann nan mache ? Ki sa li vann ?

**Aktivite 9****Koute byen epi fè bon mouvman an (3 minit)**

Mwen pral li kèk fraz youn apre lòt. Lè fraz mwen li a mache ak istwa a, n ap kanpe. Lè fraz la pa mache ak istwa a n ap chita. Nou pare !

1. Jilyo renmen ale nan makèt.
2. Jilyo bay pri devan chak machann yo pase.
3. Jilyo ak manman li retounen lakay yo ak yon sak byen ranpli.
4. Machann yo di Jilyo pa konn bay pri.
5. Machann yo te kontan.

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Mwen apresye kado mwen resevwa

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Sa a se vre**

**Pou vi nou ka dire**

**Fòk nou fè pwòpte.**

**Sa a se vre**

**Pou peyi nou ka bèl**

**Fòk nou met poubèl.**

**Ala bèl bagay se pwòpte !**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Mwen apresye kado mwen resevwa**

[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a aprann nou jan nou dwe bay tout sa yon moun fè nou kado anpil enpòtans.**

Aktivite 1

### **Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 52 a. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

Aktivite 2

### **Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

### Aktivite 3 **Ekri fraz (7 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak mo pou nou ekri fraz.

#### a. Ranje mo pou fòme fraz

Kounye a nou pral ranje mo ki an dezòd yo pou nou fè fraz ak yo. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj leson 52 a. Ale nan egzèsis # 1 an.

##### Toujou sonje

1. Yon fraz kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen.
2. Tout mo ki reprezante non yon moun, non yon vil oswa non yon peyi dwe kòmanse ak yon lèt majiskil.

##### Tou pa m

- Mo yo se : **wè – li. – Wozlin – al – matant**
- M ap ranje mo yo pou m ekri fraz la : **Wozlin al wè matant li.**  
[*Ekri fraz la sou tablo a, apre sa di elèv yo :*]
- Premye mo a se **Wozlin** paske li kòmanse ak lèt majiskil.  
Dènye mo a se **li** paske li gen yon pwen dèyè li.
- Sonje **Wozlin** se non moun.  
Donk l ap toujou kòmanse ak lèt majiskil.

##### An n fè l ansanm

- Mo yo se : **wè – li. – Wozlin – al – matant**
- An n ranje mo yo pou nou ekri fraz la : **Wozlin al wè matant li.**  
[*Ekri fraz la sou tablo a. Pase verifye sa elèv yo ekri nan kaye yo epi ba yo fidbak.*]

##### Se tou pa nou

- Mo yo se : **ti fi – vanyan. – Wozna – yon – se**
- Ranje mo yo epi ekri fraz la : **Wozna se yon ti fi vanyan.**
- Kontinye fè egsèsis nan kaye nou.  
[*Pase verifye sa elèv yo ekri nan kaye yo epi ba yo fidbak.*]

#### b. Ekri byen

Nou pral kontinye ekri fraz. M ap li fraz la epi nou menm n ap ekri li nan kaye egzèsis nou. Sonje nou dwe di chak mo ki nan fraz la pandan n ap ekri yo. Ale nan egzèsis # 2 a.

##### Tou pa m

- Fraz la se : **Wozlin ap fè manje.**
- M ap di mo yo pandan m ap ekri fraz la.  
[*Ekri fraz la sou tablo a.*]

##### An n fè l ansanm

- Fraz la se : **Wozlin ap fè manje.**
- An nou di mo yo pandan n ap ekri fraz la.  
[*Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri l nan kaye yo.*]

##### Se tou pa nou

- Koute fraz la : **Wozlin gen yon bon matant.**
- Di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
- An nou kontinye ak yon lòt fraz : **Anèt fè lekti chak jou.**  
[*Li fraz la 2 fwa epi bay timoun yo tan pou yo ekri. Pase verifye si tout elèv yo ekri fraz la byen.*]

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 4 Aktivite vokabilè (10 minit)

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : poupe

1. Leve men nou si nou konnen mo **poupe**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **poupe** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **poupe** vle di : **Jwèt timoun ki gen fòm moun.**  
**Egzanz : Lola ap jwe ak poupe li a.**
4. Kilès ki ka pale de yon **poupe** li te wè deja ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **poupe**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### b. Dezyèm mo a se : kado

1. Leve men nou si nou konnen mo **kado**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **kado** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **kado** vle di : **Sa yon moun ofri yon lòt moun.**  
**Egzanz : Evna bay Nadèj yon kado.**
4. Kilès ki ka di m nan ki okazyon yo konn bay moun **kado** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kado**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Retounen nan kaye a. Ale nan paj lesyon 52 a pou nou fè egzèsis # 3 a.

## Aktivite 5 Imajine pou konprann (5 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou*

***tablo a epi di :]***

Tit istwa jodi a, se : **Yon kado san parèy**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.]**

**b. Vizyalizasyon : Yon sèl mo**

Nou pral fè imjinasyon nou travay sou yon mo.

**Tou pa m**

- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **poupe**.
- Mwen wè yon **poupe**. Li sanble ak yon ti fi. Li gen cheve jòn. Li gen yon bèl ti wòb sou li ak yon ti soulye blan nan pye l.

**[Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo poupe.]**

**An n fè l ansanm**

- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **poupe**. Chak moun ka imajine **poupe** a nan fason pa li.

**[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo poupe a. Apre sa di :]**

- Mwen menm, mwen wè yon **poupe** ki sanble ak yon ti fi. Li gen cheve jòn.
- E nou menm ? Ki sa nou te imajine sou mo **poupe** ?

**[Chwazi yon elèv epi di :]**

Ki jan ou wè **poupe** a ye ?

**[Chwazi yon lòt elèv epi di :]**

Ki sa ou wè nan **poupe** a ?

**Se tou pa nou**

- Kounye a, nou pral fè imjinasyon nou travay sou mo **kado**.
- N ap imajine ki jan li ye ak ki bò li ye.
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **kado**.

**[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo kado. Apre sa di :]**

- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **kado**.

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo kado. Chak elèv ka imajine kado la nan fason pa li.]**

**Aktivite 6 Koute itswa (8 minit)****a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon**

Mwen pral li yon istwa pou nou moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</b></li> <li>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Pou fèt Wozlin, matant li fè li kado yon poupe. Wozlin renmen poupe a. Li penyen li, li koud rad pou li epi li benyen li chak jou. Kote li pase, poupe li nan men li. Yon jou, Wozlin pa wè poupe li a. Li chèche li toupatou nan kay la, li pa jwenn li. Wozlin tris.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Kilès ki resevwa kado a ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p>R : Wozlin.</p>

# LESON 52

ISTWA

KESYON E REPONS

	Nan ki okazyon matant Wozlin te li fè li kado yon poupe ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> <b>R :</b> Pou fèt li.
--	---

	Pou ki sa Wozlin te tris ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> <b>R :</b> Paske li pa wè poupe li a.
--	---

<ul style="list-style-type: none"><li>– <b>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</b></li><li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen. <b>Men, frè Wozlin nan ki t ap suiv li, tonbe ri san rete. Wozlin di li :</b> « Ou kontan poupe m nan pèdi, pa vre ? » <b>Ti frè a di :</b> « O gade kòman ou chagren. » <b>Li kontinye ri pi fò. Wozlin li menm kriye pi plis.</b></li></ul>	<b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Ki sa Wozlin di ti frè li a ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> <b>R :</b> Wozlin di li : « Ou kontan poupe m nan pèdi, pa vre ? »
--	---

<ul style="list-style-type: none"><li>– <b>[Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</b></li><li>– Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen. <b>Lè ti frè wè sa, li ale pran poupe a pou li.</b> <b>Kounye a, se lajwa, Wozlin jwenn poupe li a. Li te tèlman renmen kado sa a !</b></li></ul>	<b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Ki sa ti frè Wozlin lan fè pou Wozlin te ka sispann kriye ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> <b>R :</b> Li ale pran poupe a pou Wozlin.
---	---

## b. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

### Yon kado san parèy

**Pou fèt Wozlin, matant li fè li kado yon poupe. Wozlin renmen poupe a. Li penyen li, li koud rad pou li epi li benyen li chak jou. Kote li pase, poupe li nan men li. Yon jou, Wozlin pa wè poupe li a. Li chèche li toupatou nan kay la, li pa jwenn li. Wozlin tris. Men, frè Wozlin nan ki t ap suiv li, tonbe ri san rete. Wozlin di li : « Ou kontan poupe m nan pèdi, pa vre ? » Ti frè a di : « O gade kòman ou chagren. » Li kontinye ri pi fò. Wozlin li menm kriye pi plis. Lè ti frè wè sa, l al pran poupe a pou li. Kounye a, se lajwa, Wozlin jwenn poupe li a. Li te tèlman renmen kado sa a !**

**Aktivite 7 Verifye prediksyon (3 minit)**

Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a. **[Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.]**
2. Ki elèv ki ka di m kilès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ? **[Chwazi 4 elèv, 2 ti fi ak 2 ti gason epi bay fidbak pou chak repons.]**

**Kesyon pa nou**

1. Èske nou konnen yon moun ki toujou tris menm jan ak Wozlin ? Pou ki sa li toujou tris ?
2. Èske nou konn tris pafwa ? Pou ki sa ?

**Aktivite 8 Koute byen epi reponn ak pou (3 minit)**

Mwen pral li kèk fraz youn apre lòt. Lè fraz mwen li a mache ak istwa a leve pouz nou anlè lè fraz la pa mache ak istwa a mete pouz nou tèt anba. Nou pare !

1. Wozlin pa t tris lè li te pèdi poupe li a. ↗
2. Wozlin pa renmen poupe a. ↘
3. Ti frè Wozlin nan t ap ri Wozlin. ↙
4. Ti frè Wozlin nan te al pran poupe a pou Wozlin. ↖
5. Wozlin te kontan jwenn poupe a. ↖

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di:]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di:]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap resevwa zanmi m byen lakay mwen

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

Lakay mwen pòt mwen toujou ouvè  
Pou mwen resevwa zanmi m yo ak tout kè m,  
Kit li maten kit li aswè,  
Zanmi m Yo toujou jwenn bon akèy ;  
Paske pou mwen yo san parèy.

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap resevwa zanmi m byen lakay mwen**

[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a fè nou wè jan se bél bagay lè nou byen resevwa zanmi nou lakay nou.**

Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 53 a. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

### Aktivite 3 **Ekri fraz (7 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak mo pou nou ekri fraz.

#### a. Ranje mo pou fòme fraz

Kounye a nou pral ranje mo ki an dezòd yo pou nou fè fraz ak yo. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj leson 53 a. Ale nan egzèsis # 1 an.

##### Toujou sonje

1. Yon fraz kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen.
2. Tout mo ki reprezante non yon moun, non yon vil oswa non yon peyi dwe kòmanse ak yon lèt majiskil.

##### Tou pa m

- Mo yo se : **sirèt – Richa. – yon – pote – Jòj – pou**
- M ap ranje mo yo pou m ekri fraz la :

  - Jòj pote yon sirèt pou Richa.**

[*Ekri fraz la sou tablo a, apre sa di elèv yo :*]

- Premye mo a se **Jòj** paske li kòmanse ak lèt majiskil. Dènye mo a se **Richa** paske li gen yon pwen dèyè li.
- Sonje **Jòj** ak **Richa** se non moun. Donk l ap toujou kòmanse ak lèt majiskil.

##### An n fè l ansanm

- Mo yo se : **sirèt – Richa. – yon – pote – Jòj – pou**
- An n ranje mo yo pou nou ekri fraz la :

  - Jòj pote yon sirèt pou Richa.**

[*Ekri fraz la sou tablo a. Pase verifye sa elèv yo ekri nan kaye yo epi ba yo fidbak.*]

##### Se tou pa nou

- Mo yo se : **bon - Sandra - se - Edna - zanmi. - ak**
- Ranje mo yo epi ekri fraz la : **Sandra ak Edna se bon zanmi.**
- [*elèv yo ka ekri tou Edna ak Sandra se bon zanmi.*]
- Kontinye fè egsèsis nan kaye nou.

[*Pase verifye sa elèv yo ekri nan kaye yo epi ba yo fidbak.*]

#### b. Ekri byen

Nou pral kontinye ekri fraz. M ap li fraz la epi nou menm n ap ekri li nan kaye egzèsis nou. Sonje nou dwe di chak mo ki nan fraz la pandan n ap ekri yo. Ale nan egzèsis # 2 a.

##### Tou pa m

- Fraz la se : **Chak dimanch Jilyo ale Okap.**
- M ap di mo yo pandan m ap ekri fraz la.

[*Ekri fraz la sou tablo a.*]

##### An n fè l ansanm

- Fraz la se : **Chak dimanch Jilyo ale Okap.**
- An nou di mo yo pandan n ap ekri fraz la.

[*Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri l nan kaye yo.*]

##### Se tou pa nou

- Koute fraz la : **Jilyo renmen ale lavil.**
- Di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
- An nou kontinye ak yon lòt fraz :

  - Li toujou pote bonbon pou Sizèt.**

[*Li fraz la 2 fwa epi bay timoun yo tan pou yo ekri. Pase verifye si tout elèv yo ekri fraz la byen.*]

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 4 Aktivite vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : salon

1. Leve men nou si nou konnen mo **salon**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **salon** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **salon** vle di : **Pyès nan yon kay ki sèvi pou resevwa vizitè.**  
**Egzanz : Zanmi Anayiz yo chita nan salon an.**
4. Kilès ki ka di m non kèk mèb yo konn mete nan **salon** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **salon**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### b. Dezyèm mo a se : mabouya

1. Leve men nou si nou konnen mo **mabouya**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **mabouya** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **mabouya** vle di : **Bèt ki mache atè sou vant li epi ki sanble ak zandolit.**  
**Egzanz : Mabouya pi gwo pase zandolit.**
4. Kilès ki ka di m ki sa li konn wè **mabouya** ap fè ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **mabouya**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Retounen nan kaye a. Ale nan paj lesyon 53 a pou nou fè egzèsis # 3 a.

## Aktivite 5 Imajine pou konprann (6 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :*]

Tit istwa jodi a se : **Yon vizit**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

### b. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

**[Montre desen an epi di :]**

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. **[30 segonn]**

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**

3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

Aktivite 6

### Li itswa pou jwenn enfòmasyon (5 minit)

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Apre chak moso istwa nou li, mwen pral poze nou kèk kesyon. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPONS
<ul style="list-style-type: none"> <li>- <b>[Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>- An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Yon dimanch, de bon zanmi Sandra vin vizite li. Sandra kontan.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>De kilès istwa a pale ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Sandra ak de bon zanmi li.</p>
	<p>Ki jou de bon zanmi Sandra yo te vin vizite Sandra ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Sa te pase yon dimanch.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- <b>[Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>- An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Li fè yo antre nan salon an. Yo pale sou tout aktivite ki te fèt nan klas la pandan semèn nan.</b></p>	<p><b>[Li moso istwa a ankò ansanm ak elèv yo epi mande yo :]</b></p> <p>Ki bò Sandra te antre ak zanmi li yo ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Li fè yo antre nan salon an.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- <b>[Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>- An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Apre sa, Sandra mennen yo wè ti jaden li fè dèyè kay la. Se konsa, yon mabouya vin parèt. Yo rele : « Anmwey ! » Yo kouri rantre anndan kay la, yo fèmen pòt la.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki sa ki rive lè Sandra mennen de zanmi li yo wè ti jaden an ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Yon mabouya vin parèt. Yo rele : « Anmwey ! » Yo kouri rantre anndan kay la, yo fèmen pòt la.</p>

# LESON 53

ISTWA

KESYON E REPONS

– [Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :] –

Nou pral li dènye moso istwa a. Li byen.

**Yo tounen nan salon an. Yo bay blag sou jan mabayou a te fè yo pè. Youn t ap ri lòt. Jou sa a, yo te pase yon bon moman ansanm.**

[Apre sa mande elèv yo :] –

Ki sa yo fè apre lè yo fin fèmen pòt la ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repsons la.]

R : Yo bay blag sou jan mabayou a te fè yo pè.

Aktivite 7

## Li istwa (6 minit)

### a. Li istwa a ansanm

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Nou pral li ansanm. Tounen nan liv nou, nan paj leson 53 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### **Yon vizit**

**Yon dimanch, de bon zanmi Sandra vin vizite li. Sandra kontan. Li fè yo antre nan salon an. Yo pale sou tout aktivite ki te fèt nan klas la pandan semèn nan. Apre sa, Sandra mennen yo wè ti jaden li fè dèyè kay la. Se konsa, yon mabouya vin parèt. Yo rele : « Anmwey ! » Yo kouri rantre anndan kay la, yo fèmen pòt la. Yo tounen nan salon an. Yo bay blag sou jan mabouya a te fè yo pè. Youn t ap ri lòt. Jou sa a, yo te pase yon bon moman ansanm.**

### b. Li istwa de pa de

Kounye a, nou pral li istwa a de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa zanmi ki t ap koute a ap li istwa pou sa ki t ap li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

Aktivite 8

## Verifye prediksyon (3 minit)

Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a. [**Fè yon rapèl sou repsons elèv yo te bay yo.**]

2. Ki elèv ki ka di m kilès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [**Chwazi 4 elèv, 2 ti fi ak 2 ti gason epi bay fidbak pou chac repsons.**]

#### **Kesyon pa nou**

1. Èske nou konn fè jaden menm jan ak Sandra ? Esplike ki jan nou fè ?

2. Èske nou zanmi w yo konn vin vizite w ? Ki sa nou konn fè pou w fè kè yo kontan ?

**Aktivite 9****Koute byen epi fè bon mouvman an (3 minit)**

Mwen pral li kèk fraz youn apre lòt. Lè fraz mwen li a mache ak istwa a, n ap kanpe. Lè fraz la pa mache ak istwa a n ap chita. Nou pare !

1. Istwa a pale de Sandra ak zanmi li yo.
2. Sandra mennen zanmi li yo benyen nan rivyè a.
3. Sandra fè zanmi li yo antre nan salon an.
4. Sandra ak zanmi li yo te bay blag sou mabouya a.
5. Zanmi Sandra yo te vizite li yon samdi.

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap antann mwen ak tout moun

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Jodi a se joudlan.**

**Se jou kè kontan.**

**Jou tout timoun nan lari,**

**Tout fanmi reyini.**

**Se jou youn kenbe men lòt.**

**Se jou youn panse ak lòt.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap antann mwen ak tout moun**

[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a envite nou antann nou youn ak lòt pou lavi nou ka pi bèl. Sa vle di nou pa dwe nan batay youn ak lòt.**

Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 54 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

### Aktivite 3 **Ekri fraz (7 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak mo pou nou ekri fraz.

#### a. Ranje mo pou fòme fraz

Kounye a nou pral ranje mo ki an dezòd yo pou nou fè fraz ak yo. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj leson 54 la. Ale nan egzèsis # 1 an.

##### Toujou sonje

1. Yon fraz kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen.
2. Tout mo ki reprezante non yon moun, non yon vil oswa non yon peyi dwe kòmanse ak yon lèt majiskil.

##### Tou pa m

- Mo yo se : **bon – Antant – se – yon – bagay.**
- M ap ranje mo yo pou m ekri fraz la : **Antant se yon bon bagay.**
- [*Ekri fraz la sou tablo a, apre sa di elèv yo :*]
- Premye mo a se **Antant** paske li kòmanse ak lèt majiskil.
- Dènye mo a se **bagay** paske li gen yon pwen dèyè li.

##### An n fè l ansanm

- Mo yo se : **bon – Antant – se – yon – bagay.**
- An n ranje mo yo pou nou ekri fraz la : **Antant se yon bon bagay.**
- [*Ekri fraz la sou tablo a. Pase verifye sa elèv yo ekri nan kaye yo epi ba yo fidbak.*]

##### Se tou pa nou

- Mo yo se : **chat – debake – nan – la. – Konpè - fèt**
- Ranje mo yo epi ekri fraz la : **Konpè chat debake nan fèt la.**
- Kontinye fè egsèsis nan kaye nou.
- [*Pase verifye sa elèv yo ekri nan kaye yo epi ba yo fidbak.*]

#### b. Ekri byen

Nou pral kontinye ekri fraz. M ap li fraz la epi nou menm n ap ekri li nan kaye egzèsis nou. Sonje nou dwe di chak mo ki nan fraz la pandan n ap ekri yo. Ale nan egzèsis # 2 a.

##### Tou pa m

- Fraz la se : **Sourit ak rat rekonsilye ak chat.**
- M ap di mo yo pandan m ap ekri fraz la.
- [*Ekri fraz la sou tablo a.*]

##### An n fè l ansanm

- Fraz la se : **Sourit ak rat rekonsilye ak chat.**
- An nou di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
- [*Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri l nan kaye yo.*]

##### Se tou pa nou

- Koute fraz la : **Sourit ak rat fè yon bél fèt.**
- Di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
- An nou kontinye ak yon lòt fraz : **Jaki li pou papa li chak jou.**
- [*Li fraz la 2 fwa epi bay timoun yo tan pou yo ekri. Pase verifye si tout elèv yo ekri fraz la byen.*]

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 4

## Aktivite vokabilè (10 minit)

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : rekonsilyasyon

1. Leve men nou si nou konnen mo **rekonsilyasyon**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **rekonsilyasyon** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **rekonsilyasyon** vle di : **Antant ou jwenn ak yon moun ki te fache avèk ou. Egzanp : Anèt ak Jewòm fè yon bèle rekonsilasyon. Yo pa fache ankò.**
4. Kilès ki ka di m pou ki sa **rekonsilasyon** se yon bon bagay ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **rekonsilyasyon**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

### b. Dezyèm mo a se : kominote

1. Leve men nou si nou konnen mo **kominote**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **kominote** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **kominote** vle di : **Gwooup moun k ap viv ansanmn nan menm zòn. Egzanp : Polin se yon jèn fi nan kominote Lagodre.**
4. Kilès ki ka di m nan ki **kominote** l ap viv ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kominote**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Retounen nan kaye a. Ale nan paj leson 54 la pou nou fè egzèsis # 3 a.

## Aktivite 5 Imajine pou konprann (5 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]

Tit istwa jodi a, se : **Yon bèle antant**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.]

### b. Vizualizasyon : Yon sèl mo

Nou pral fè imajinasyon nou travay sou yon mo.

*Tou pa m*

- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **rat**.
- Mwen wè yon gwo **rat**. Li ki gen kat pat. Li kanpe devan yon ti twou.

*[[Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo rat.]]*

*An n fè l'ansanm*

- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **rat**. Chak moun ka imajine **rat** la nan fason pa li.

*[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo rat. Apre sa di :]*

- Mwen menm, mwen wè yon **rat** ki kanpe devan yon ti twou.

- E nou menm ? Ki sa nou te imajine sou mo **rat** la ?

*[Chwazi yon elèv epi di :]*

Ki jan ou wè **rat** la ye ?

*[Chwazi yon lòt elèv epi di :]*

Ki sa ou wè nan **rat** la ?

*Se tou pa nou*

- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **chat**.
- N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki sa ki sa l ap fè.
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **chat**.

*[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo chat. Apre sa di :]*

- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **chat**.

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo chat. Chak elèv ka imajine **chat** la nan fason pa li.]*

## Aktivite 6 Koute itswa (8 minit)

### a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon

Mwen pral li yon istwa pou nou moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Konpè Rat ak konpè Sourit t ap viv nan menm kay.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] De kilès istwa a pale ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Istwa a pale de konpè Rat ak konpè Sourit.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Nan okazyon joudlan, yo deside òganize yon gwo fèt. Yo kòmanse fè lis envite yo. Konpè Sourit mande konpè Rat pou li envite konpè Chat.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Nan ki okazyon yo te de deside òganize fèt la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Nan okazyon joudlan.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Konpè Rat di : « Mwen pa kwè nou ka fè konpè Chat konfyans non ! » Konpè Sourit reponn : « Joudlan se jou rekonsilyasyon. Konsa nou ka pwofite fè lapè ak pi gwo lènmi nou. » De zanmi yo tonbe dakò. Yo envite tout bét nan kominote a.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Pou ki sa konpè Rat pa t vle envite konpè chat ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Paske li pa t fè konpè Chat konfyans.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Jou fèt la, konpè chat debake. Li abiye fen tankou pan. Li ofri mesye yo yon bél bouke flè.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki sa ki rive lè jou fèt la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Konpè Chat debake. Li abiye fen kou pan. Li ofri mesye yo yon bél bouke flè.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Jou sa a, Chat, Rat, Chen, Sourit ak tout lòt zanmi yo fete san kè sote.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Pou ki sa jou sa a Chat, Rat, Chen, Sourit ak tout lòt zanmi yo fete san kè sote ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Paske yo te fè lapè ak pi gwo lènmi yo.</p>

## b. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

### **Yon bèl antant**

**Konpè Rat ak konpè Sourit t ap viv nan menm kay. Nan okazyon joudlan, yo deside òganize yon gwo fèt. Yo kòmanse fè lis envite yo. Konpè Sourit mande konpè Rat pou li envite konpè Chat. Konpè Rat di : « Mwen pa kwè nou ka fè konpè Chat konfyans non ! » Konpè Sourit reponn : « Joudlan se jou rekonsilyasyon. Konsa nou ka pwofite fè lapè ak pi gwo lènmi nou. » De zanmi yo tonbe dakò. Yo envite tout bêt nan kominote a. Jou fèt la, konpè chat debake. Li abiye fen tankou pan. Li ofri mesye yo yon bèl bouke flè. Jou sa a, Chat, Rat, Chen, Sourit ak tout lòt zanmi yo fete san kè sote.**

### Aktivite 7 **Verifye prediksyon**

Anvan nou te koute istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou koute istwa a. [*Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.*]
2. Ki elèv ki ka di m kilès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [*Chwazi 4 elèv, 2 ti fi ak 2 ti gason epi bay fidbak pou chak repons.*]

### **Kesyon pa nou**

1. Ki sa nou konn fè lè premye janvye rive ?
2. Èske nou se zanmi tout timoun ki nan klas la ? Pou ki sa ?

### Aktivite 8 **Koute byen epi reponn ak pouss (3 minit)**

Mwen pral li kèk fraz youn apre lòt. Lè fraz mwen li a mache ak istwa a leve pouss nou anlè lè fraz la pa mache ak istwa a mete pouss nou tèt anba. Nou pare !

1. Nan jou fèt la chat te manje anpil rat ak sourit. ↗
2. Jou sa a te gen yon bèl rekonsilyasyon ant sourit, rat ak chat. ↘
3. Fèt la te òganize nan okazyon joudlan. ↙
4. Jou sa a bêt yo te fete ak kè kase. ↖
5. Konpè chat te ofri mesye yo yon bèl bouke flè. ↘

### **Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [**Apre sa di :**] Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. [**Apre sa di :**] Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap fè espò pou m ka viv an sante

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Kouri, pedale, sote**

**Tankou danse ak naje**

**Tout sa yo se espò.**

**Se egzèsis pou kò.**

**Fòk nou pa sispann bouje**

**Pou nou ka rete an sante.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap fè espò pou m ka viv an sante**

[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a envite nou reflechi sou jan espò enpòtan pou pèmèt tout moun viv an sante.**

Aktivite 1

### **Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 55 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

Aktivite 2

### **Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

### Aktivite 3 **Ekri fraz (7 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak mo pou nou ekri fraz.

#### a. Ranje mo pou fòme fraz

Kounye a nou pral ranje mo ki an dezòd yo pou nou fè fraz ak yo. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj leson 55 la. Ale nan egzèsis # 1 an.

Toujou sonje

1. Yon fraz kòmanse ak yon lèt majiskil epi li fini ak yon pwen.
2. Tout mo ki reprezante non yon moun, non yon vil oswa non yon peyi dwe kòmanse ak yon lèt majiskil.

Tou pa m



- Mo yo se : **espò. – Richa – fè – Josèf – mennen**
- M ap ranje mo yo pou m ekri fraz la ki ka ekri de fason : **Richa mennen Jozèf fè espò.**  
oubyen  
**Jozèf mennen Richa fè espò.**  
*[Ekri fraz la sou tablo a, apre sa di elèv yo :]*
- Premye mo a se **Richa** oubyen **Josèf** paske yo kòmanse ak lèt majiskil. Dènye mo a se **espò** paske li gen yon pwen dèyè li.
- Sonje **Richa** ak **Josèf** se non moun. Donk y ap toujou kòmanse ak lèt majiskil.

An n fè l ansanm



- Mo yo se : **espò. – Richa – fè – Josèf – mennen**
- An n ranje mo yo pou nou ekri fraz la ki ka ekri de fason : **Richa mennen Jozèf fè espò.**  
oubyen  
**Jozèf mennen Richa fè espò.**  
*[Ekri fraz la sou tablo a. Pase verifye sa elèv yo ekri nan kaye yo epi ba yo fidbak.]*

Se tou pa nou



- Mo yo se : **konkou - Leyàn - karate - a. - nan - chanpyon**
- Ranje mo yo epi ekri fraz la : **Leyàn chanpyon nan konkou karate a.**
- Kontinye fè egsèsis nan kaye nou.  
*[Pase verifye sa elèv yo ekri nan kaye yo epi ba yo fidbak.]*

## b. Ekri byen

Nou pral kontinye ekri fraz. M ap li fraz la epi nou menm n ap ekri li nan kaye egzèsis nou. Sonje nou dwe di chak mo ki nan fraz la pandan n ap ekri yo. Ale nan egzèsis # 2 a.

Tou pa m

- Fraz la se : **Kaliks renmen gade match Ayiti.**
- M ap di mo yo pandan m ap ekri fraz la.

*[Ekri fraz la sou tablo a.]*

An n fè l ansanm

- Fraz la se : **Kaliks renmen gade match Ayiti.**
  - An nou di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
- [Ekri fraz la sou tablo a pandan elèv yo ap ekri l nan kaye yo.]*

Se tou pa nou

- Koute fraz la : **Espò bon pou sante nou.**
  - Di mo yo pandan n ap ekri fraz la.
  - An nou kontinye ak yon lòt fraz : **Foutbòl se yon bél espò.**
- [Li fraz la 2 fwa epi bay timoun yo tan pou yo ekri. Pase verifye si tout elèv yo ekri fraz la byen.]*

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 4

## Aktivite vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : ekip

1. Leve men nou si nou konnen mo **ekip**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **ekip** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **ekip** vle di : **Gwooup moun ki mete tèt yo ansanm pou yo fè yon espò.**  
**Egzanz : Leyon jwe nan menm ekip ak Jinèt.**
4. Kilès ki ka di m pou ki sa li konn antre nan yon **ekip** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ekip**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

### b. Dezyèm mo a se : espò

1. Leve men nou si nou konnen mo **espò**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **espò** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **espò** vle di : **Egsèsis moun fè ak kò yo pou yo rete an sante.**  
**Egzanz : Terèz fè espò chak maten.**
4. Kilès ki konn fè **espò** ? Ki **espò** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **espò**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**Aktivite 5 Revizyon mo vokabilè (4 minit)**

Nan jou pase yo, nou te aprann plizyè mo vokabilè. Nou sonje ? Kounye a, nou pral revize mo vokabilè nou te aprann yo. An nou tounen nan kaye a pou nou fè egzèsis # 3 a.

**Aktivite 6 Imajine pou konprann (6 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

**a. Prediksyon dapre tit istwa a**

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :*]

Tit istwa jodi a se : **An nou fè espò**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

**b. Prediksyon daprè desen**

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

[*Montre desen an epi di :*]

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

**Aktivite 7 Li itswa pou jwenn enfòmasyon (5 minit)**

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Apre chak moso istwa nou li, mwen pral poze nou kèk kesyon. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPONS
<ul style="list-style-type: none"> <li>- [<b>Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :</b>]</li> <li>- An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Chak maten Alen pran plezi gade yon ekip mesyedam sou katye a k ap fè espò.</b></p>	<p>[<b>Apre sa mande elèv yo :</b>]</p> <p>Kilès ki renmen gade mesyedam yo lè y ap fè espò ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p>R : Alen.</p>

	<p>Chak kilè mesyedam yo fè espò ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p>R : Chak maten.</p>
--	---

# LESON 55

ISTWA

KESYON E REPONS

Ki bò mesyedam yo fè espò ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.*]

R : Sou katye a.

– [Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]

– An n kontinye li istwa a. Li byen.

**Yon jou li mande papa li :** « Pou ki sa moun dwe fè espò ? » **Papa li reponn :** « Lè moun fè espò, sa pèmèt li viv an sante. »

[Apre sa mande elèv yo :]

Pou ki sa moun dwe fè espò ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.*]

R : Paske lè moun fè espò sa pèmèt li viv an sante.

– [Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :]

– Nou pral li dènye moso istwa a. Li byen.

**Depi jou sa a Alen deside fè espò chak maten.**

[Apre sa mande elèv yo :]

Pou ki sa Alen deside fè espò chak maten ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.*]

R : Alen deside fè espò paske li vle rete an sante.

## Aktivite 8

### Li istwa (6 minit)

#### a. Li istwa a ansanm

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Nou pral li ansanm. Tounen nan liv nou, nan paj leson 55 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

**An nou fè espò**

**Chak maten Alen pran plezi gade yon ekip mesyedam sou katye a k ap fè espò. Yon jou li mande papa I :** « Pou ki sa moun dwe fè espò ? » **Papa I reponn :** « Lè moun fè espò, sa pèmèt li viv an sante. » **Depi jou sa a Alen deside fè espò chak maten.**

#### b. Li istwa de pa de

Kounye a, nou pral li istwa a de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi I ap li istwa a pou li. Apre sa zanmi ki t ap koute a ap li istwa pou sa ki t ap li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

**Aktivite 9 Verifye prediksyon (3 minit)**

Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a. **[Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.]**
2. Ki elèv ki ka di m kilès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ? **[Chwazi 4 elèv, 2 ti fi ak 2 ti gason epi bay fidbak pou chak repons.]**

**Kesyon pa nou**

1. Èske nou konnen yon moun ki pa renmen fè espò ? Ki sa nou konn wè li fè ?
2. Eske nou konn fè espò ? Ki sa nou fè lè n ap fè espò ?

**Aktivite 10 Koute byen epi fè bon mouvman an (3 minit)**

Mwen pral li kèk fraz youn apre lòt. Lè fraz mwen li a mache ak istwa a, n ap kanpe. Lè fraz la pa mache ak istwa a n ap chita. Nou pare !

1. Lè moun fè espò sa pèmèt li viv an sante.
2. Alen konn gade moun k ap fè espò chak swa.
3. Alen mande papa l pou ki sa moun dwe fè espò.
4. Alen deside al fè espò chak maten.
5. Tit istwa a se jwe foutbòl.

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di:]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di:]** Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Kilti peyi m rich anpil

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Karako pa mete ak chapo.**

**Karabela pa mache san mouchwa.**

**Depi mwen wè chapo pay**

**Mwen di sa se pwodui lakay.**

**Viv kilti nou !**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Kilti peyi m rich anpil**

[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a fè nou panse gen anpil bél bagay yon moun ka apresye nan kilti peyi d Ayiti. Se yon kilti ki rich anpil.**

Aktivite 1

### Marye son pou fòme mo (4 minit)

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m

[Ekri mo a sou tablo a.]

– / b/ /o/ /n/ /è/ = bonè

An n fè l ansanm

– / b/ /o/ /n/ /è/ = bonè

Tou pa nou

– / b/ /o/ /n/ /è/ = bonè

An n kontinye ak kèk lòt mo :

[Ekri mo sa yo sou tablo a.]

leve , kay, rive , soup,  
joumou

Aktivite 2

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 56 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

Aktivite 3

### Li fraz (3 minit)

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 4 Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : endepandans**

1. Leve men nou si nou konnen mo **endepandans**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **endepandans** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **endepandans** vle di : **Kalite yon peyi ki pa anba dominasyon yon lòt peyi. Egzanp : Pou yon peyi lib fòk li gen endepandans.**
4. Kilès ki ka di m ki dat fêt **endepandans** peyi d Ayiti ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **endepandans**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**b. Dezyèm mo a se : marenne**

1. Leve men nou si nou konnen mo **marenne**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **marenne** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **marenne** vle di : **Fi ki mennen yon timoun legliz pou I ka batize. Egzanp : Nawomi se marenne Onèl.**
4. Kilès ki ka di m non **marenne** li ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **marenne**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 56 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tramble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

**Aktivite 5 Imajine pou konprann (5 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

**a. Prediksyon dapre tit istwa a**

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :.*]

Tit istwa jodi a, se : **Marenne ak fiyèl**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.]*

# LESON 56

## b. Vizyalizasyon : Yon sèl mo

Nou pral fè imajinasyon nou travay sou yon mo.

Tou pa m

- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **joumou**.
- Mwen wè yon **joumou** byen jòn. L ap bouyi nan yon gwo chodyè.

*[Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo joumou.]*

An n fè l ansanm

- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **joumou**. Chak moun ka imajine **joumou** an nan fason pa li.

*[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo joumou an.]*

Apre sa di :]

- Mwen menm, wè yon **joumou** byen jòn ki ap bouyi nan yon gwo chodyè.
- E nou menm ? Ki sa nou te imajine sou mo **joumou** ?

*[Chwazi yon elèv epi di :]*

Ki jan ou wè **joumou** an ye ?

*[Chwazi yon lòt elèv epi di :]*

Ki bò ou wè **joumou** an ?

Se tou pa nou

- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **konprès**.
- N ap imajine ki jan li ye ak ki bò li ye.
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **konprès**.

*[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo konprès. Apre sa di :]*

- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **konprès**.

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo konprès. Chak elèv ka imajine konprès la nan fason pa li.]*

Aktivite 6

## Koute itswa (8 minit)

### a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon

Mwen pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPONS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <i>[Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</i></li> <li>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Premye janvye se jou endependans Ayiti. Jou sa a, tout moun bwè soup joumou. Jilyèt li menm toujou renmen ale bwè soup kay maren li Dadou.</b></p>	<p><i>[Apre sa mande elèv yo :]</i> Kilès ki renmen al bwè soup kay maren li Dadou ?</p> <p><i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i></p> <p>R : Jilyèt.</p>

<ul style="list-style-type: none"> <li>– <i>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</i></li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Soup maren Dadou se koupe dwèt ! Yon premye janvye, Jilyèt leve byen bonè li ale kay maren li.</b></p>	<p><i>[Apre sa mande elèv yo :]</i> Ki jou Jilyèt te ale kay maren li ?</p> <p><i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i></p> <p>R : Premye janvye.</p>
--	---

## ISTWA

## KESYON E REPOSNS

Ki jan soup maren Dadou ye ?

**R :** Soup maren Dadou se koupe dwèt (li gou anpil).

– [Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]

– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.

**Lè li rive, li pa pran sant soup la k ap bouyi.**

**San pèdi tan, Jilyèt antre anndan kay la. Li wè maren li kouche ak lafayèv. Jilyèt fè konprès pou li.**

[Apre sa mande elèv yo :]

Ki sa Jilyèt fè lè li wè maren li kouche ak lafayèv ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]

**R :** Jilyèt fè konprès pou li.

– [Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]

– Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen.

**Apre sa, li prepare yon soup pen pou maren li.**

**Dadou di Jilyèt : « Ou se youn nan pi bon fiyèl mwen yo ! » Jilyèt kontan, li anbrase maren li.**

[Apre sa mande elèv yo :]

Pou ki sa Dadou di Jilyèt : « Ou se youn nan pi bon fiyèl mwen yo ! » ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]

**R :** Paske Jilyèt pran swen li pandan li malad la.

## b. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

### Maren ak fiyèl

**Premye janvye se jou endepandans Ayiti. Jou sa a, tout moun bwè soup joumou. Jilyèt li menm toujou renmen ale bwè soup kay maren Dadou. Soup maren Dadou se koupe dwèt ! Yon premye janvye, Jilyèt leve byen bonè li ale kay maren li. Lè li rive, li pa pran sant soup la k ap bouyi. San pèdi tan, Jilyèt antre anndan kay la. Li wè maren li kouche ak lafayèv. Jilyèt fè konprès pou li. Apre sa, li prepare yon soup pen pou Maren li. Dadou di Jilyèt : « Ou se youn nan pi bon fiyèl mwen yo ! » Jilyèt kontan, li anbrase maren li.**

### Kesyon pa nou

1. Eske nou renmen istwa sa a ? Pou ki sa ?
2. Eske nou konnen yon moun ki fè soup joumou byen ? Ki jan li fè soup la ?

## Aktivite 7

### **Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [*Li konsiy yo pou elèv yo.*]

#### **Ekri pou sonje (4 minit)**

Nan lesон jodi a nou te pale **sou jou endependans** Ayiti. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. Premye Janvye se fêt endependans Ayiti.
2. Premye Janvye, tout Ayisyen renmen bwè soup joumou.

#### **Sa nou te aprann nan lesон jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesон jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [**Apre sa di :**] Kilès ki ka di tèm lesон jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesон an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesон an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesон an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. [**Apre sa di :**] Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

**TÈM LESON AN : Zwazo gen plas yo nan lanati****Kontin (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**Lanati plen ak richès.**

**Chak zannimo se yon pyès enpòtan.**

**Ti zwazo yo mèt vole toupatou,**

**Mwen p ap nui yo;**

**Paske yo tout gen plas yo nan lanati.**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

**Di sa n panse (3 minit)**

Tèm lesон jodi a se : **Zwazo gen plas yo nan lanati**

*[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a envite nou rekonèt zwazo yo gen dwa viv alèz paske yo gen plas yo nan lanati.**

**Aktivite 1    Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 57 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

**Aktivite 2    Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

## Aktivite 3

### Aktivite vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

#### a. Premye mo a se : seche

1. Leve men nou si nou konnen mo **seche**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **seche** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **seche** vle di : **Fè dlo soti nan yon bagay. Egzanp : Klodèl ap seche farin manyòk pou li fè kasav.**
4. Kilès ki ka di m non kèk bagay li konn **seche** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **seche**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

#### b. Dezyèm mo a se : glasi

1. Leve men nou si nou konnen mo **glasi**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **glasi** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **glasi** vle di : **Kote plat yo simante pou seche dire, mayi, pwa ak lòt kalite danre. Egzanp : Jil mete mayi a seche sou glasi a.**
4. Kilès ki ka di m ki kote li konn wè **glasi** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **glasi**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

#### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj leson 57 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

### **Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 4

### Imajine pou konprann (6 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

#### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : **Kalo ak madansara yo.**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

## b. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

**[Montre desen an epi di :]**

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. **[30 segonn]**

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**

3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

## Aktivite 5 **Li itswa**

### a. Li istwa pou jwenn enfòmasyon

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou li. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Woy ! Men madansara yo ap manje mayi Kalo yo !</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> De kilès istwa a pale ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Istwa a pale de Kalo ak madansara yo.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Se toujou konsa, chak maten lè Kalo mete mayi seche sou glasi a, madansara vin manje yo.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Ki kote Kalo seche mayi li yo ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Sou glasi a.</p>
	<p>Ki bèt ki konn vin manje mayi Kalo yo ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Madansara yo vin manje mayi yo.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– Nou pral li dènye moso istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Men Kalo pa t vle tann pyèj pou yo. Li kouri dèyè yo paske li pa vle touye yo. Kalo panse madansara yo gen plas yo sou latè menm jan ak moun.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Pou ki sa Kalo pa t vle touye madansara yo ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Li pa t vle touye madansara yo paske li panse yo gen plas yo sou latè menm jan ak moun.</p>

## b. Li istwa annantye

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Nou pral li ansanm. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### Kalo ak madansara yo

**Woy ! Men madansara yo ap manje mayi Kalo yo ! Se toujou konsa, chak maten lè Kalo mete mayi seche sou glasi a, madan sara vin manje yo. Men Kalo pa vle tann pyèj pou yo. Li kouri dèyè yo paske li pa vle touye yo. Kalo panse madansara yo gen plas yo sou latè menm jan ak moun.**

## c. Li istwa de pa de

Kounye a, nou pral li istwa a de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa zanmi ki t ap koute a ap li istwa pou sa ki t ap li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### Aktivite 6 **Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [*Li konsiy yo pou elèv yo.*]

### Ekri pou sonje (4 minit)

Nan leson jodi a nou te pale **sou plas zwazo yo nan lanati**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. Gen anpil bèl zwazo ann Ayiti.
2. Zwazo yo fè lanati pi bèl.

### Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [*Apresadi*] Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. [*Apresadi*] Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Mwen ka ede moun ak yon bon jès.

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**Ede m ap ede.**

**M ap ede tout moun.**

**Granmoun kou timoun bezwen èd mwen.**

**Ede yon moun se yon bon jès.**

**Lè m ede lòt yo mwen santi m itil.**

**M ap ede paske youn bezwen de lòt.**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Mwen ka ede moun ak yon bon jès.**

*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse jan yon bon jès nou fè ka pèmèt nou sove lavi lavi yon lòt moun.**

Aktivite 1

### Marye son pou fòme mo (4 minit)

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m



*[Ekri mo a sou tablo a.]*

– / l / /an/ /m/ /è/ = lanmè

An n fè l ansanm



– / l / /an/ /m/ /è/ = lanmè

Tou pa nou



– / l / /an/ /m/ /è/ = lanmè

An n kontinye ak kèk lòt mo :

*[Ekri mo sa yo sou tablo a.]  
vwalye, lanm, dlo, vwal*

Aktivite 2

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 58 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

## Aktivite 3 Li fraz (3 minit)

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

## Aktivite 4 Aktivite vokabilè (10 minit)

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : pasajè

1. Leve men nou si nou konnen mo **pasajè**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **pasajè** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **pasajè** vle di : **Moun ki peye yon plas nan yon veyikil pou li vwayaje. Egzanp : Pasajè yo monte bato a.**
4. Kilès ki ka di m ki kote li konn wè **pasajè** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pasajè**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

### b. Dezyèm mo a se : pwovèb

1. Leve men nou si nou konnen mo **pwovèb**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **pwovèb** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **pwovèb** vle di : **Pawòl yon moun di pou bay yon konsèy. Egzanp : « Yon sèl dwèt pa manje kalalou. », se yon pwovèb kreyòl.**
4. Kilès ki ka di m yon **pwovèb** li konnen ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pwovèb**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 58 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 5 Imajine pou konprann (5 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]

Tit istwa jodi a, se : **Tèt ansanm**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.]

### b. Vizyalizasyon : Yon sèl mo

Nou pral fè imajinasyon nou travay sou yon mo.

*Tou pa m*

- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **lanmè**.
- Mwen wè yon **lanmè**. Se yon gwo dlo ble ki gen lanm. Li gen pwason krab kribich ak tout lòt kalite bét.

*[Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo lanmè.]*

*An n fè l'ansanm*

- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **lanmè**. Chak moun ka imajine **lanmè** a nan fason pa li.

*[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo lanmè a. Apre sa di :]*

- Mwen menm, mwen wè yon **lanmè**. Se yon gwo dlo ble ki gen lanm. Li gen pwason, lanbi ak divès lòt kalite bét.
- E nou memm ? Ki sa nou te imajine sou mo **lanmè** ?

*[Chwazi yon elèv epi di :]*

Ki jan ou wè **lanmè** a ye ?

*[Chwazi yon lòt elèv epi di :]*

Ki sa ou wè nan **lanmè** a ?

*Se tou pa nou*

- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **bato**.
- N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki sa ki ladan l.
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **bato**.

*[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo bato. Apre sa di :]*

- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **bato**.

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo bato. Chak elèv ka imajine bato la nan fason pa li.]*

## Aktivite 6 **Koute itswa (8 minit)**

### a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon

Mwen pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPONS
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Chak vakans, Fedlè al vizite yon zòn nan peyi a. Li déjà vizite Senmak ak Wanament.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Kilès ki déjà vizite Senmak ak Wanament ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> R : Fedlè.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Vakans la rive, li deside al vizite zile Lagonav. Jedi maten, li met deyò.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki zile Fedlè te deside al vizite ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> R : Zile Lagonav.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Li monte yon vwalye pou li ale Lagonav. Lanmè a poze. Fedlè ap bay pasajè yo blag. Men yon sèl kou, tan an mare.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Sou ki sa Fedlè te monte pou li te ale Lagonav ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> R : Li te monte sou yon vwalye pou li te ale Lagonav.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Lapli kòmanse tonbe. Dlo kòmanse anvayi vwalye a. Tout moun panike.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Pou ki sa tout moun panike ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> R : Tout moun te panike paske dlo te kòmanse anvayi vwalye a.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Men Fedlè mande tout moun pou yo rete kè kal. Li pran yon vesò nan valiz li. Li kòmanse jete dlo nan lanmè a. Li mande tout moun fè menm jan ak li. Finalman vwalye a rive Lagonav. Jou sa a, Fedlè reyisi fè yo konprann sans pwovèb ki di : « Men anpil chay pa lou. »</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] <b>Chwazi repons ki kòrèk la</b> Daprè Fedlè pwovèb « Men anpil chay pa lou » vle di :           <ol style="list-style-type: none"> <li>Chak moun ap okipe zafè yo.</li> <li>Tout moun dwe mete men.</li> <li>Tout moun dwe tann.</li> </ol> <p>R : Tout moun dwe mete men.</p> </p>

## b. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

### Tèt ansanm

**Chak vakans, Fedlè al vizite yon zòn nan peyi a. Li déjà vizite Senmak ak Wanament. Vakans la rive, li deside ale vizite zile Lagonav. Jedi maten, li mete deyò. Li monte yon vwalye pou li ale Lagonav. Lanmè a poze. Fedlè ap bay pasajè yo blag. Men yon sèl kou, tan an mare. Lapli kòmanse tonbe. Dlo kòmanse anvayi vwalye a. Tout moun panike. Men Fedlè mande tout moun pou yo rete kè kal. Li pran yon vesò nan valiz li. Li kòmanse jete dlo nan lanmè a. Li mande tout moun fè menm jan ak li. Finalman vwalye a rive Lagonav. Jou sa a, Fedlè reyisi fè yo konprann sans pwovèb ki di : « Men anpil chay pa lou. »**

### Kesyon pa nou

1. Eske nou konn wè yon bato déjà ? Ki jan li fèt ?
2. Eske nou konn mete tèt ansanm ak zanmi nou yo pou nou fè yon aktivite ? Ki jan nou fè ?

### Aktivite 7 **Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [*Li konsiy yo pou elèv yo.*]

### Ekri pou sonje (4 minit)

Nan leson jodi a nou te pale **sou enpòtans tèt ansanm**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou.

1. Tèt ansanm se bèl bagay.
2. Ak yon ti jès mwen ka sove lavi lòt moun.

### Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [*Apre sa di :*] Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. [*Apre sa di :*] Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Map kenbe sous dlo yo pwòp

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Gade dlo, gade dlo,  
Mezanmi dlo agogo.  
N ap plante banbou,  
Pou n pwoteje sous toupatou  
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Map kenbe sous dlo yo pwòp**  
[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?  
[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]  
[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a aprann nou pou nou kenbe sous dlo pwòp yon fason pou dlo n ap bwè a paf è nou malad.**

#### Aktivite 1 Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 59 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

#### Aktivite 2 Li fraz (3 minit)

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 3 Aktivite vokabilè (10 minit)**

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : mèt**

1. Leve men nou si nou konnen mo **mèt**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **mèt** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **mèt** vle di : **Moun ki posede yon bagay. Egzanp : Se Natacha ki mèt kaye sa a.**
4. Si kreyon an se pou Jil, ki moun ki ka di m kilès ki **mèt** kreyon an ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **mèt**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**b. Dezyèm mo a se : sous**

1. Leve men nou si nou konnen mo **sous**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **sous** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **sous** vle di : **Kote dlo soti nan tè a. Egzanp : Polin al pran dlo nan sous la.**
4. Kilès ki ka di m ki kote li te wè yon **sous** deja ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **sous**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesion 59 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

**Aktivite 4 Imajine pou konprann (6 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

**a. Prediksyon dapre tit istwa a**

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou table a epi di :*]

Tit istwa jodi a se : **Sous dlo**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.*]

## b. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

**[Montre desen an epi di :]**

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. **[30 segonn]**
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

### Aktivite 5

### Lekti itswa

#### a. Li istwa pou jwenn enfòmasyon

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou li. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPONS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Mina toujou ale pran dlo nan yon sous dlo ki tou pre lakay li a. Nan zòn nan gen anpil pyebwa.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Kilès ki toujou al pran dlo nan sous la ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Mina.</p>

	<p>Ki sa ki genyen nan zòn nan ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Nan zòn nan gen anpil pyebwa.</p>
--	--

<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Yon lendi, li sezi wè yon cheval k ap pipi nan sous la. Mina santi li kontrarye. Li deside al pale ak mèt cheval la.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki sa ki fè Mina sezi ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Mina sezi paske li wè yon cheval k ap pipi nan sous la.</p>
--	--

<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An nou li dènye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Li di li : « Ou pa konnen ou pa dwe mare bêt tou pre sous la ? » Mesye a reponn : « Mwen mare bêt mwen kote mwen vle. » Apre sa, Mina fè li konnen sous la itil tout moun nan zòn nan. Si dlo a sal, li ka lakòz tout moun malad. Mèt cheval la dakò ak Mina.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki konsèy Mina te bay mèt cheval la ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Mina fè mèt cheval la konnen sous la itil tout moun nan zòn nan. Si dlo a sal, li ka lakòz tout moun malad.</p>
---	--

## b. Li istwa annantye

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Nou pral li ansanm. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### Sous dlo

**Mina toujou ale pran dlo nan yon sous dlo ki tou pre lakay li a. Nan zòn nan gen anpil pyebwa. Yon lendi, li sezi wè yon cheval k ap pipi nan sous la. Mina santi li kontrarye. Li deside al pale ak mèt cheval la. Li di li : « Ou pa konnen ou pa dwe mare bét tou pre sous la ? » Mesye a reponn : « Mwen mare bét mwen kote mwen vle. » Apre sa, Mina fè li konnen sous la itil tout moun nan zòn nan. Si dlo a sal, li ka lakòz tout moun malad. Mèt cheval la dakò ak Mina.**

## c. Li istwa de pa de

Kounye a, nou pral li istwa a de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa zanmi ki t ap koute a ap li istwa pou sa ki t ap li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### Kesyon pa nou

1. Eske nou konn wè yon sous déjà ? Kilès ki ka di m ki jan sous la ye ?
2. Eske gen bèf ak cheval bò lakay nou ? Ki jan yo ye ?

## Aktivite 6 **Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [*Li konsiy yo pou elèv yo.*]

### Ekri pou sonje (4 minit)

Nan leson jodi a nou te pale **sou jan pou nou pwoteje sous dlo yo**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. Bèt yo pa dwe mare pre sous dlo yo.
2. Tout moun dwe pwoteje sous dlo yo.

### Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [*Apre sa di :*] Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. [*Apre sa di :*] Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap respekte tout sa zansèt mwen yo kite.

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

Onè, respè pou zansèt nou yo.

Yo te batay pou ba nou libète.

N ap pwoteje tout sa yo kite pou nou.

N ap toujou sonje tout gwo sakrifis yo te fè.

Nou p ap janm sispann ba yo valè.

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap respekte tout sa zansèt mwen yo kite.**

[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a pale de zansèt yo. Sa vle di moun ki te la lontan anvan nou epi ki te lite jis yo mouri pou ban nou libète. Nou dwe respekte tout travay yo te fè kite pou nou.**

Aktivite 1

### Marye son pou fòme mo (4 minit)

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m

[Ekri mo a sou tablo a.]

– /n/ /e/ /t/ /w/ /a/ /y/ /a/ /j/ =  
netwayaj

An n fè l ansanm

– /n/ /e/ /t/ /w/ /a/ /y/ /a/ /j/ =  
netwayaj

Tou pa nou

– /n/ /e/ /t/ /w/ /a/ /y/ /a/ /j/ =  
netwayaj

An n kontinye ak kèk lòt mo :

[Ekri mo sa yo sou tablo a.]  
pwòpte, bale, wouze, lave

Aktivite 2

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 60 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 3    Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 4    Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : kanno**

1. Leve men nou si nou konnen mo **kanno**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **kanno** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **kanno** vle di : **Gwo zanm ki fèt an fè ki te konn sèvi pou tire boulèt lè gen lagè. Egzanp : Gen plizyè kanno nan fò a.**
4. Kilès ki wè yon konno deja ? Ki kote nou konn wè **kanno** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kanno**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

**b. Dezyèm mo a se : zansèt**

1. Leve men nou si nou konnen mo **zansèt**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **zansèt** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **zansèt** vle di : **Moun ki te la lontan anvan nou. Egzanp : Desalin se youn nan zansèt nou yo.**
4. Kilès ki ka di m non yon lòt **zansèt** li konnen ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **zansèt**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesion 60 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 5 Imajine pou konprann (5 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]*

Tit istwa jodi a, se : **Fò Jak**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.]*

### b. Vizualizasyon : Yon sèl mo

Nou pral vizualize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

*Tou pa m*

- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **fò**.
- Mwen wè yon **fò** ki fèt ak yon bann gwo wòch solid. Fò a sou yon tèt mòn.

[*Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo **fò**.]*

*An n fè l ansanm*

- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **fò**. Chak moun ka imajine **fò** a nan fason pa li.

[*Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo **fò** a. Apre sa di :]*

- Mwen menm, mwen wè yon **fò** ki fèt ak yon bann gwo wòch solid. Fò a sou yon tèt mòn.
- E nou menm ? Ki sa nou te imajine sou mo **fò** ?

[*Chwazi yon elèv epi di :]*

Ki jan ou wè **fò** a ye ?

[*Chwazi yon lòt elèv epi di :]*

Ki sa ou wè nan **fò** a ?

*Se tou pa nou*

- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **bis**.
- N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki sa ki ladan l.
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **bis**.

[*Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo **bis**. Apre sa di :]*

- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **bis**.

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo **bis**. Chak elèv ka imajine **bis** la nan fason pa li.]*

**Aktivite 6 Koute itswa (8 minit)**
**a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon**

Mwen pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>17 oktòb se anivèsè lanmò Desalin. Nan okazyon sa a, Natan, Jid, ak Ani ale Fò Jak.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] De kilès istwa a pale ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> R : Istwa a pale de Natan, Jid, ak Ani.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Byen bonè nan maten, yo pran bis. Tout wout la se mòn sèlman. Plis y ap monte se plis li fè frèt.</b></p>	<p><b>Chwazi repons ki kòrèk la Natan, Jid, ak Ani ale Fò Jak :</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Apye</li> <li>b. Sou cheval</li> <li>c. Nan bis.</li> </ul> <p><b>R : Natan, Jid, ak Ani ale Fò Jak nan bis</b></p>
	<p><b>Bay repons ki kòrèk la Sou wout la li te fè :</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>a. Cho</li> <li>b. Frèt</li> </ul> <p><b>R : Sou wout la li te fè frèt.</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Lè yo rive, yo wè kanno ak boulèt kanno. Yo vizite tout chanm yo. Gen ladan yo ki fènwa anpil. Lè yo kanpe sou fò a, yo wè tout vil Pòtoprens. Nan pita, pandan y ap manje, yon kout loray pati. Menm kote a, lapli kòmanse tonbe.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki sa yo te wè lè yo rive nan fò a ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> R : Lè yo rive, yo wè kanno ak boulèt kanno.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Yo pran wout pou tounen lakay yo. Yo pa ka jwenn machin. Y ap mouye. Se konsa, yo tande yon klaksòn. Se yon bis. Yo monte ladan li. Lapli mouye yo men yo te kontan vizite zèv zansèt yo.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki jan te santi yo apre vizit la ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> R : Yo te kontan vizite zèv zansèt yo.</p>

# LESON 60

## b. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

### Fò Jak

**17 oktòb se anivèsè lanmò Desalin. Nan okazyon sa a, Natan, Jid, ak Ani ale Fò Jak. Byen bonè nan maten, yo pran bis. Tout wout la se mòn sèlman. Plis y ap monte se plis li fè frèt. Lè yo rive, yo wè kanno ak boulèt kanno. Yo vizite tout chanm yo. Gen ladan yo ki fènwa anpil. Lè yo kanpe sou fò a, yo wè tout vil Pòtoprens. Nan pita, pandan y ap manje, yon kout loray pati. Menm kote a, lapli kòmanse tonbe. Yo pran wout pou tounen lakay yo. Yo pa ka jwenn machin. Y ap mouye. Se konsa, yo tande yon klaksòn. Se yon bis. Yo monte ladan li. Lapli mouye yo men yo te kontan vizite zèv zansèt yo.**

### Kesyon pa nou

1. Eske nou al vizite yon fò déjà ? Kilès ki ka di m ki fò li te vizite epi ki jan li te wè fò a ?
2. Eske nou renmen moun ki toujou pwòpte kote l ap viv ? Pou ki sa ?

### Aktivité 7 **Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [*Li konsiy yo pou elèv yo.*]

### Ekri pou sonje (4 minit)

Nan lesyon jodi a nou te pale **sou nesesite pou nou pwoteje zèv zansèt yo**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou memm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. Fò Jak se yon moniman ki raple nou istwa Ayiti.
2. Mwen dwe pwoteje sa zansèt yo te konstwi.

### Sa nou te aprann nan lesyon jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesyon jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm lesyon jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesyon an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesyon an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesyon an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Mwen renmen tande pawòl granmoun yo

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**Granmoun yo se zanmi nou.**

**Yo toujou la pou nou.**

**Yo ba nou bon konsèy,**

**Nou p ap fè yo fache.**

**N ap respekte yo,**

**N ap sipòte yo lè yo pa kapab.**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Mwen renmen tande pawòl granmoun yo.**

*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a envite nou respekte pawòl granmoun yo paske eksperyans yo ap ede nou grandi.**

### Aktivite 1 Marye son pou fòme mo (4 minit)

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

**Tou pa m**

*[Ekri mo a sou tablo a.]*  
 - / r / /a/ /k / /on/ /t / /e/ =  
**rakonte**

**An n fè l ansanm**

- / r / /a/ /k / /on/ /t / /e/ =  
**rakonte**

**Tou pa nou**

- / r / /a/ /k / /on/ /t / /e/ =  
**rakonte**

An n kontinye ak kèk lòt mo :

*[Ekri mo sa yo sou tablo a.]*  
**Aswè, chita, lepè, richès, anpil**

### Aktivite 2 Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 61 an. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

## Aktivite 3 Li fraz (3 minit)

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

## Aktivite 4 Aktivite vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : bouk

1. Leve men nou si nou konnen mo **bouk**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **bouk** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **bouk** vle di : **Yon ti vil ki pa gen anpil moun. Egzanp : Papouch lekòl nan bouk la.**
4. Kilès ki ale nan yon kouk déjà ? Ki sa nou konn wè nan **bouk** la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **bouk**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

### b. Dezyèm mo a se : dodin

1. Leve men nou si nou konnen mo **dodin**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **dodin** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **dodin** vle di : **Chèz an bwa ki fèt pou balanse. Egzanp : Matin chita sou dodin nan.**
4. Kilès ki ka di m ki kote li te wè yon **dodin** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **dodin**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 61 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

**Aktivite 5 Imajine pou konprann (6 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

**a. Prediksyon dapre tit istwa a**

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]*

Tit istwa jodi a se : **Kay pè Katò**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

**b. Prediksyon daprè desen**

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

[*Montre desen an epi di :]*

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

**Aktivite 6 Lekti itswa****a. Li istwa pou jwenn enfòmasyon**

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou li. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [<i>Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</i></li> <li>– An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Nan bouk Latousen, gen yon granmoun ki rele Katò. Tout moun rele li pè Katò. Li saj.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>De kilès istwa a pale ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p><b>R :</b> Istwa a pale de yon granmoun ki rele pè Katò.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [<i>Li moso istwa a ankò ansanm ak elèv yo epi mande yo :]</i></li> </ul>	<p>Ki bò li rete ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p><b>R :</b> Li rete nan bouk Latousen.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [<i>Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]</i></li> <li>– An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Depi aswè rive, tout timoun nan katye a ale lakay pè Katò. Li chita sou yon dodin. L ap rakonte timoun yo istwa.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki lè li rakonte timoun yo istwa ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p><b>R :</b> Depi aswè rive.</p>

# LESON 61

ISTWA

KESYON E REPONS

– [Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :]

– Nou pral li dènye moso istwa a. Li byen.

**Gras ak pè Katò, timoun yo konn anpil istwa ki te pase nan tan lontan. Pè Katò tounen yon pwofesè istwa pou timoun nan zòn nan.**

[Apre sa mande elèv yo :]

Ki sa pè Katò tounen pou timoun nan zòn nan ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]

R : Pè Katò tounen yon pwofesè istwa pou timoun nan zòn nan.

## b. Li istwa annantye

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Tounen nan liv nou, nan paj lesion 61 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

**Kay pè Katò**

**Nan bouk Latousen, gen yon gramoun ki rele Katò. Tout moun rele li pè Katò. Li saj. Depi aswè rive, tout timoun nan katye a ale lakay pè Katò. Li chita sou yon dodin. L ap rakonte timoun yo istwa. Gras ak pè Katò, timoun yo konn anpil istwa ki te pase nan tan lontan. Pè Katò tounen yon pwofesè istwa pou timoun nan zòn nan.**

## Kesyon pa nou

1. Eske nou renmen istwa sa a ? Pou ki sa ?
2. Eske nou konnen yon timoun ki koute pawòl gramoun ? Pale m de li ?

## Aktivite 7 Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [Li konsiy yo pou elèv yo.]

## Ekri pou sonje (4 minit)

Nan lesion jodi a nou te pale **sou enpòtans pawòl gramoun yo**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. M ap koute gramoun yo pou m ka vin pi saj.
2. Mwen renmen tande pawòl gramoun yo.

## Sa nou te aprann nan lesion jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesion jodi a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm lesion jodi a ? [Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesion an.]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesion an ? [Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesion an.]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Lòd ak disiplin ka fè m viv pi byen

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**M ap mete lòd nan tout sa m ap fè.**

**Mwen p ap lage zafè m toupatou.**

**M ap pran swen rad mwen, liv mwen ;**

**M ap pran swen soulye m, valiz mwen.**

**Paske lòd ak disiplin ap ede m reyisi.**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Lòd ak disiplin ka fè m viv pi byen.**

*[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou jan lòd ak disiplin ka fè nou viv pi byen.**

#### Aktivite 1 **Marye son pou fòme mo (4 minit)**

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

**Tou pa m**

*[Ekri mo a sou tablo a.]*

– /s/ /an/ /d/ /a/ /l/ = sandal



**An n fè l ansanm**

– /s/ /an/ /d/ /a/ /l/ = sandal



**Tou pa nou**

– /s/ /an/ /d/ /a/ /l/ = sandal



An n kontinye ak kèk lòt mo :

*[Ekri mo sa yo sou tablo a.]  
chosèt, papye, gaye, kriye*

#### Aktivite 2 **Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 62 a. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

#### Aktivite 3

#### **Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

## Aktivite 4 Aktivite vokabilè (10 minit)

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : kizin

1. Leve men nou si nou konnen mo **kizin**.
  2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **kizin** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
  3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **kizin** vle di : **Kote nan yon kay yo sèvi pou fè manje.**
- Egzanp : Venèl ap fè manje nan kizin nan.**
4. Kilès ki ka di m ki sa ki genyen nan yon **kizin** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
  5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kizin**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### b. Dezyèm mo a se : lòd

1. Leve men nou si nou konnen mo **lòd**.
  2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **lòd** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
  3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **lòd** vle di : **Fason nou ranje tout bagay yo nan plas yo.**
- Egzanp : Natali mete lòd nan chanm li an.**
4. Kilès ki konn mete **lòd** nan zafè li ? Ki jan nou konn fè sa ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
  5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lòd**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesion 62 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 5 Imajine pou konprann (5 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :*]

Tit istwa jodi a, se : **Lòd se bèl bagay**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a. Sonje ekri non chak elèv ki reponn bò kote repons yo.]*

**b. Vizyalizasyon : Yon sèl mo**

Nou pral vizyalyze yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m



- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **liv**.
- Mwen wè yon bèl ti **liv** lekti. Sou do l gen yon desen de timoun k ap li.

**[Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo **liv**.]**

An n fè l ansanm



- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **liv**. Chak moun ka imajine **liv** la nan fason pa li.

**[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo **liv** la. Apre sa di :]**

- Mwen menm, mwen wè yon bèl ti **liv** lekti. Sou do l gen yon desen de timoun k ap li.
- E nou menm ? Ki sa nou te imajine sou mo **liv** ?

**[Chwazi yon elèv epi di :]**

Ki jan ou wè **liv** la ye ?

**[Chwazi yon lòt elèv epi di :]**

Ki sa ou wè nan **liv** la ?

Se tou pa nou



- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **chen**.
- N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki sa l ap fè.
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **chen**.

**[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo **chen**. Apre sa di :]**

- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **chen**.

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo **chen**. Chak elèv ka imajine **chen** an nan fason pa li.]**

**Aktivite 6 Koute itswa (8 minit)****a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon**

Mwen pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</b></li> <li>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Vensan gen dizan. Li pa gen lòd ditou.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Kilès ki pa gen lòd ditou ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Vensan.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</b></li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Lakay li, li lage zafè li tout kote nan kay la.</b> <b>Sandal li nan kizin nan, chosèt ak inifòm li atè bò kabann nan. Liv lekòl li gaye nan salon an.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Ki kote Vensan lage chosèt ak inifòm li ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Atè bò kabann nan.</p>

# LESON 62

ISTWA	KESYON E REPONS
<p>– [Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :] – M ap kontinye li istwa a. Koute byen. <b>Yon jou samdi, Vensan ap chèche liv lekti li. Li pa wè kote li mete li. Li gen lesон ladan li.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki sa ki te rive liv Vensan ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> <b>R :</b> Li t ap chèche liv lekti li, li pa t wè li.</p>
<p>– [Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :] – M ap kontinye li istwa a. Koute byen. <b>Tèt Vensan cho. Nan chèche chèche, li wè ti chen an ki gen yon fèy papye nan bouch li. Woy ! Li tonbe kriye.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Pou ki sa Vensan tonbe kriye ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> <b>R :</b> Vensan tonbe kriye paske li wè ti chen an ki gen yon fèy papye nan bouch li.</p>
<p>– [Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :] – Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen. <b>Manman I di li : « Pitit mwen, ou dwe aprann mete lòd nan zafè ou. » Depi jou sa a, Vensan chanje. Lòd ak disiplin vin bon zanmi Vensan.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Pou ki sa Vensan deside mete lòd nan zafè li ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> <b>R :</b> Vensan deside mete lòd ak disiplin nan zafè li pou menm malè a pa rive li ankò, pou li pa pèdi zafè li.</p>

## b. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

### Lòd se bèl bagay

**Vensan gen dizan. Li pa gen lòd ditou. Lakay li, li lage zafè li tout kote nan kay la. Sandal li nan kizin nan, chosèt ak inifòm li atè bò kabann nan. Liv lekòl li gaye nan salon an. Yon jou samdi, Vensan ap chèche liv lekti li. Li pa wè kote li mete li. Li gen lesон ladan li. Tèt Vensan cho. Nan chèche chèche, li wè ti chen an ki gen yon fèy papye nan bouch li. Woy ! Li tonbe kriye. Manman li di li : « Pitit mwen, ou dwe aprann mete lòd nan zafè ou. » Depi jou sa a, Vensan chanje. Lòd ak disiplin vin bon zanmi Vensan.**

### Kesyon pa nou

1. Eske nou renmen jan Vensan ye a ? Pou ki sa ?
2. Eske nou toujou mete lòd nan zafè nou ? Ki jan nou konn fè ?

**Aktivite 7****Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [*Li konsiy yo pou elèv yo.*]

**Ekri pou sonje (4 minit)**

Nan leson jodi a nou te pale **sou enpòtans disiplin nan lavi moun**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. M ap aprann mete lòd nan zafè m.
2. Lòd ak disiplin ap chanje lavi m.

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [*Apre sa di :]* Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. [*Apre sa di :]* Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Viv byen ak moun, pa gen tankou sa

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Youn ede lòt, youn tolere lòt.**

**Youn kenbe men lòt.**

**Youn souri bay lòt.**

**Ala bèl sa bèl,**

**Lè tèt nou kole kou karamèl,**

**Pou nou viv san pwoblèm.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Viv byen ak moun, pa gen tankou sa.**

[Mande elèv yo repeste tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

Tèm lesон jodi a fè nou wè jan se yon bon bagay lè nou viv byen ak lòt moun.

#### Aktivite 1

### Marye son pou fòme mo (4 minit)

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m

[Ekri mo a sou tablo a.]

– / p/ /r/ /e / /p/ /a / /r/ /e= =  
prepare

An n fè l ansanm

– / p/ /r/ /e / /p/ /a / /r/ /e/ =  
prepare

Tou pa nou

– / p/ /r/ /e / /p/ /a / /r/ /e/ =  
prepare

An n kontinye ak kèk lòt mo :

[Ekri mo sa yo sou tablo a.]  
manje, anvayi, gentan, reyini

#### Aktivite 2

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 63 a. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

#### Aktivite 3

### Li fraz (3 minit)

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 4 Aktivite vokabilè (10 minit)**

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : tonèl**

1. Leve men nou si nou konnen mo **tonèl**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **tonèl** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **tonèl** vle di : **Yon ti kay ki kouvri an pay. Egzanp : Rachèl ap lave anba tonèl la.**
4. Kilès ki ka di m ki kote li te wè yon **tonèl** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **tonèl**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**b. Dezyèm mo a se : laj**

1. Leve men nou si nou konnen mo **laj**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **laj** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **laj** vle di : **Kantite ane youn moun genyen depi li fèt. Egzanp : Fanò pa gen anpil laj.**
4. Kilès ki ka di m ki laj li genyen ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **laj**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 63 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

**Aktivite 5 Imajine pou konprann (6 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

**a. Prediksyon dapre tit istwa a**

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :.*]

Tit istwa jodi a se : **Ratisya, vye rat la**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

## b. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

**[Montre desen an epi di :]**

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. **[30 segonn]**
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

### Aktivite 6    Lekti itswa

#### a. Li istwa pou jwenn enfòmasyon

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou li. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPONS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Nan lakou Rakbwa, gen yon rat ki rele Ratisya. Yo ba li ti non Vye rat. Li gen plis laj pase tout lòt rat yo.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki ti non jwèt yo te bay Ratisya ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Vye rat.</p>
	<p>Ki jan lakou a te rele ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Lakou Rakbwa.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Chak jou, li fè manje pou tout lòt rat yo. Men Vye rat renmen pase lòd.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki sa vye rat fè chak jou ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Li fè manje pou lòt rat yo.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An nou li dènye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Li fè kèk rat bale anba tonèl la. Gen lòt ki lave chodyè ak asyèt. Vye rat renmen lè tout rat patisipe nan sa k ap fèt nan lakou a. Kay vye rat tounen yon konbit.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki sa Ratisya mande lòt rat yo fè ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Li mande kèk rat bale anba tonèl la. Gen lòt li mande lave chodyè ak asyèt.</p>

## ISTWA

## KESYON E REPOSNS

Ki sa vye rat renmen ?

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]*

**R :** Vye rat renmen lè tout rat patisipe nan sa k ap fèt nan lakou a.

### b. Li istwa annantye

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Tounen nan liv nou, nan paj leson 63 a. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### Ratisya, vye rat la

**Nan lakou Rakbwa, gen yon rat ki rele Ratisya. Yo ba li ti non Vye rat. Li gen plis laj pase tout lòt rat yo. Chak jou, li fè manje pou tout lòt rat yo. Men Vye rat renmen pase lòd. Li fè kèk rat bale anba tonèl la. Gen lòt ki lave chodyè ak asyèt. Vye rat renmen lè tout rat patisipe nan sa k ap fèt nan lakou a. Kay vye rat tounen yon konbit.**

#### Kesyon pa nou

1. Eske nou renmen patisipe nan tout travay k ap fèt lakay nou ? Pou ki sa ?
2. Eske nou panse vye rat te byen aji ak lòt yo ? Ki sa ki fè nou wè sa ?

### Aktivite 7 **Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. *[Li konsiy yo pou elèv yo.]*

#### Ekri pou sonje (4 minit)

Nan leson jodi a nou te pale **sou jan li bon pou nou aprann viv ansanm**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. M ap patisipe nan aktivite klas la.
2. M ap met ansanm ak lòt yo pou lakou a toujou pwòp.

#### Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]*
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bél ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Mwen p ap fè twòp bri nan katye mwen

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

Vwazinaj se tankou fanmi.

Mwen dwe toujou byen aji

Lajounen tankou lannwit.

Mwen p ap fè twòp bri

Pou nou ka toujou zanmi.

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Mwen p ap fè twòp bri nan katye mwen.**

[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a aprann nou ki jan pou nou konpòte nou ak vwazinaj nou. Nou pa dwe fè bri ki ka deranje yo.**

### Aktivite 1 Marye son pou fòme mo (4 minit)

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m

[Ekri mo a sou tablo a.]

- / t/ /w/ /a/ /z/ /y/ /è/ /m/ =  
twazyèm

An n fè l ansanm

- / t/ /w/ /a/ /z/ /y/ /è/ /m/ =  
twazyèm

Tou pa nou

- / t/ /w/ /a/ /z/ /y/ /è/ /m/ =  
twazyèm

An n kontinye ak kèk lòt mo :

[Ekri mo sa yo sou tablo a.]  
mizik, dòmi, bezwen, soufle

### Aktivite 2 Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 64 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

### Aktivite 3 Li fraz (3 minit)

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 4    Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : mizisyen**

1. Leve men nou si nou konnen mo **mizisyen**.
  2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **mizisyen** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
  3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **mizisyen** vle di : **Moun ki konpoze oswa jwe mizik.**
- Egzanp : Kalo se yon gwo mizisyen.**
4. Kilès ki ta renmen vin yon **mizisyen** lè li gran ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
  5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **mizisyen**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : twonpèt**

1. Leve men nou si nou konnen mo **twonpèt**.
  2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **twonpèt** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
  3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **twonpèt** vle di : **Enstriman mizik ki mache ak van.**
- Egzanp : Manit ap jwe twonpèt.**
4. Kilès ki ta renmen konn jwe **twonpèt** ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
  5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **twonpèt**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabili**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesion 64 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

**Aktivite 5    Imajine pou konprann (5 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

**a. Prediksyon dapre tit istwa a**

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]*

Tit istwa jodi a, se : **An n viv ansanm**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

# LESON 64

## b. Vizyalizasyon : Yon sèl mo

Nou pral vizalyize yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m

- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **twonpèt**.
- Mwen wè yon **twonpèt** koulè lò. **Twonpèt** la byen klere.

*[Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo twonpèt.]*

An n fè l ansanm

- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **twonpèt**. Chak moun ka imajine **twonpèt** la nan fason pa li.

*[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo twonpèt la.]*

Apre sa di :]

- Mwen menm, wè yon **twonpèt** koulè lò. **Twonpèt** la byen klere.
- E nou menm ? Ki sa nou te imajine sou mo **twonpèt** ?

*[Chwazi yon elèv epi di :]*

Ki jan ou wè **twonpèt** la ye ?

*[Chwazi yon lòt elèv epi di :]*

Ki bò ou wè **twonpèt** la ?

Se tou pa nou

- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **mizisyen**.
- N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki sa l ap fè.
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **mizisyen**.

*[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo mizisyen. Apre sa di :]*

- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **mizisyen**.

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo mizisyen. Chak elèv ka imajine mizisyen an nan fason pa li.]*

Aktivite 6

## Koute itswa (8 minit)

### a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon

Mwen pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPONS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</b></li> <li>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Papa Vaval kontan. Vaval pase klas la. Li pral fè twazyèm ane. Kòm Vaval renmen mizik anpil, li voye li aprann jwe twonpèt.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> De kilès istwa a pale ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p>R : Istwa a pale de papa Vaval ak Vaval.</p>

<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</b></li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Vaval pa ka tann ki lè pou li vin yon gwo mizisyen. Li toujou ale nan kou mizik la. Men anvan li ale dòmi, li pran twonpèt li, li kòmanse soufle li.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Ki sa Vaval fè avan li ale dòmi ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p>R : Anvan li ale dòmi, li pran twonpèt li, li kòmanse soufle li.</p>
--	---

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>- [Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>- M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Sitwayen nan katye a bezwen dòmi, yo pa ka dòmi.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :]</p> <p>Ki sa ki rive sitwayen sou katye a ?</p> <p>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</p> <p>R : Yo bezwen dòmi, yo pa ka dòmi.</p>

<ul style="list-style-type: none"> <li>- [Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>- Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Papa li oblige vin pale ak li : « Se pa sèl ou ki rete nan katye a, ou pa ka deranje tout moun konsa non. » Vaval konprann lè yon moun ap viv nan yon zòn li pa ka fè sa li vle.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :]</p> <p>Ki sa papa Vaval di Vaval ?</p> <p>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</p> <p>R : Papa Vaval di Vaval : « Se pa sèl ou ki rete sou katye a, ou pa ka deranje tout moun konsa non. »</p>
--	---

### b. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

#### An n viv ansanm

**Papa Vaval kontan. Vaval pase klas la. Li pral fè twazyèm ane. Kòm Vaval renmen mizik anpil, li voye li aprann jwe twonpèt. Vaval pa ka tann ki lè pou li vin yon gwo mizisyen. Li toujou ale nan kou mizik la. Men anvan li ale dòmi, li pran twonpèt li, li kòmanse soufle l. Sitwayen nan katye a bezwen dòmi, yo pa ka dòmi. Papa li oblige vin pale ak li : « Se pa sèl ou ki rete sou katye a, ou pa ka deranje tout moun konsa non. » Vaval konprann lè yon moun ap viv nan yon zòn li pa ka fè sa li vle.**

#### Kesyon pa nou

1. Eske Vaval byen fè lè li jwe twompèt li lannuit pou l anpeche vwazen yo dòmi ? Pou ki sa ?
2. Eske nou konn fè bri menm jan ak Vaval pou nou anpeche lòt moun dòmi ? Pou ki sa ?

### Aktivite 7 **Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [Li konsiy yo pou elèv yo.]

#### Ekri pou sonje (4 minit)

Nan leson jodi a nou te pale **sou respè nou dwe genyen pou vwazen nou**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. M pa ka fè tout sa m vle nan zòn m ap viv la.
2. M p ap deranje vwazinaj ak twòp bri.

## LESON 64

### Sa nou te aprann nan lesон jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesон jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm lesон jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesон an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesон an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesон an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Map li pou m ka aprann pi byen

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**Map li pou m aprann bél ti istwa.**

**Map li bél kont,**

**Map aprann devinèt.**

**Map fè teyat.**

**Map li pou m fè kè m kontan.**

**Lekti se bél bagay !**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Map li pou m ka aprann pi byen.**

*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a aprann nou jan lekti se yon bon mwayen pou yon moun gen konesans.**

### Aktivite 1 **Marye son pou fòme mo (4 minit)**

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. Map mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. Map glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

**Tou pa m**



*[Ekri mo a sou tablo a.]*

– /k/ /ò/ /m/ /an/ /s/ /e/ =  
**kòmanse**

**An n fè l ansanm**



– /k/ /ò/ /m/ /an/ /s/ /e/ =  
**kòmanse**

**Tou pa nou**



– /k/ /ò/ /m/ /an/ /s/ /e/ =  
**kòmanse**

An n kontinye ak kèk lòt mo :

*[Ekri mo sa yo sou tablo a.]  
**zanmi, tonbe, lapli, jounen***

### Aktivite 2 **Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 65 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

### Aktivite 3 **Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

## Aktivite 4

### Aktivite vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

#### a. Premye mo a se : lapli

1. Leve men nou si nou konnen mo **lapli**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **lapli** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **lapli** vle di : **Dlo ki sot nan nyaj yo epi ki tonbe sou tè a. Egzanp : Lapli ap tonbe deyò a.**
4. Kilès ki ka di m ki sa yo ka fè ak dlo **lapli** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lapli**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

#### b. Dezyèm mo a se : lekti

1. Leve men nou si nou konnen mo **lekti**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **lekti** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **lekti** vle di : **Aktivite lè moun ap aprann nan sa ki ekri. Egzanp : Maryo ap fè lekti.**
4. Kilès ki renmen fè **lekti** ? Pou ki sa ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lekti**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

#### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesion 65 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

### **Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 5

### Imajine pou konprann (6 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

#### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di .*]

Tit istwa jodi a se : **Fedya renmen lekòl**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

## b. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

**[Montre desen an epi di :]**

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. **[30 segonn]**

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**

3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

## Aktivite 6 **Lekti itswa**

### a. Li istwa pou jwenn enfòmasyon

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou li. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Premye jou lekòl rive, Fedya kontan. Li pral wè tout zanmi li yo. Li pral li, ekri ak konte.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Kilès ki pral wè tout zanmi li yo ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Fedya.</p>
	<p>Ki jan Fedya santi li pou premye jou lekòl la ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Fedya Kontan.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Bridsoukou, lapli kòmanse tonbe. Fedya pa ka ale lekòl. Li pa ka tann ki lè pou lapli a pase. Lapli a di li p ap pase.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki sa ki pase lè lapli kòmanse tonbe ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Fedya pa ka ale lekòl.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An nou li dènye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Fedya pran liv lekti « M ap li nèt ale » a. Li fè lekti pandan tout jounen an.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki sa Fedya fè lè lapli a pa pase ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Fedya pran liv lekti « M ap li nèt ale » a. Li fè lekti pandan tout jounen an.</p>

# LESON 65

ISTWA

KESYON E REPONS

[*Apre sa mande elèv yo :*]

Pou ki sa nou ka di Fedya renmen li ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.*]

R : Paske menm si li pa ka ale lekòl la, li fè lekti kanmenm pandan tout jounen an.

## b. Li istwa annantye

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### Fedya renmen lekòl

Premye jou lekòl rive, Fedya kontan. Li pral wè tout zanmi li yo. Li pral li, ekri ak konte.

Bridsoukou, lapli kòmanse tonbe. Fedya pa ka ale lekòl. Li pa ka tann ki lè pou lapli a pase. Lapli a di li p ap pase. Fedya pran liv lekti « Map li nèt ale » a. Li fè lekti pandan tout jounen an.

### Kesyon pa nou

1. Eske nou kontan menm jan ak Fedya lè lekòl ouvè ? Pou ki sa ?
2. Eske nou konn pran liv nou pou nou li lè nou pa ka ale lekòl ? Pou ki sa ?

## Aktivite 7    **Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [*Li konsiy yo pou elèv yo.*]

### Ekri pou sonje (4 minit)

Nan lesyon jodi a nou te pale **sou enpòtans lekti**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou memm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. Lekòl se bèl bagay, m ap li nèt ale.
2. M ap li pou m fòme tèt mwen.

### Sa nou te aprann nan lesyon jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesyon jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [*Apre sa di :*] Kilès ki ka di tèm lesyon jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesyon an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesyon an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesyon an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. [*Apre sa di :*] Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

**TÈM LESON AN : Kit se bêt kit se moun, m ap ede yo****Kontin (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Kit se bêt kit se moun,  
M ap ede yo.  
Depi se bagay mwen ka fè,  
M ap ede yo.  
Paske youn dwe sipòte lòt  
Youn dwe pwoteje lòt.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

**Di sa n panse (3 minit)**

Tèm lesон jodi a se : **Kit se bêt kit se moun, m ap ede yo.**

[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi fè nou panse jan li enpòtan pou nou toujou ede ni moun ni bêt ki nan pwoblèm.**

**Aktivite 1 Marye son pou fòme mo (4 minit)**

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m



[Ekri mo a sou tablo a.]

– /k/ /o/ /k/ /è/ /t/ = kokèt

An n fè l ansanm



– /k/ /o/ /k/ /è/ /t/ = kokèt

Tou pa nou



– /k/ /o/ /k/ /è/ /t/ = kokèt

An n kontinye ak kèk lòt mo :

[Ekri mo sa yo sou tablo a.]  
rache, mòso, kontan, chante

**Aktivite 2 Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 66 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 3 Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

## Aktivite 4

### Aktivite vokabilè (10 minit)

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

#### a. Premye mo a se : bokit

1. Leve men nou si nou konnen mo **bokit**.
  2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **bokit** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
  3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **bokit** vle di : **Veso an plastik ki sèvi souvan pou pote dlo.**
- Egzanp : Wolan ap pote yon bokit dlo.**
4. Kilès ki ka di m nan ki sa yo konn mete dlo ankò ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
  5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **bokit**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

#### b. Dezyèm mo a se : pi

1. Leve men nou si nou konnen mo **pi**.
  2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **pi** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
  3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **pi** vle di : **Twou yo fouye nan tè a pou yo ka jwenn dlo.**
- Egzanp : Jovani al pran dlo nan pi a.**
4. Kilès ki wè yon **pi** deja ? Ki jan **pi** a ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
  5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pi**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

#### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj leson 66 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

### **Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 5

### Imajine pou konprann (5 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

#### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a, se : **Toujou fè byen**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

**b. Vizyalizasyon : Yon sèl mo**

Nou pral vizyalyze yon mo. Sa vle di nou pral kreye yon imaj nan tèt nou sou mo a.

Tou pa m



- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **pi**.
- Mwen wè yon **pi**. Se yon twou fon ki fouye nan tè a. Gen yon mi sou kote bouch pi a.

**[Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo pi.]**

An n fè l ansanm



- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **pi**. Chak moun ka imajine **pi** a nan fason pa li.

**[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo pi a. Apre sa di :]**

- Mwen menm, mwen wè yon **pi**. Se yon twou fon ki fouye nan tè a. Gen yon mi sou kote bouch pi a.
- E nou menm ? Ki sa nou te imajine sou mo **pi** ?

**[Chwazi yon elèv epi di :]**

Ki jan ou wè **pi** a ye ?

**[Chwazi yon lòt elèv epi di :]**

Ki sa ou wè nan **pi** a ?

Se tou pa nou



- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **tòti**.
- N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki sa l ap fè.
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **tòti**.

**[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo tòti. Apre sa di :]**

- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **tòti**.

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo tòti. Chak elèv ka imajine **tòti** a nan fason pa li.]**

**Aktivite 6 Koute itswa****a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon**

Mwen pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPONS
<p>– <b>[Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</b></p> <p>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</p> <p><b>Ana se yon ti fi kokèt. Lòt jou, li ale pran dlo nan pi sou katye a. Li wè yon gwo tòti ladan li. Depi lè sa a, li toujou rache kèk mosò leti lage ba li. Tòti a kontan anpil.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Kòman yo rele ti fi kokèt la ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Ana.</p>
<p>– <b>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</b></p> <p>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</p> <p><b>Yon jou madi, Ana ale nan pi. Kòd bokit la kase. Bokit la tonbe nan fon pi a.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki sa ki te pase Ana ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Kòd bokit la kase. Bokit la tonbe nan fon pi a.</p>

# LESON 66

ISTWA

KESYON E REPONS

Ki lè sa pase ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.*]

R : Sa pase yon jou madi.

- [Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]  
– Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.

**Li chante :** « Tòti, tòti ede mwen. » Aprè yon ti tan, li wè tòti a k ap monte ak bokit la sou do li. Ana kontan. Li di li : « Mèsi tòti zanmi mwen. » Lè Ana rive lakay li, li rakonte manman li sa ki pase li. Manman an di li : « Kit se bèt kit se moun, ou dwe toujou fè byen. »

[Apre sa mande elèv yo :]

Ki sa ki pase aprè lè Ana fin chante ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.*]

R : Tòti a monte ak bokit la sou do li.

[Apre sa mande elèv yo :]

Ki konsèy manman Ana te bay Ana ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.*]

R : Manman Ana di li : « Kit se bèt kit se moun, ou dwe toujou fè byen. »

## b. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

### Toujou fè byen

Ana se yon ti fi kokèt. Lòt jou, li ale pran dlo nan pi sou katye a. Li wè yon gwo tòti ladan li. Depi lè sa a, li toujou rache kèk moso leti lage ba li. Tòti a kontan anpil. Yon jou madi, Ana ale nan pi. Kòd bokit la kase. Bokit la tonbe nan fon pi a. Li chante : « Tòti, tòti ede mwen. » Aprè yon ti tan, li wè tòti a k ap monte ak bokit la sou do li. Ana kontan. Li di li : « Mèsi tòti zanmi mwen. » Lè Ana rive lakay li, li rakonte manman li sa ki pase li. Manman an di li : « Kit se bèt kit se moun, ou dwe toujou fè byen. »

### Kesyon pa nou

1. Eske nou renmen bèt ? Pou ki sa ?
2. Eske nou panse bèt yo ka itil nou ? Di kèk non bèt nou konnen ki connitil moun?

**Aktivite 7****Ekri fraz pou reflechi (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou di sa nou panse sou istwa nou sot koute a. Pran kaye egzèsis la. Ale nan paj lesion 66 la. Fè egzèsis # 2 a ak # 3 a. [*Li konsiy yo pou elèv yo.*]

**Ekri pou sonje (4 minit)**

Nan lesion jodi a nou te pale **sou jan li enpòtan pou yon moun toujou fè sa ki byen**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. M ap toujou fè byen.
2. Kit se bêt kit se moun m ap ede yo.

**Sa nou te aprann nan lesion jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesion jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [**Apre sa di :**] Kilès ki ka di tèm lesion jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesion an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesion an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesion an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. [**Apre sa di :**] Nou te koute/ li yon bél ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél ti istwa. Nou prale ansam vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap mete ladrès nan tout sa m ap fè

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**M ap pran san m nan tout sa m ap fè.**

**M ap fè tout sa m gen pou m fè ak tout kè m.**

**Mwen p ap fè kòlè,**

**M ap travay ak kè poze.**

**Ak pasyans m ap rive.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap mete ladrès nan tout sa m ap fè.**

[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a aprann nou jan nou dwe mete tout konesans ak kapasite nou nan chak sa n ap fè.**

Aktivite 1

### Marye son pou fòme mo (4 minit)

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m

[Ekri mo a sou tablo a.]

– /d/ /e/ /r/ /e/ /y/ /a/ /l/ =  
dereyal

An n fè l ansanm

– /d/ /e/ /r/ /e/ /y/ /a/ /l/ =  
dereyal

Tou pa nou

– /d/ /e/ /r/ /e/ /y/ /a/ /l/ =  
dereyal

An n kontinye ak kèk lòt mo :

[Ekri mo sa yo sou tablo a.]  
katye, pouse, entelijans,  
reyisi

Aktivite 2

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 67 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 3 Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [*Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.*]

**Aktivite 4 Aktivite vokabilè (10 minit)**

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : don**

1. Leve men nou si nou konnen mo **don**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **don** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **don** vle di : **Kapasite natirèl yon moun genyen pou li fè yon bagay byen. Egzanp : Pawola gen don pou li danse.**
4. Kilès ki ka di m ki **don** li genyen ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **don**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**b. Dezyèm mo a se : lizaj**

1. Leve men nou si nou konnen mo **lizaj**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **lizaj** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **lizaj** vle di : **Respè, sajès oswa politès yon moun genyen. Egzanp : Timoun yo gen lizaj.**
4. Kilès ki ka di m non yon moun ki gen **lizaj** li konnen ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lizaj**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Retounen nan kaye a. Ale nan paj lesон 67 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 5 Imajine pou konprann (6 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. **[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]**

Tit istwa jodi a se : **Bon men**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

### b. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

**[Montre desen an epi di :]**

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. **[30 segonn]**
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

## Aktivite 6 Lekti itswa

### a. Li istwa pou jwenn enfòmasyon

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou li. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Fednè ap viv nan katye Dereyal. Li respekte tout moun, epi li renmen ede.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Kilès k ap viv nan katye Dereyal ?  <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b>  <b>R :</b> Fednè.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Kit li plante bannann oswa yanm, yo toujou pouse vit. Moun nan zòn nan di Fednè gen don.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Ki sa moun nan zòn nan di Fednè genyen ?  <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b>  <b>R :</b> Moun nan zòn nan di Fednè gen don.</p>

## ISTWA

## KESYON E REPOSNS

– [Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :]

– Nou pral li dènye moso istwa a. Li byen.

**Tant Mima di se pa don li genyen. Men li gen bon konprann. Epi li suiv tout sa granpapa li montre li nan zafè plante. Fednè entèlijan, l ap reyisi nan tout sa l ap fè.**

[Apre sa mande elèv yo :]

Ki sa ki fè Fednè ap reyisi nan tout sa l ap fè ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]

R : Paske li entelijan.

### b. Li istwa annantye

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Tounen nan liv nou, nan paj leson 67 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### Bon men

**Fednè ap viv nan katye Dereyal. Li respekte tout moun, epi li renmen ede. Kit li plante bannann oswa yanm, yo toujou pouse vit. Moun nan zòn nan di Fednè gen don. Tant Mima di se pa don li genyen. Men li gen bon konprann. Epi li suiv tout sa granpapa li montre li nan zafè plante. Fednè entèlijan, l ap reyisi nan tout sa l ap fè.**

#### Kesyon pa nou

1. Eske menm jan ak Fednè nou respekte tout moun ? Pou ki sa ?
2. Eske nou toujou pran san nou pou nou byen fè tout sa nou gen pou n fè ? Pou ki sa ?

### Aktivite 7 **Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [Li konsiy yo pou elèv yo.]

#### Ekri pou sonje (4 minit)

Nan leson jodi a nou te pale **sou bon ladrès ou dwe genyen nan tout sa w ap fè**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. M ap respekte tout moun epi m ap ede yo.
2. M ap mete ladrès nan tout sa m ap fè.

#### Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
2. [Apre sa di :] Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? [Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]
5. [Apre sa di :] Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap fè atansyon ak sa m ap manje nan lari

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

Dlo trete se lasante.

Li sèvi pou fè manje,

Lave, benyen ak bwè.

Dlo pa dwe koule san rete.

Lè n ap sèvi fòk nou mezire

Paske dlo se yon nesesite !

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap fè atansyon ak sa m ap manje nan lari.**

[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

Tèm lesон jodi a aprann nou jan li pa bon pou nou manje nenpòt bagay yo vann nan lari. Paske souvan yo pa pwòp. Donk yo ka nui sante nou.

Aktivite 1

### Marye son pou fòme mo (4 minit)

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m

[Ekri mo a sou tablo a.]

- / k/ /o/ /m/ /i/ /n/ /o/ /t/ /è/ =  
kominotè

An n fè l ansanm

- / k/ /o/ /m/ /i/ /n/ /o/ /t/ /è/ =  
kominotè

Tou pa nou

- / k/ /o/ /m/ /i/ /n/ /o/ /t/ /è/ =  
kominotè

An n kontinye ak kèk lòt mo :

[Ekri mo sa yo sou tablo a.]  
**machann, blòk, bezwen,  
itilize**

Aktivite 2

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 68 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

**Aktivite 3    Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

**Aktivite 4    Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : izin**

1. Leve men nou si nou konnen mo **izin**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **izin** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **izin** vle di : **Kote yo fabrike yon pwodui an kantite.**  
**Egzanp : Jiwo ap travay nan izin papye a.**
4. Kilès ki ka di m ki sa yo ka fè nan **izin** ankò ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **izin**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : pwela**

1. Leve men nou si nou konnen mo **pwela**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **pwela** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **pwela** vle di : **Gwo plastik ki sèvi pou kouvri machandiz sou do kamyon. Egzanp : Chofè kamyon an kouvri machandiz yo ak yon gwo pwela.**
4. Kilès ki ka di m pou ki sa yo kouvri machandiz ak **pwela** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pwela**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 68 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 5 **Imajine pou konprann (5 minit)**

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]*

Tit istwa jodi a, se : **Kifikif**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

### b. Vizyalizasyon : Yon sèl mo

Nou pral fè imajinasyon nou travay sou yon mo.

**Tou pa m**

- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **machann**.
- Mwen wè yon **machann** fresko. Se yon mesye ki abiye byen bwòde. L ap pouse yon bouwèt ki gen glas graje ak tout kalite boutèy siwo.

[*Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo machann.*]

**An n fè l ansanm**

- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **machann**. Chak moun ka imajine **machann** nan nan fason pa li.

[*Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo machann. Apre sa di :*]

- Mwen menm, mwen wè yon **machann** fresko. Se yon mesye ki abiye byen bwòde. L ap pouse yon bouwèt ki gen glas graje ak tout kalite boutèy siwo.

– E nou menm ? Ki sa nou te imajine sou mo **machann** ?

[*Chwazi yon elèv epi di :*]

Ki jan ou wè **machann** nan ye ?

[*Chwazi yon lòt elèv epi di :*]

Ki sa ou wè **machann** nan ap fè ?

**Se tou pa nou**

- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **glas**.
- N ap imajine ki jan li ye, ak ki bò li ye.
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **glas**.

[*Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo glas. Apre sa di :*]

- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **glas**.

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo glas. Chak elèv ka imajine glas la nan fason pa li.*]

**Aktivite 6 Koute itswa**
**a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon**

Mwen pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Devan lekòl Kominotè Bafose a, genyen yon machann fresko. Yo ba li ti non Kifkif. An de tan twa mouvman, li ka graje 6 fresko.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki ti non yo bay machann fresko a ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> R : Kifkif.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Premye jou lekòl la, Kifkif al achte glas. Lè li rive nan izin nan, li wè yo depoze blòk glas yo atè nan labou a.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki bò Kifkif te al achte glas ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> R : Nan izin nan.</p>
	<p>Ki sa Kifkif te wè lè li te rive nan izin glas la ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> R : Kifkif wè yo depoze blòk glas yo atè nan labou a.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>[Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Kifkif fache, li di :</b>  <b>« O o, apa nou bezwen touye elèv lekòl mwen yo ! ». « Glas sal pa bon pou lasante. Li ka bay dyare, bouton ak lòt vye maladi. » Kifkif rele mèt izin nan. Li fè li konnen li t ap pi bon pou yo mete blòk glas yo sou yon gwo pwela pwòp. Epi tou yo dwe itilize dlo pwòp pou fè glas yo. Mèt izin nan panse se yon bon lide. A ! Kifkif se yon sitwayen responsab.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki sa Kifkif te di moun yo ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> R : Kifkif te di moun yo : « Glas sal pa bon pou lasante. Li ka bay dyare, bouton ak lòt vye maladi. »</p>
	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki konsèy Kifkif te bay mèt izin nan ? <b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b> R : Kifkif fè mèt izin nan konnen li t ap pi bon pou yo mete blòk glas yo sou yon gwo pwela pwòp. Epi tou yo dwe itilize dlo pwòp pou fè glas yo.</p>

## b. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

### Kifkif

**Devan lekòl Kominotè Bafose a, genyen yon machann fresko. Yo ba li ti non Kifkif. An de tan twa mouvman, li ka graje 6 fresko. Premye jou lekòl la, Kifkif al achte glas. Lè li rive nan izin nan, li wè yo depoze blòk glas yo atè nan labou a. Kifkif fache, li di : « O o, apa nou bezwen touye élèv lekòl mwen yo ! » Glas sal pa bon pou lasante. Li ka bay dyare, bouton ak lòt vye maladi. » Kifkif rele mèt izin nan. Li fè I konnen li t ap pi bon pou yo mete blòk glas yo sou yon gwo pwela pwòp. Epi tou yo dwe itilize dlo pwòp pou fè glas yo. Mèt izin nan panse se yon bon lide. A ! Kifkif se yon sitwayen responsab.**

### Kesyon pa nou

1. Eske nou renmen bwè dlo trete ? Pou ki sa ?
2. Eske nou panse Kikif te fè yon bon aksyon ? Pou ki sa ?

## Aktivite 7 **Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [*Li konsiy yo pou elèv yo.*]

### Ekri pou sonje (4 minit)

Nan lesyon jodi a nou te pale **sou rezon ki fè tout moun dwe bwè dlo trete**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. M ap itilize dlo pwòp pou m sèvi.
2. Dlo trete se zanmi lasante.

### Sa nou te aprann nan lesyon jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesyon jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [**Apre sa di :**] Kilès ki ka di tèm lesyon jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesyon an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesyon an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesyon an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. [**Apre sa di :**] Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Tout metye itil

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**Mwen p ap rete chita nan kay.**

**Fòk mwen lite pou m rive.**

**M ap aprann yon metye.**

**Pa gen metye ki pi bon pase lòt.**

**Tout metye itil.**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Tout metye itil.**

*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a aprann nou jan nou dwe konsidere tout metye yo paske pa gen metye ki pa itil.**

#### Aktivite 1 **Marye son pou fòme mo (4 minit)**

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

**Tou pa m**

*[Ekri mo a sou tablo a.]*

– /m/ /e/ /t/ /y/ /e/ = metye



**An n fè l ansanm**

– /m/ /e/ /t/ /y/ /e/ = metye



**Tou pa nou**

– /m/ /e/ /t/ /y/ /e/ = metye



An n kontinye ak kèk lòt mo :

*[Ekri mo sa yo sou tablo a.]*

**doktè, avoka, ebenis,**

**pwofesè**

#### Aktivite 2 **Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 69 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

#### Aktivite 3 **Li fraz (3 minit)**

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

## Aktivite 4

### Aktivite vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

#### a. Premye mo a se : kòdonye

1. Leve men nou si nou konnen mo **kòdonye**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **kòdonye** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **kòdonye** vle di : **Moun ki konn ranje ak fè soulye oswa sandal. Egzanp : Jonas se yon bòs kòdonye.**
4. Kilès ki ta renmen vin yon bon bòs **kòdonye** ? Pou ki sa ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kòdonye**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

#### b. Dezyèm mo a se : metye

1. Leve men nou si nou konnen mo **metye**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **metye** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **metye** vle di : **Sa yon moun aprann pou li ka travay.**  
**Egzanp : Metye Jinya se mekanisyen.**
4. Kilès ki ka di m ki **metye** li ta renmen aprann ? Pou ki sa ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **metye**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

#### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj leson 69 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

### **Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 5

### Imajine pou konprann (6 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

#### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :.*]

Tit istwa jodi a se : **Yon bon bòs kòdonye**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

## b. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

**[Montre desen an epi di :]**

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. **[30 segonn]**

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**

3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

**[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

## Aktivite 6 **Lekti itswa**

### a. Li istwa pou jwenn enfòmasyon

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou li. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPONS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Danyèl se yon gwo Bòs kòdonye nan vil Mawo.</b>  <b>Timoun nan vil la toujou di yo pa renmen metye sa a.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki jan yo rele Bòs kòdonye a ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Bòs Danyèl.</p>

<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Yon jou, soulye Medlin chire. Li pa ka ale lekòl.</b>  <b>Medlin tris.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Ki sa ki rive Medlin ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Soulye Medlin chire.</p>
--	--

	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Pou ki sa Medlin te tris ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Paske li pa te ka ale lekòl.</p>
--	--

<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– An nou li dènye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Bòs Danyèl tandem sa, li pran kòl, kui, klou ak lòt materyo. Li fè yon bèl soulye pou Medlin. Depi lè sa a, anpil timoun nan vil la deside aprann kòdonye nan men Bòs Danyèl.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b></p> <p>Pou ki sa anpil timoun te deside aprann kòdonye ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Paske tout metye itil.</p>
---	---

## b. Li istwa annantye

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### Yon bon bòs kòdonye

Danyèl se yon gwo Bòs kòdonye nan vil Mawo. Timoun nan vil la toujou di yo pa renmen metye sa a. Yon jou, soulye Medlin chire. Li pa ka ale lekòl. Medlin tris. Bòs Danyèl tande sa, li pran kòl, kui, klou ak lòt materyo. Li fè yon bèl soulye pou Medlin. Depi lè sa a, anpil timoun nan vil la deside aprann kòdonye nan men Bòs Danyèl.

### Kesyon pa nou

1. Eske nou panse bòs Danyèl te fè yon bon aksyon ? Pou ki sa ?
2. Eske nou t ap kontan aprann yon metye ? Pou ki sa ?

## Aktivite 7 **Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot li a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. [Li konsiy yo pou elèv yo.]

### Ekri pou sonje (4 minit)

Nan lesyon jodi a nou te pale **sou enpòtans tout metye yo**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou menm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. Chak metye gen enpòtans li.
2. Tout metye se metye.

### Sa nou te aprann nan lesyon jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesyon jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm lesyon jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesyon an.*]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesyon an ? [*Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesyon an.*]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Otorite yo la pou mete antant

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**Mwen dwe respekte w.**  
**Ou dwe respekte m.**  
**Youn dwe respekte lòt.**  
**Otorite yo dwe respekte tout moun.**  
**Yo dwe toujou ankouraje antant.**  
**Lavi ka pi bél lè nou respekte tout moun.**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Otorite yo la pou mete antant.**

*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a aprann nou jan yon otorite dwe travay pou pèmèt tout moun antann yo.**

#### Aktivite 1 **Marye son pou fòme mo (4 minit)**

Jodi a, nou pral sèvi ak son pou nou fòme mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba lèt yo pou nou di mo a annantye.

Tou pa m



*[Ekri mo a sou tablo a.]*

– /s/ /e/ /k/ /s/ /y/ /o/ /n/ =  
**seksyon**

An n fè l ansanm



– /s/ /e/ /k/ /s/ /y/ /o/ /n/ =  
**seksyon**

Tou pa nou



– /s/ /e/ /k/ /s/ /y/ /o/ /n/ =  
**seksyon**

An n kontinye ak kèk lòt mo :

*[Ekri mo sa yo sou tablo a.] kominal, sitwayen, diskisyon, antann*

#### Aktivite 2 **Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 70 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

## Aktivite 3 Li fraz (3 minit)

Nou pral li fraz kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

## Aktivite 4 Aktivite vokabilè (10 minit)

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

### a. Premye mo a se : kazèk

1. Leve men nou si nou konnen mo **kazèk**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **kazèk**? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **kazèk** vle di : **Moun ki chèf yon seksyon kominal. Egzanp : Yon kazèk ka ede seksyon an jwenn dlo.**
4. Kilès ki ka di m ki jan yon **kazèk** ka ede seksyon an ankò? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kazèk**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

### b. Dezyèm mo a se : konsta

1. Leve men nou si nou konnen mo **konsta**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **konsta**? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **konsta** vle di : **Gade nan ki sikontans yon aksidan oswa yon dega fèt. Egzanp : Jij la fè konsta aksidan an.**
4. Kilès ki ka di m nan ki lòt sikontans yo ka fè **konsta**? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konsta**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj leson 70 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

## Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele « **Simon di** ». Chak fwa mwen di « **Simon di** fè yon bagay » n ap fè sa **Simon di** pou nou fè a. Nou pare ! **Simon di** :

Kanpe — Panche a dwat — Panche a goch — Men sou tèt — Tranble kò nou —  
Yon ti bravo — Chita

## Aktivite 5 Imajine pou konprann (5 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Kounye a, nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]

Tit istwa jodi a, se : **Yon bon kazèk**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]

### b. Vizyalizasyon : Yon sèl mo

Nou pral fè imajinasyon nou travay sou yon mo.

Tou pa m

- M ap fèmen je mwen pou m imajine nan tèt mwen yon **jaden**.
- Mwen wè yon **jaden** plen mayi. Nan jaden an gen yon bèf ki kase kòd k ap manje kèk pye mayi.

*[Ou pa oblige di ekzakteman sa ki nan model la. Ou ka kreye lòt imaj ki enteresan sou mo **jaden**.]*

An n fè l ansanm

- An n fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **jaden**. Chak moun ka imajine **jaden** an nan fason pa li.
- [Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo **jaden** an. Apre sa di :]*

- Mwen menm, mwen wè yon **jaden** plen mayi. Nan jaden an gen yon bèf ki kase kòd k ap manje kèk pye mayi.
- E nou menm ? Ki sa nou te imajine sou mo **jaden** ?

*[Chwazi yon elèv epi di :]*

Ki jan ou wè **jaden** an ye ?

*[Chwazi yon lòt elèv epi di :]*

Ki sa ou wè nan **jaden** an ?

Se tou pa nou

- Kounye a, nou pral fè imajinasyon nou travay sou mo **biwo**.
- N ap imajine ki jan li ye, ki bò li ye ak ki sa ki ladan l.
- Fèmen je nou pou nou imajine nan tèt nou yon **biwo**.

*[Bay elèv yo 30 segonn pou yo reflechi sou mo **biwo**. Apre sa di :]*

- Di kamarad ki chita bò kote w la sa ou te imajine sou mo **biwo**.

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di sa yo te imajine sou mo **biwo**. Chak elèv ka imajine **biwo** a nan fason pa li.]*

## Aktivite 6 Koute itswa (8 minit)

### a. Koute itswa pou jwenn enfòmasyon

Mwen pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou koute. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPONS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Li premye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li premye moso istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Filibè se kazèk nan seksyon kominal Kawouk.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki jan yo rele kazèk la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Filibè.</p>

<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Yon madi maten, bèf Solon an kase kòd. Li ale nan jaden Anita a.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki jou bèf Solon an te kase kòd ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Yon madi maten.</p>
---	--

<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Kontinye li istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– M ap kontinye li istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Lè Anita parèt nan jaden an li sezi. Menm moman an li kenbe bèf la epi li mennen li nan biwo kazèk la.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Pou ki sa Anita te sezi ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Anita te sezi paske bèf la te manje kèk pye mayi nan jaden li an.</p>
---	--

<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Li dènye moso istwa a pou elèv yo. Di :]</li> <li>– Mwen pral li dènye moso istwa a. Koute byen.</li> </ul> <p><b>Kazèk Filibè pran de lòt sitwayen nan bouk la avèk li epi y ale fè konsta dega bèf la. Apre anpil diskisyon kazèk la ak de lòt sitwayen yo rive fè de pati yo antann yo.</b></p>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki sa ki pase apre antant la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.] R : Apre antant la, Solon eskize Anita epi li pwomèt li sa p ap rive ankò.</p>
--	--

### b. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

<p><b>Yon bon Kazèk</b></p> <p><b>Filibè se Kazèk nan seksyon kominal Kawouk. Yon madi maten, bèf Solon an kase kòd. Li ale nan jaden Anita a. Lè Anita parèt nan jaden an li sezi. Menm moman an li kenbe bèf la epi li mennen li nan biwo Kazèk la. Kazèk Filibè pran de lòt sitwayen nan bouk la avèk li epi y ale fè konsta dega bèf la . Apre anpil diskisyon Kazèk la ak de lòt sitwayen yo rive fè de pati yo antann yo.</b></p>
---

**Kesyon pa w**

1. Eske nou konn wè bèf ki kase kòd ? Ki jan sa konn pase ?
2. Eske nou panse kazèk la te byen aji ? Pou ki sa ?

Aktivite 7

**Ekri fraz pou enfòmasyon ak konpreyansyon (4 minit)**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot koute a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a ak # 3 a. *[Li konsiy yo pou elèv yo.]*

**Ekri pou sonje (4 minit)**

Nan lesyon jodi a nou te pale **sou jan yon moun k ap dirije dwe aji pou fè tout moun antann yo**. Mwen pral li de fraz pou nou. Nou memm n ap ekri yo nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

1. M ap antann mwen ak lòt yo.
2. Yon bon otorite dwe ankouraje antant.

**Sa nou te aprann nan lesyon jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesyon jodi a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm lesyon jodi a ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesyon an.]*
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesyon an ? *[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesyon an.]*
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]*
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Zwazo yo se pa m, m ap pran swen yo

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen renmen libète.**

**Mwen gen zèl pou m vole.**

**Mwen fè nich sou pyebwa.**

**Timoun renmen tann pyèj pou kenbe mwen**

**Ki sa mwen ye ? ... (Zwazo)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Zwazo yo se pa m, m ap pran swen yo.**

*[Mande elèv yo repeste tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a aprann nou jan nou dwe pran swen zwazo yo. Paske yo la pou yo fè kè nou kontan.**

Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 71 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

a. Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*

b. Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : plimay**

1. Leve men nou si nou konnen mo **plimay**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **plimay** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **plimay** vle di : **Plim ki kouvri kò yon zwazo. Egzanp : Zwazo sa a gen bél plimay.**
4. Kilès ki ka di m koulè **plimay** yon zwazo li konnen ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **plimay**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : kontanple**

1. Leve men nou si nou konnen mo **kontanple**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **kontanple** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **kontanple** vle di : **Pran plezi pou gade yon moun, yon bèt oswa yon bagay pandan lontan. Egzanp : Blèz ap kontanple bél flè ki nan lakou a.**
4. Kilès ki ka di m ki sa yon moun ka **kontanple** ankò ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kontanple**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 71 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **Fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime ki jan yo manje fwi a. Nou pare ! Tout moun kanpe. Ki jan nou manje ? ... **[Fè jès la ansanm ak elèv yo]**

Mango — Fig — Zaboka — Zoranj — Kann — Kokoye — Melon

## Aktivite 4

### Mo ki ranplase non nan fraz (12 minit)

Nou pral travay sou mo ki ka ranplase non nan fraz. Mo sa yo ka ranplase non moun, non bêt non kote oswa non objè nan yon fraz. Se pou sa yo rele yo pwonon.

#### a. Mo ki ranplase non nan fraz (Dekouvèt)

[*Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Li li ansanm ak elèv yo.*]

**Jilbè** se yon bon elèv.

**Jilbè** renmen etidye.

**Jilbè** renmen ekri.

Nan ti istwa nou sot li a gen yon mo ki repete plizyè fwa. Ki mo li ye ? [**Bay elèv yo tan pou yo reponn.**]

[**Apre sa di :**] M ap pase yon trè anba mo **Jilbè** tout kote mwen wè li.

[*Ekri menm istwa a konsa sou kote lòt la. Li li ansanm ak elèv yo.*]

**Jilbè** se yon bon elèv.

**Li** renmen etidye.

**Li** renmen ekri.

[**Apre sa mande yo :**] Kilès ki ka di m sa ki chanje nan dezyèm istwa a ? [**Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

[**Di :**] Nan dezyèm istwa a mo **Jilbè** a parèt yon sèl fwa nan premye fraz la.

[**Apre sa di :**] Nan dezyèm ak twazyèm fraz la gen yon mo ki ranplase **Jilbè**. Ki mo li ye ? [**Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

[**Apre sa di :**] Mo a se **li**. Se mo **li** a ki ranplase **Jilbè** nan dezyèm ak twazyèm fraz la.

Mo **Jilbè** a se yon non. Mo **li** a se yon pwonon. Sa vle di yon pwonon se yon mo ki ranplase yon non. Gen lòt pwonon ki ka ranplase plizyè non tou.

#### b. Jwenn pwonon nan yon moso istwa

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan m ap li moso istwa a, n ap cheche non moun, non bêt, non kote oswa non objè ki site ladan li. Apre sa n ap chèche chak pwonon ki ranplase yon non nan moso istwa a.

[*Repwodui pati sa a sou tablo a epi ranpli li ak enfomasyon ki nan moso istwa a*]

Non moun :	Non kote :
Non bêt :	Non objè :
Pwonon yo :	

**[Li moso istwa a pou elèv yo. Di :]** Tounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 71 la. Ale nan egzèsis # 2 a. Pandan m ap li pou nou, nou menm, nou pral idantifye non yo epi n ap chèche pwonon ki ranplase yo. Non ak pwonon nou jwenn yo, n ap mete yo nan ti tablo ki nan egsèsis la.

#### Toujou sonje

1. Yon non se yon mo ki sèvi pou rele yon moun oswa yon bêt. Li ka sèvi tou di yon kote oswa yon objè.
2. Yon pwonon se yon mo ki ranplase youn oswa plizyè non.

**[Di :]** Koute moso istwa a byen.

**Yon apremidi, Titin te chita anba pye mango ki nan lakou a. Li t ap grennen mayi. Se konsa, Titin wè yon tako vin poze sou yon branch mango. Yon lòt ti moman, Titin simen mayi atè a. Tako a desann. Li manje anpil mayi.**

**[Di :]** Kilès ki ka di mwen ki non **moun** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo. Apre sa di :]**

Kilès ki ka di mwen ki non **bèt** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo. Apre sa di :]**

Kilès ki ka di mwen ki non **kote** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo. Apre sa di :]**

Kilès ki ka di mwen ki **pwonon** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo.]**

#### **[Men ki jan tablo a vin ye lè ou fin ranpli li ak repons elèv yo.]**

Non moun : Titin	Non kote : nan lakou a
Non bêt : Tako	Non objè : Pa genyen
Pwonon yo : li, li	

**[Mande elèv yo swiv modèl pa w la pou yo korije egzèsis la nan kaye yo. Apre sa di :]** Kounye a nou pral chèche ki non pwonon **li** a ranplase nan moso istwa a.

Nan fraz « **Li t ap grennen mayi.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon li a ranplase ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou tablo a.]**

**[Di :]** Pwonon **li** a ranplase **Titin**. Donk, nou kapab di : « **Titin t ap grennen mayi.** »

Nan fraz « **Li manje anpil mayi.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon **li** a ranplase ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou tablo a.]**

**[Di :]** Pwonon **li** a ranplase **tako**. Donk, nou kapab di : « **Tako a manje anpil mayi.** »

**[Di elèv yo :]**

Koute ki jan moso istwa a vin ye lè nou mete **Titin** ak **tako** nan plas pwonon **li** a tout kote nou kontre li.

**Yon apremidi, Titin te chita anba pye mango ki nan lakou a. Titin t ap grennen mayi. Se konsa, Titin wè yon tako vin poze sou yon branch mango. Yon lòt ti moman, Titin simen mayi atè a. Tako a desann. Tako a manje anpil mayi.**

## c. Egzèsis nan kaye

**[Apre sa di :]** Retounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. Mete pwonon **li** nan espas vid yo.

**[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. apre sa di :]**

Mwen pral li moso istwa a ak pwonon an ankò. Swiv byen pou nou wè si nou te byen fè egsèsis la.

**Yon apremidi, Titin te chita anba pye mango ki nan lakou a. Li t ap grennen mayi. Se konsa, Titin wè yon tako vin poze sou yon branch mango. Yon lòt ti moman, Titin simen mayi atè a. Tako a desann. Li manje anpil mayi.**

**[Lè ou fin li moso istwa a pou elèv yo, di yo :]**

Sonje mo **li** a se yon pwonon. Nou itilize li pou nou pa repete mo **Titin** ak mo **tako** toupatou nan istwa a.

**Aktivite 5 Koute istwa a annantye**

a. Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen.

**Titin renmen zwazo**

**Yon apremidi, Titin te chita anba pye mango ki nan lakou a. Li t ap grennen mayi. Se konsa, Titin wè yon tako vin poze sou yon branch mango. Yon lòt ti moman, Titin simen mayi atè a. Tako a desann. Li manje anpil mayi. Jou sa a, si tako a te konn pale, li t ap di Titin : « Mèsi anpil. »**

b. Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

**Kesyon**

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki bò Titin te chita ?
3. Ki sa Titin wè sou branch mango a ?
4. Pou ki sa Titin bay tako a manje ?
5. Kisa tako a t ap di Titin si li te konn pale ?
6. Eske nou konn di mèsi ? Nan ki okazyon ?

**Ekri sa ou panse**

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

Pou ki sa ou dwe toujou pwoteje zwazo yo ?

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Onè respè pou zansèt mwen yo

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen se yon vanyan gason.**

**Mwen se zansèt tout ayisyen.**

**Mwen te goumen pou endependans Ayiti.**

**Mwen mouri 17 oktòb sou Pon Wouj.**

**Mwen se ... (Desalin)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Onè respè pou zansèt mwen yo.**

*[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a aprann nou pou nou respekte zansèt nou yo. Sa vle di moun ki te viv lontan yo epi ki te lite pou nou gen libète nan peyi a.**

Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 72 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

a. Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*

b. Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : drapo**

1. Leve men nou si nou konnen mo **drapo**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **drapo** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **drapo** vle di : **Moso twal ki gen senbòl ak koulè yon peyi. Egzanp : Y ap monte drapo nan lekòl la.**
4. Kilès ki ka di m ki koulè **drapo** peyi d Ayiti a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **drapo**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : kokad**

1. Leve men nou si nou konnen mo **kokad**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **kokad** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **kokad** vle di : **Riban an twal ki sèvi pou mare cheve ti fi. Egzanp : Odèt gen yon kokad ble nan tèt li.**
4. Kilès ki ka di m ki lè ti fi konn mete **kokad** nan tèt yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kokad**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 72 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **jwe mizik**. Lè mwen di non yon enstriman mizik, n ap imite son enstriman ak jès mizisyen ki jwe enstriman an. Nou pare !

Gita — Pyano — Tanbou — Kès — Twonpèt — Bas — Vyolon — Akòdeyon

## Aktivite 4

**Mo ki ranplase non nan fraz / istwa****a. Mo ki ranplase non nan fraz (Dekouvèt)**

[Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Li li ansanm ak elèv yo.]

**Touki** se yon chen dosil.

**Touki** kontan wè Jak.

**Touki** kanpe sou de pye.

Nan ti istwa nou sot li a gen yon mo ki repete plizyè fwa. Ki mo li ye ? [Bay elèv yo tan pou yo reponn.]

[Apre sa di :] M ap pase yon trè anba mo **Touki** tout kote mwen wè li.

[Ekri menm istwa a konsa sou kote lòt la. Li li ansanm ak elèv yo.]

**Touki** se yon chen dosil.

**Li** kontan wè Jak.

**Li** kanpe sou de pye.

[Apre sa mande yo :] Kilès ki ka di m sa ki chanje nan dezyèm istwa a ? [Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Di :] Nan dezyèm istwa a mo **Touki** a parèt yon sèl fwa nan premye fraz la.

[Apre sa di :] Nan dezyèm ak twazyèm fraz la gen yon mo ki ranplase **Touki**. Ki mo li ye ? [Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Apre sa di :] Mo a se **li**. Se mo **li** a ki ranplase **Touki** nan dezyèm ak twazyèm fraz la.

Mo **Touki** a se yon non. Mo **li** a se yon pwonon. Sa vle di yon pwonon se yon mo ki ranplase yon non. Gen lòt pwonon ki ka ranplase plizyè non tou.

**b. Jwenn pwonon nan yon moso istwa**

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan m ap li moso istwa a, n ap cheche non moun, non bêt, non kote oswa non objè ki site ladan li. Apre sa n ap chèche chak pwonon ki ranplase yon non nan moso istwa a.

[Repwodui pati sa a sou tablo a epi ranpli li ak enfomasyon ki nan moso istwa a]

Non moun :	Non kote :
Non bêt :	Non objè :
Pwonon yo :	

**[Li moso istwa a pou elèv yo. Di :]** Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 2 a. Nou pral li yon moso istwa ansanm. Pandan n ap li, nou pral idantifye non yo epi jwenn pwonon ki ranplase yo.

#### Toujou sonje

1. Yon non se yon mo ki sèvi pou rele yon moun oswa yon bêt. Li ka sèvi tou di yon kote oswa yon objè.
2. Yon pwonon se yon mo ki ranplase youn oswa plizyè non.

**[Di :]** Li moso istwa a byen pou nou ka patisipe nan egsèsis la.

**Nadin leve bonè. Li mete kokad ble, pantalon blan, mayo wouj. Nadin ale nan fèt drapo. Sou wout la, lapli mouye Nadin. Li pa kontan.**

**[Di :]** Kilès ki ka di mwen ki non **moun** li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di mwen ki non objè li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di mwen ki **pwonon** li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a.]**

#### **[Men ki jan tablo a vin ye lè ou fin ranpli li ak repons elèv yo.]**

Non moun : Nadin	Non kote : pa genyen
Non bêt : Pa genyen	Non objè : kokad, pantalon, mayo
Pwonon yo : li, li	

**[Mande elèv yo swiv modèl pa w la pou yo korije egzèsis la nan kaye yo. Apre sa di :]** Kounye a nou pral chèche ki non pwonon **li** a ranplase nan moso istwa a.

Nan fraz « **Li mete kokad ble, pantalon blan, mayo wouj.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon **li** a ranplase ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou tablo a.]**

**[Di :]** Pwonon **li** a ranplase **Nadin**. Donk, nou kapab di : « **Nadin mete kokad ble, pantalon blan, mayo wouj.** »

Nan fraz « **Li pa kontan.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon **li** a ranplase ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou tablo a.]**

**[Di :]** Pwonon **li** a ranplase **Nadin**. Donk, nou kapab di : « **Nadin pa kontan.** »

## c. Egzèsis nan kaye

**[Di elèv yo :]**

Retounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. Gade jan moso istwa a vin ye lè nou mete **Nadin** nan plas mo **li** a tout kote nou kontre li.

**Nadin leve bonè. Nadin mete kokad ble, pantalon blan, mayo wouj. Nadin ale nan fèt drapo. Sou wout la, lapli mouye Nadin. Nadin pa kontan.**

**[Apre sa di :]** Mete pwonon **li** nan espas vid yo. **[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. apre sa di :]**

An nou li moso istwa a ak pwonon an ankò.

**Nadin leve bonè. Li mete kokad ble, pantalon blan, mayo wouj. Nadin ale nan fèt drapo. Sou wout la, lapli mouye Nadin. Li pa kontan.**

**[Lè ou fin li moso istwa a ak elèv yo, di yo :]**

Sonje mo **li** a se yon pwonon. Nou itilize li pou nou pa repete mo **Nadin** nan toupatou nan istwa a.

## Aktivite 5 **Li istwa pou reponn kesyon (8 minit)**

### a. Li istwa a ansanm

Kounye a, nou pral li tout istwa a. N ap li ansanm. Ale nan liv la, nan paj lesion 72 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### Fèt drapo

**Nadin leve bonè. Li mete kokad ble, pantalon blan, mayo wouj. Nadin ale nan fèt drapo. Sou wout la, lapli mouye Nadin. Li pa kontan. Lè Nadin rive, li wè tout timoun ap make pa. Li tonbe make pa tou nan ran an. Nadin chante : « Onè, respè pou zansèt yo. »**

### b. Li istwa a de pa de

Nou pral li istwa a de pa de kounye a. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li istwa a pou sa ki te li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### c. Koute kesyon epi reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn

#### Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki sa Nadin te met sou li ?
3. Pou ki sa li te abiye konsa ?
4. Ki sa Nadin te wè lè li rive ?
5. Eske nou konn ale nan fèt drapo ? Rakonte.

#### Ekri sa ou panse

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

Pou ki sa daprè nou, nou dwe respekte drapo a ?

#### Sa nou te aprann nan lesion jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesion jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm lesion jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesion an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesion an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesion an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap pataje sa mwen konnen ak lòt moun

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen se yon jwèt.**

**Yo fè m ak bwa ak fil.**

**Yo kouvrí m ak sachè oswa ak papye.**

**Mwen gen tout fòm: kare, triyang, rektang.**

**Mwen ka monte byen wo nan syèl la lè gen van.**

**Plis mwen jwenn van plis m ap monte wo.**

**Plis mwen jwenn fil plis mwen pral pi lwen.**

**Ki sa mwen ye ? ... (Kap/ Sèvolan)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap pataje sa mwen konnen ak lòt moun.**

*[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

*[Di :] Tèm lesон jodi a envite nou pataje sa nou konnen ak lòt moun. Paske lè ou ba yon lòt chans pou li konnen menm jan ak ou, ou pa pèdi anyen nan sa ou konnen.*

Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 73 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

a. Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*

b. Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : toupi**

1. Leve men nou si nou konnen mo **toupi**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **toupi** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **toupi** vle di : **Ti jwèt ki fèt ak yon ti moso bwa won epi ki woule lè yo lanse l ak yon fil. Egzanp : Karèn ak Frèd ap jwe toupi sou galri a.**
4. Kilès ki ka di m ki jan yo fè yon **toupi** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **toupi**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : teknik**

1. Leve men nou si nou konnen mo **teknik**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **teknik** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **teknik** vle di : **Tout mannèv yon moun fè pou li reyalize yon travay. Egzanp : Gadi gen teknik pou li fè kannòt ak fèy papye.**
4. Kilès ki ka di m ki **teknik** li genyen pou li fè sèvolan ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **teknik**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 73 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **Fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime ki jan yo manje fwi a. Nou pare ! Tout moun kanpe. Ki jan nou manje ? ... **[Fè jès la ansanm ak elèv yo]**

Mango — Fig — Zaboka — Zoranj — Kann — Kokoye — Melon

## Aktivite 4

### Mo ki ranplase non nan fraz / istwa

#### a. Mo ki ranplase non nan fraz (Dekouvèt)

[Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Li li ansanm ak elèv yo.]

**Woje ak Pòl** konn jwe foutbòl.

**Woje ak Pòl** jwe byen.

**Woje ak Pòl** toujou fè gòl.

Nan ti istwa nou sot li a gen yon gwoup mo ki repete plizyè fwa. Ki gwoup mo li ye ? **[Bay elèv yo tan pou yo reponn.]**

[Apre sa di :] M ap pase yon trè anba **Woje ak Pòl** tout kote mwen wè li.

[Ekri menm istwa a konsa sou kote lòt la. Li li ansanm ak elèv yo.]

**Woje ak Pòl** konn jwe foutbòl.

**Yo** jwe byen.

**Yo** toujou fè gòl.

[Apre sa mande yo :] Kilès ki ka di m sa ki chanje nan dezyèm istwa a ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

[Di :] Nan dezyèm istwa a gwoup mo **Woje ak Pòl** parèt yon sèl fwa nan premye fraz la.

[Apre sa di :] Nan dezyèm ak twazyèm fraz la gen yon mo ki ranplase **Woje ak pòl**. Ki mo li ye ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Mo a se **Yo**. Se mo **Yo** a ki ranplase **Woje ak Pòl** nan dezyèm ak twazyèm fraz la.

**Woje ak Pòl** se de non. Mo **Yo** a se yon pwonon. Sa vle di yon pwonon se yon mo ki ka ranplase plizyè non. Gen lòt pwonon ki ka ranplase yon sèl non tou.

#### b. Jwenn pwonon nan yon moso istwa

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan m ap li moso istwa a, n ap cheche non moun, non bêt, non kote oswa non objè ki site ladan li. Apre sa n ap chèche chak pwonon ki ranplase yon non nan moso istwa a.

[Repwodui pati sa a sou tablo a epi ranpli li ak enfomasyon ki nan moso istwa a]

Non moun :	Non kote :
Non bêt :	Non objè :
Pwonon yo :	

**[Li moso istwa a pou elèv yo. Di :]** Tounen nan kaye nou, nan paj lesion 73 la. Ale nan egzesis # 2 a. Pandan m ap li pou nou, nou menm, nou pral idantifye non yo epi n ap chèche pwonon ki ranplase yo. Non ak pwonon nou jwenn yo, n ap mete yo nan ti tablo ki nan egsèsis la.

#### Toujou sonje

1. Yon non se yon mo ki sèvi pou rele yon moun oswa yon bêt. Li ka sèvi tou di yon kote oswa yon objè.
2. Yon pwonon se yon mo ki ranplase youn oswa plizyè non.

**[Di :]** Koute moso istwa a byen.

**Nan katye Bedou, gen yon ti gason ki rele Anndi. Timoun sou katye a bay Anndi ti non Bòs Didi. Li konn fè kap ak toupi. Li konn fè machin tou. Machin Bòs Didi solid anpil.**

**[Di :]** Kilès ki ka di mwen ki non **moun** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo. Apre sa di :]**

Kilès ki ka di mwen ki non **kote** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo. Apre sa di :]**

Kilès ki ka di mwen ki non **objè** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo. Apre sa di :]**

Kilès ki ka di mwen ki **pwonon** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo.]**

#### **[Men ki jan tablo a vin ye lè ou fin ranpli li ak repons elèv yo.]**

Non moun : Anndi, timoun	Non kote : nan katye Bedou
Non bêt : Pa genyen	Non objè : kap, toupi, machin
Pwonon yo : li, li	

**[Mande elèv yo swiv modèl pa w la pou yo korije egzèsis la nan kaye yo. Apre sa di :]** Kounye a, nou pral chèche ki non pwonon **li** a ranplase nan moso istwa a.

Nan fraz « **Li konn fè kap ak toupi.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon **li** a ranplase ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou tablo a.]**

**[Di :]** Pwonon **li** a ranplase **Anndi**. Donk, nou kapab di : « **Anndi konn fè kap ak toupi.** »

Nan fraz « **Li konn fè machin tou.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon **li** a ranplase ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou tablo a.]**

**[Di :]** Pwonon **li** a ranplase **Anndi**. Donk, nou kapab di : « **Anndi konn fè machin tou.** »

**[Di elèv yo :]**

Koute ki jan moso istwa a vin ye lè nou mete **Anndi** nan plas pwonon **li** a tout kote nou kontre li.

**Nan katye Bedou, gen yon ti gason ki rele Anndi. Timoun sou katye a bay Anndi ti non Bòs Didi. Anndi konn fè kap ak toupi. Anndi konn fè machin tou. Machin Bòs Didi solid anpil.**

## c. Egzèsis nan kaye

**[Di elèv yo :]**

Retounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. Mete pwonon **li** nan espas vid yo pou konplete moso istwa a.

**[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. apre sa di :]**

Mwen pral li moso istwa a ak pwonon an pou nou. Swiv byen pou nou wè si nou te byen fè egsèsis la.

**Yon jou, Prima te vle aprann fè machin. Li pran kèk bwat mamit vid. Li ale kote bòs Didi. San pèdi tan Bòs Didi aprann li tout teknik ki nesesè. Yon ti tan apre, Bòs Didi kontan wè jan Prima fè bèl machin.**

**[Lè ou fin li moso istwa a ak elèv yo, di yo :]**

Sonje mo **li** a se yon pwonon. Nou itilize li pou nou pa repete mo **Prima** a toupatou nan istwa a.

**Aktivite 5****Koute istwa pou reponn kesyon (5 minit)****a. Koute tout istwa a**

Kounye a, mwen pral li tout istwa a pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kek kesyon sou istwa a pita.

**Anndi konn pataje**

**Nan katye Bedou, gen yon ti gason ki rele Anndi. Timoun sou katye a bay Anndi ti non Bòs Didi. Li konn fè kap ak toupi. Li konn fè machin tou. Machin Bòs Didi solid anpil. Yon jou, Prima te vle aprann fè machin. Li pran kèk bwat mamit vid. Li ale kote bòs Didi. San pèdi tan Bòs Didi aprann li tout teknik ki nesesè. Yon ti tan apre, Bòs Didi kontan wè jan Prima fè bèl machin.**

**b. Koute kesyon epi reponn**

Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

**Kesyon**

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki ti non yo bay Anndi ?
3. Ki sa Bòs Didi konn fè ?
4. Ki sa nou panse de yon timoun ki konn fè anpil travay ?
5. Ki sa nou renmen nan istwa a ? Pou ki sa ?

**Ekri sa ou panse**

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

Pou ki sa li bon pou nou pataje sa nou konnen ak lòt yo ?

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defni nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap kenbe lari a pwòp

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen mache lajounen kou lannuit.**

**Mwen se yon machin.**

**Mwen pa pote moun, mwen pote machandiz.**

**Lè lari a sal, travay mwen kòmanse.**

**Mwen sèvi sèlman pou m ranmase fatra.**

**Ki sa mwen ye ? ... (Kamyon)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap kenbe lari a pwòp.**

*[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou jan nou dwe aji lè nou nan lari. Nou pa dwe jete fatra nan lari a.**

**Nou dwe kenbe lari a pwòp.**

Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 74 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

a. Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*

b. Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : pèp**

1. Leve men nou si nou konnen mo **pèp**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **pèp** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **pèp** vle di : **Moun ki fèt nan yon peyi. Egzanp : Moun ki fèt nan peyi brezil se pèp brezilyen.**
4. Kilès ki ka di m ki jan yo rele **pèp** k ap viv nan peyi d Ayiti a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pèp**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : fatra**

1. Leve men nou si nou konnen mo **fatra**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **fatra** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan nou pral li jodi a, **fatra** vle di : **Tout dechè ki paka sèvi, yo oblige jete.**  
**Egzanp : Machin fatra a ap ramase fatra.**
4. Kilès ki ka di m ki kote li jete **fatra** lè li lakay li ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fatra**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabili**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 74 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **jwe enstriman**. Lè mwen di non yon enstriman mizik, n ap imite son enstriman ak jès mizisyen ki jwe enstriman an. Nou pare !

Gita — Pyano — Tanbou — Kès — Twonpèt — Bas — Vyolon — Akòdeyon

## Aktivite 4

### Mo ki ranplase non nan fraz (12 minit)

#### a. Mo ki ranplase non nan fraz (Dekouvèt)

[Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Li li ansanm ak elèv yo.]

**Jil** renmen bwè lèt.

**Jil** renmen mango.

**Jil** travay byen lekòl.

Nan ti istwa nou sot li a gen yon mo ki repete plizyè fwa. Ki mo li ye ? [Bay elèv yo tan pou yo reponn.]

[Apre sa di :] M ap pase yon trè anba mo **Jil** tout kote mwen wè li.

[Ekri menm istwa a konsa sou kote lòt la. Li li ansanm ak elèv yo.]

**Jil** renmen bwè lèt.

**Li** renmen mango.

**Li** travay byen lekòl.

[Apre sa mande yo :] Kilès ki ka di m sa ki chanje nan dezyèm istwa a ? [Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Di :] Nan dezyèm istwa a mo **Jil** la parèt yon sèl fwa nan premye fraz la.

[Apre sa di :] Nan dezyèm ak twazyèm fraz la gen yon mo ki ranplase **Jil**. Ki mo li ye ?

Mo a se **li**. Se mo **li** a ki ranplase **Jil** nan dezyèm ak twazyèm fraz la.

Mo **Jil** la a se yon non. Mo **li** a se yon pwonon. Sa vle di yon pwonon se yon mo ki ranplase yon non. Gen lòt pwonon ki ka ranplase plizyè non tou.

#### b. Jwenn pwonon nan yon moso istwa

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan m ap li moso istwa a, n ap cheche non moun, non bêt, non kote oswa non objè ki site ladan li. Apre sa n ap chèche chak pwonon ki ranplase yon non nan moso istwa a.

[Repwodui pati sa a sou tablo a epi ranpli li ak enfomasyon ki nan moso istwa a]

Non moun :	Non kote :
Non bêt :	Non objè :
Pwonon yo :	

**[Li moso istwa a pou elèv yo. Di :]** Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 2 a. Nou pral li yon moso istwa ansanm. Pandan n ap li, nou pral idantifye non yo epi jwenn pwonon ki ranplase yo.

#### Toujou sonje

1. Yon non se yon mo ki sèvi pou rele yon moun oswa yon bêt. Li ka sèvi tou di yon kote oswa yon objè.
2. Yon pwonon se yon mo ki ranplase youn oswa plizyè non.

**Yon jou, Estela wè yon ti gason vin jete fatra nan lari a. Estela di ti gason an : « Retounen ak fatra a. Lari a dwe rete pwòp. » Li koute Estela. Li pwomèt sa p ap rive ankò.**

**[Di :]** Kilès ki ka di mwen ki non **moun** li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di mwen ki non **kote** li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di mwen ki **pwonon** li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a.]**

#### **[Men ki jan tablo a vin ye lè ou fin ranpli li ak repons elèv yo.]**

Non moun : Estela, ti gason	Non kote : Lari
Non bêt : Pa genyen	Non objè : Pa genyen
Pwonon yo : li, li	

**[Mande elèv yo swiv modèl pa w la pou yo korije egzèsis la nan kaye yo. Apre sa di :]** Kounye a, nou pral chèche ki non pwonon **li** a ranplase nan moso istwa a.

Nan fraz « **Li koute Estela.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon li a ranplase ?  
[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou table a.]

[Di :] Pwonon **li** a ranplase **Ti gason**. Donk, nou kapab di : « **Ti gason an koute Estela.** »

Nan fraz « **Li pwomèt sa p ap rive ankò.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon **li** a ranplase ?  
[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou table a.]

[Di :] Pwonon **li** a ranplase **Ti gason**. Donk, nou kapab di : « **Ti gason an pwomèt sa p ap rive ankò.** »

## c. Egzèsis nan kaye

[Di elèv yo :]

Retounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. Gade jan moso istwa a vin ye lè nou mete **ti gason** nan plas mo **li** a tout kote nou kontre li.

**Yon jou, Estela wè yon ti gason vin jete fatra nan lari a. Estela di ti gason an : « Retounen ak fatra a. Lari a dwe rete pwòp. » Ti gason an koute Estela. Ti gason an pwomèt sa p ap rive ankò.**

[Apre sa di :] Mete pwonon **li** nan espas vid yo. [Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. apre sa di :]

An nou li moso istwa a ak pwonon an ankò.

**Yon jou, Estela wè yon ti gason vin jete fatra nan lari a. Estela di ti gason an : « Retounen ak fatra a. Lari a dwe rete pwòp. » Li koute Estela. Li pwomèt sa p ap rive ankò.**

[Lè ou fin li moso istwa a pou elèv yo, di yo :]

Sonje mo **li** a se yon pwonon. Nou itilize li pou nou pa repete mo **Ti gason** toupou nan istwa a.

**Aktivite 5    Li istwa**

a. Kounye a, nou tout pral li tout istwa a. Tounen nan liv la, nan paj lesон 74 la. Li byen pou nou ka reponn kek kesyon sou istwa a pita.

**Kenbe lari a pwòp**

**Papa Estela toujou di li :** « **Lari a dwe rete pwòp paske se salon pèp la.** » **Estela renmen pawòl sa a. Yon jou, Estela wè yon ti gason vin jete fatra nan lari a. Estela di ti gason an :** « **Retounen ak fatra a. Lari a dwe rete pwòp.** » **Li koute Estela. Li pwomèt sa p ap rive ankò.**

b. Nou pral li istwa a de pa de. Li byen pou nou ka reponn kek kesyon sou istwa a pita. Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

**Kesyon**

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki sa papa Estela toujou di li ?
3. Ki sa ti gason an te vin fè ?
4. Eske ou konn gen menm konpòtman ak ti gason an ? Di konpòtman ou konn genyen.
5. Ki mesaj istwa sa a pote pou nou ?

**Ekri sa ou panse**

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

Pou ki sa ou dwe kenbe lari a pwòp ?

**Sa nou te aprann nan lesон jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesон jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm lesон jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesон an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesон an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesон an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap viv byen ak moun

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Kiltivatè fè bit tè pou yo plante mwen.**  
**Lè mwen pare yo fouye m ak pikèt bwa.**  
**Si mwen gen vè yo jete mwen.**  
**Yo manje m boukannen oswa bouyi.**  
**Lè yo bouyi mwen ak lèt menm se koupe dwèt.**  
**Ki sa mwen ye ? ... (Patat)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap viv byen ak moun.**

*[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou reflechi sou jan li bon pou nou konpòte nou byen ak lòt moun yon fason pou yo pale byen de nou.**

### Aktivite 1 Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 75 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

### Aktivite 2 Li fraz (3 minit)

- Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*
- Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : kiltivatè**

1. Leve men nou si nou konnen mo **kiltivatè**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **kiltivatè** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **kiltivatè** vle di : **Moun ki konn travay tè, ki konn fè tout kalite jaden. Egzanp : Kilvatè yo pral nan jaden.**
4. Kilès ki ka di m non kèk zouti ki sèvi pouf e jaden ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kiltivatè**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : fouye**

1. Leve men nou si nou konnen mo **fouye**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **fouye** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **fouye** vle di : **Retire pwodui yon plant donne anba tè. Egzanp : Likas ap fouye yanm.**
4. Kilès ki ka di m non kèk plant yo ka **fouye** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fouye**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 75 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **Fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime ki jan yon manje fwi a. Nou pare ! Tout moun kanpe. Ki jan nou manje ? ... *[Fè jès la ansanm ak elèv yo]*

Mango — Fig — Zaboka — Zoranj — Kann — Kokoye — Melon

## Aktivite 4

### Mo ki ranplase non nan fraz (12 minit)

Nou pral travay sou mo ki ka ranplase non nan fraz. Mo sa yo ka ranplase non moun, non bêt non kote oswa non objè nan yon fraz. Se pou sa yo rele yo pwonon.

#### a. Mo ki ranplase non nan fraz (Dekouvèt)

[*Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Li li ansanm ak elèv yo.*]

**Tisavyen** ap viv Dezam.

**Tisavyen** renmen fè jaden.

**Tisavyen** konn plante patat.

Nan ti istwa nou sot li a gen yon mo ki repete plizyè fwa. Ki mo li ye ? [**Bay elèv yo tan pou yo reponn.**]

[**Apre sa di :**] M ap pase yon trè anba mo **Tisavyen** tout kote mwen wè li.

[*Ekri menm istwa a konsa sou kote lòt la. Li li ansanm ak elèv yo.*]

**Tisavyen** ap viv Dezam.

**Li** renmen fè jaden.

**Li** konn plante patat.

[**Apre sa mande yo :**] Kilès ki ka di m sa ki chanje nan dezyèm istwa a ? [**Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

[**Di :**] Nan dezyèm istwa a mo **Tisavyen** an parèt yon sèl fwa nan premye fraz la.

[**Apre sa di :**] Nan dezyèm ak twazyèm fraz la gen yon mo ki ranplase **Tisavyen**. Ki mo li ye ? [**Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

[**Apre sa di :**] Mo a se **li**. Se mo **li** a ki ranplase **Tisavyen** nan dezyèm ak twazyèm fraz la.

Mo **Tisavyen** an se yon non. Mo **li** a se yon pwonon. Sa vle di yon pwonon se yon mo ki ranplase yon non. Gen lòt pwonon ki ka ranplase plizyè non tou.

#### b. Jwenn pwonon nan yon moso istwa

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan m ap li moso istwa a, n ap cheche non moun, non bêt, non kote oswa non objè ki site ladan li. Apre sa n ap chèche chak pwonon ki ranplase yon non nan moso istwa a.

[*Repwodui pati sa a sou tablo a epi ranpli li ak enfomasyon ki nan moso istwa a*]

Non moun :	Non kote :
Non bêt :	Non objè :
Pwonon yo :	

**[Li moso istwa a pou elèv yo. Di :]** Tounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 75 la. Ale nan egzèsis # 2 a. Pandan m ap li pou nou, nou menm, nou pral idantifye non yo epi n ap chèche pwonon ki ranplase yo. Non ak pwonon nou jwenn yo, n ap mete yo nan ti tablo ki nan egsèsis la.

#### Toujou sonje

1. Yon non se yon mo ki sèvi pou rele yon moun oswa yon bêt. Li ka sèvi tou di yon kote oswa yon objè.
2. Yon pwonon se yon mo ki ranplase youn oswa plizyè non.

**[Di :]** Koute moso istwa a byen.

**Nan komin Dezam, gen yon granmoun ki rele Tisavyen. Li gen bab blanch. Tisavyen toujou ap mache ak yon baton. Menm lè Tisavyen granmoun anpil, li toujou fè jaden patat. Tout moun nan zòn nan rekònèt patat Tisavyen se pi bon patat.**

**[Di :]** Kilès ki ka di mwen ki non **moun** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo. Apre sa di :]**

Kilès ki ka di mwen ki non **kote** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo. Apre sa di :]**

Kilès ki ka di mwen ki non **objè** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo. Apre sa di :]**

Kilès ki ka di mwen ki **pwonon** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo.]**

#### **[Men ki jan tablo a vin ye lè ou fin ranpli li ak repons elèv yo.]**

Non moun : Tisavyen	Non kote : nan komin Dezam
Non bêt : Pa genyen	Non objè : baton
Pwonon yo : li, li	

**[Mande elèv yo swiv modèl pa w la pou yo korije egzèsis la nan kaye yo. Apre sa di :]** Kounye a nou pral chèche ki non pwonon **li** a ranplase nan moso istwa a.

Nan fraz « **Li gen bab blanch.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon li a ranplase ?  
[*Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou table a.*]

[*Di :*] Pwonon **li** a ranplase **Tisavyen**. Donk, nou kapab di : « **Tisavyen gen bab blanch.** »

Nan fraz « **Menm lè Tisavyen granmoun anpil, li toujou fè jaden patat.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon **li** a ranplase ?  
[*Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou table a.*]

[*Di :*] Pwonon **li** a ranplase **Tisavyen**. Donk, nou kapab di : « **Menm lè Tisavyen granmoun anpil, Tisavyen toujou fè jaden patat.** »

[*Di elèv yo :*]

Koute ki jan moso istwa a vin ye lè nou mete **Tisavyen** nan plas pwonon **li** a tout kote nou kontre li.

**Nan komin Dezam, gen yon granmoun ki rele Tisavyen. Tisavyen gen bab blanch. Tisavyen toujou ap mache ak yon baton. Menm lè Tisavyen granmoun anpil, Tisavyen toujou fè jaden patat. Tout moun nan zòn nan rekonèt patat Tisavyen se pi bon patat.**

## c. Egzèsis nan kaye

[*Apre sa di :*] Retounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. Mete pwonon **li** nan espas vid yo pou konplete moso istwa a.

[*Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. apre sa di :*]

Mwen pral li moso istwa a ak pwonon an ankò. Swiv byen pou nou wè si nou te byen fè egsèsis la.

**Nan komin Dezam, gen yon granmoun ki rele Tisavyen. Li gen bab blanch. Tisavyen toujou ap mache ak yon baton. Menm lè Tisavyen granmoun anpil, li toujou fè jaden patat. Tout moun nan zòn nan rekonèt patat Tisavyen se pi bon patat.**

[*Lè ou fin li moso istwa a epi bay elèv fidbak sou travay yo te fè a, di yo :*]

Sonje mo **li** a se yon pwonon. Nou itilize li pou nou pa repete mo **Tisavyen** toupou nan istwa a.

**Aktivite 5****Koute istwa pou reponn kesyon (5 minit)****a. Koute istwa a annantye**

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a.

**Patat Tisavyen**

**Nan komin Dezam, gen yon granmoun ki rele Tisavyen. Li gen bab blanch. Tisavyen toujou ap mache ak yon baton. Menm lè Tisavyen granmoun anpil, li toujou fè jaden patat. Tout moun nan zòn nan rekonèt patat Tisavyen se pi bon patat. Yon jou, Tisavyen malad. Tout kliyan t ap plenyen paske pa te gen patat Tisavyen nan mache a. Kalo ak nadin 2 lòt kiltivatè nan zòn nan wè sa. Yo deside ede Tisavyen. Yo fouye de makout patat. Tisavyen di yo : « Mèsi. Zafè youn ede liòt sa a se gwo koze. »**

**b. Koute epi reponn kesyon**

Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

**Kesyon**

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki bò Tisavyen abite ?
3. Ki sa Tisavyen toujou plante ?
4. Pou ki sa Tout moun renmen patat Tisavyen yo ?

**Ekri sa ou panse**

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa yo :

1. Pou ki sa yon moun dwe toujou ede lòt ?
2. Ki jan nou panse nou ka ede yon zanmi nou ki pa fè mwayèn li ?

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap travay byen lekòl pou mwen ka sèvi peyi mwen

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen se chemen konesans.**

**Mwen montre moun li ak ekri.**

**Mwen ouvri an septanm, mwen fèmen an jen.**

**Depi mwen ouvri, tout timoun kontan.**

**Pwofesè, diretè ak elèv rankontre ansanm.**

**Ki sa mwen ye ? ... (Lekòl)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap travay byen lekòl pou mwen ka sèvi peyi mwen.**

*[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse ak enpòtans nou dwe bay lekòl. Paske lè nou aprann byen lekòl n ap ka sèvi peyi nou pi byen.**

Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 76 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

a. Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*

b. Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : bonè**

1. Leve men nou si nou konnen mo **bonè**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **bonè** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **bonè** vle di : **Douvanjou, granm maten. Egzanp : Enòk ak Adlin leve bonè pou yo ale lekòl.**
4. Kilès ki ka di m pou ki sa li bon pou nou vin lekòl **bonè** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **bonè**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**b. Dezyèm mo a se : Iwen**

1. Leve men nou si nou konnen mo **Iwen**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **Iwen** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **Iwen** vle di : **Long distans, ki pa pre. Egzanp : Jasmin al travay byen Iwen.**
4. Kilès ki ka di m ki kote **Iwen** li ale deja ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **Iwen**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**c. Egzèsis sou vokabili**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesion 76 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **jwe enstriman**. Lè mwen di non yon enstriman mizik, n ap imite son enstriman ak jès mizisyen ki jwe enstriman an. Nou pare !

Gita — Pyano — Tanbou — Kès — Twonpèt — Bas — Vyolon — Akòdeyon

## Aktivite 4

**Mo ki ranplase non nan fraz (12 minit)****a. Mo ki ranplase non nan fraz (Dekouvèt)**

[*Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Li li ansanm ak elèv yo.*]

Mwen rele **Klodèt**.

**Klodèt** leve bonè.

**Klodèt** prepare manje.

Apre sa **Klodèt** ale lekòl.

Nan ti istwa nou sot li a gen yon mo ki repete plizyè fwa. Ki mo li ye ? [**Bay elèv yo tan pou yo reponn.**]

[*Apre sa di :*] M ap pase yon trè anba mo **Klodèt** tout kote mwen wè li.

[*Ekri menm istwa a konsa sou kote lòt la. Li li ansanm ak elèv yo.*]

Mwen rele **Klodèt**.

**Mwen** leve bonè.

**Mwen** prepare manje.

Apre sa **mwen** ale lekòl.

[*Apre sa mande yo :*] Kilès ki ka di m sa ki chanje nan dezyèm istwa a ? [**Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

[*Di :*] Nan dezyèm istwa a mo **Klodèt** la parèt yon sèl fwa nan premye fraz la.

[*Apre sa di :*] Nan dezyèm ak twazyèm fraz la gen yon mo ki ranplase **Klodèt**. Ki mo li ye ?

Mo a se **mwen**. Se mo **mwen** an ki ranplase **Klodèt** nan dezyèm ak twazyèm fraz la.

Mo **Klodèt** la se yon non. Mo **mwen** an se yon pwonon. Sa vle di yon pwonon se yon mo ki ranplase yon non. Gen lòt pwonon ki ka ranplase plizyè non tou.

**b. Jwenn pwonon nan yon moso istwa**

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan m ap li moso istwa a, n ap cheche non moun, non bêt, non kote oswa non objè ki site ladan li. Apre sa n ap chèche chak pwonon ki ranplase yon non nan moso istwa a.

[*Repwodui pati sa a sou tablo a epi ranpli li ak enfomasyon ki nan moso istwa a*]

Non moun :	Non kote :
Non bêt :	Non objè :
Pwonon yo :	

**[Li moso istwa a pou elèv yo. Di :]** Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 2 a. Nou pral li yon moso istwa ansanm. Pandan n ap li, nou pral idantifye non yo epi jwenn pwonon ki ranplase yo.

#### Toujou sonje

1. Yon non se yon mo ki sèvi pou rele yon moun oswa yon bêt. Li ka sèvi tou di yon kote oswa yon objè.
2. Yon pwonon se yon mo ki ranplase youn oswa plizyè non.

**Klodèt toujou reveye bonè pou li ale lekòl. Lekòl la lwen anpil. Yon jou, Klodèt di : « Manman lekòl sa a twò lwen. Mwen p ap ale ankò. »**

**[Di :]** Kilès ki ka di mwen ki non **moun** li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di mwen ki non **kote** li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di mwen ki **pwonon** li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a.]**

#### **[Men ki jan tablo a vin ye lè ou fin ranpli li ak repons elèv yo.]**

Non moun : Klodèt, manman	Non kote : Lekòl
Non bêt : Pa genyen	Non objè : Pa genyen
Pwonon yo : li, mwen	

**[Mande elèv yo swiv modèl pa w la pou yo korije egzèsis la nan kaye yo. Apre sa di :]** Kounye a, nou pral chèche ki non pwonon **li** ak pwonon **mwen** ranplase nan moso istwa a.

Nan fraz « **Klodèt toujou reveye bonè pou li ale lekòl.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon li a ranplase ? *[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou table a.]*

**[Di :]** Pwonon **li** a ranplase **Klodèt**. Donk, nou kapab di : « **Klodèt toujou reveye bonè pou Klodèt ale lekòl.** »

Nan fraz « **Mwen p ap ale ankò.** », ki non pwonon **mwen** an ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon **mwen** an ranplase ? *[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou table a.]*

**[Di :]** Pwonon **mwen** an ranplase **Klodèt**. Donk, nou kapab di : « **Klodèt p ap ale ankò.** »

## c. Egzèsis nan kaye

**[Di elèv yo :]**

Retounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. Gade jan moso istwa a vin ye lè nou mete **Klodèt** nan plas mo **li** ak mo **mwen** tout kote nou kontre yo.

**Klodèt toujou reveye bonè pou Klodèt ale lekòl. Lekòl la lwen anpil. Yon jou, Klodèt di :**  
**« Manman lekòl sa a twò lwen. Klodèt p ap ale ankò. »**

**[Apre sa di :]** Mete pwonon **li** ak **mwen** nan espas vid yo. *[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. apre sa di :]*

An nou li moso istwa a ak pwonon an ankò.

**Klodèt toujou reveye bonè pou li ale lekòl. Lekòl la lwen anpil. Yon jou, Klodèt di : « Manman lekòl sa a twò lwen. **Mwen p ap ale ankò.** »**

**[Lè ou fin li moso istwa a pou elèv yo, di yo :]**

Sonje mo **li** ak mo **mwen** se pwonon. Nou itilize li pou nou pa repete mo **Klodèt** toupatou nan istwa a.

## Aktivite 5 Li istwa pou reponn kesyon (8 minit)

### a. Li istwa a ansanm

Kounye a, nou pral li tout istwa a. N ap li ansamm. Ale nan liv la, nan paj lesion 76 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### **Klodèt pa bay vag**

**Klodèt toujou reveye bonè pou li ale lekòl. Lekòl la lwen anpil. Yon jou, Klodèt di : « Manman lekòl sa a twò lwen. Mwen p ap ale ankò. » Manman Klodèt reponn : « Si mwen te konn li, mwen t ap sèvi kominote a pi byen. » Klodèt kontan apre bél pawòl sa a. Depi lè sa a Klodèt bay lekòl plis enpòtans**

### b. Li istwa a de pa de

Nou pral li istwa a de pa de kounye a. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li istwa a pou sa ki te li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### c. Koute kesyon epi reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn

#### **Kesyon**

1. Kilès ki te reveye byen bonè pou li ale lekòl ?
2. Pou ki sa Klodèt te leve byen bonè ?
3. Pou ki sa Klodèt di manman li li p ap tounen lekòl la ?
4. Daprè nou èske lekòl enpòtan pou kominote n ap viv la ? Pou ki sa ?
5. Ki sa istwa sa a aprann nou ?

#### **Ekri sa ou panse**

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

Pou ki sa daprè ou Klodèt dwe bay lekòl enpòtans ?

### **Sa nou te aprann nan lesion jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesion jodi a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. [**Apre sa di :**] Kilès ki ka di tèm lesion jodi a ? [**Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesion an.**]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesion an ? [**Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesion an.**]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [**Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.**]
5. [**Apre sa di :**] Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél ti istwa. Nou prale ansam vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap pran tout moun ki aji byen kòm modèl

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen leve bònè pou mwen ale travay.**

**Mwen renmen travay ak timoun ak jèn.**

**Mwen travay nan tout kalite lekòl.**

**Mwen pa direktè.**

**Metye mwen se aprann moun li ak ekri.**

**Kilès mwen ye ? ... (Pwofesè)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap pran tout moun ki aji byen kòm modèl.**

*[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou jan nou dwe chwazi moun pou nou suiv kòm modèl. Nou dwe chwazi moun ki aji byen.**

#### Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 77 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

#### Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

a. Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*

b. Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : nasyonal**

1. Leve men nou si nou konnen mo **nasyonal**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **nasyonal** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **nasyonal** vle di : **Tout sa ki pou yon nasyon oswa yon peyi.**  
**Egzanp : Lekòl sa a se yon lekòl nasyonal.**
4. Kilès ki ka di m non yon lekòl **nasyonal** li konnen ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **nasyonal**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : modèl**

1. Leve men nou si nou konnen mo **modèl**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **modèl** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **modèl** vle di : **Moun ki gen bon konpòtman yon lòt ka pran ekzanp sou li. Egzanp : Nadèj se yon modèl pou Ana.**
4. Kilès ki ka di m non yon moun ki se yon **modèl** pou li epi di pou ki sa li se yon **modèl** pou ou ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **modèl**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 77 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **Fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime ki jan yo manje fwi a. Nou pare ! Tout moun kanpe. Ki jan nou manje ? ... **[Fè jès la ansanm ak elèv yo]**

Mango — Fig — Zaboka — Zoranj — Kann — Kokoye — Melon

## Aktivite 4

**Mo ki ranplase non nan fraz (12 minit)**

Nou pral travay sou mo ki ka ranplase non nan fraz. Mo sa yo ka ranplase non moun, non bêt non kote oswa non objè nan yon fraz. Se pou sa yo rele yo pwonon.

**a. Mo ki ranplase non nan fraz (Dekouvèt)**

[*Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Li li ansanm ak elèv yo.*]

**Klodèt** leve bonè.

**Klodèt** prepare manje.

Apre sa **Klodèt** ale lekòl.

Nan ti istwa nou sot li a gen yon mo ki repete plizyè fwa. Ki mo li ye ? [**Bay elèv yo tan pou yo reponn.**]

[**Apre sa di :**] M ap pase yon trè anba mo **Klodèt** tout kote mwen wè li.

[*Ekri menm istwa a konsa sou kote lòt la. Li li ansanm ak elèv yo.*]

**Klodèt** leve bonè.

**Li** prepare manje.

Apre sa **Li** ale lekòl.

[**Apre sa mande yo :**] Kilès ki ka di m sa ki chanje nan dezyèm istwa a ? [**Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

[**Di :**] Nan dezyèm istwa a mo **Klodèt** la parèt yon sèl fwa nan premye fraz la.

[**Apre sa di :**] Nan dezyèm ak twazyèm fraz la gen yon mo ki ranplase **Klodèt**. Ki mo li ye ? [**Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

[**Apre sa di :**] Mo a se **Li**. Se mo **Li** a ki ranplase **Klodèt** nan dezyèm ak twazyèm fraz la.

Mo **Klodèt** la se yon non. Mo **Li** a se yon pwonon. Sa vle di yon pwonon se yon mo ki ranplase yon non. Gen lòt pwonon ki ka ranplase plizyè non tou.

**b. Jwenn pwonon nan yon moso istwa**

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan m ap li moso istwa a, n ap cheche non moun, non bêt, non kote oswa non objè ki site ladan li. Apre sa n ap chèche chak pwonon ki ranplase yon non nan moso istwa a.

[*Repwodui pati sa a sou tablo a epi ranpli li ak enfomasyon ki nan moso istwa a*]

Non moun :	Non kote :
Non bêt :	Non objè :
Pwonon yo :	

**[Li moso istwa a pou elèv yo. Di :]** Tounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 77 la. Ale nan egzèsis # 2 a. Pandan m ap li pou nou, nou menm, nou pral idantifye non yo epi n ap chèche pwonon ki ranplase yo. Non ak pwonon nou jwenn yo, n ap mete yo nan ti tablo ki nan egsèsis la.

#### Toujou sonje

1. Yon non se yon mo ki sèvi pou rele yon moun oswa yon bêt. Li ka sèvi tou di yon kote oswa yon objè.
2. Yon pwonon se yon mo ki ranplase youn oswa plizyè non.

**[Di :]** Koute moso istwa a byen.

**Leya se pwofesè dezyèm ane nan lekòl nasyonal Koray. Li ta renmen tout timoun yo konn li ak ekri byen. Se poutèt sa, Leya pa janm rate yon jou travay. Madi apremidi, Leya mouye nan lapli. Sa lakòz li anwe. Leya pa ka pale.**

**[Di :]** Kilès ki ka di mwen ki non **moun** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo. Apre sa di :]**

Kilès ki ka di mwen ki non **kote** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo. Apre sa di :]**

Kilès ki ka di mwen ki **pwonon** li tande nan moso istwa mwen sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Mande yo ekri bon repons yo nan ti tablo a pandan w ap ekri yo sou tablo.]**

#### **[Men ki jan tablo a vin ye lè ou fin ranpli li ak repons elèv yo.]**

Non moun : Leya, timoun	Non kote : nan Lekòl Nasyonal Koray
Non bêt : Pa genyen	Non objè : pa genyen
Pwonon yo : li, li, li	

**[Mande elèv yo swiv modèl pa w la pou yo korije egzèsis la nan kaye yo. Apre sa di :]** Kounye a nou pral chèche ki non pwonon **li** a ranplase nan moso istwa a.

Nan fraz « **Li ta renmen tout timoun yo konn li ak ekri byen.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon li a ranplase ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou table a.]**

**[Di :]** Pwonon **li** a ranplase **Leya**. Donk, nou kapab di : « **Leya ta renmen tout timoun yo konn li ak ekri byen.** »

Nan fraz « **Sa lakòz li anwe.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon **li** a ranplase ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou table a.]**

**[Di :]** Pwonon **li** a ranplase **Leya**. Donk, nou kapab di : « **Sa lakòz Leya anwe.** »

**[Di elèv yo :]**

Koute ki jan moso istwa a vin ye lè nou mete **Leya** nan plas pwonon **li** a tout kote nou kontre li.

**Leya se pwofesè dezyèm ane nan lekòl nasyonal Koray. Leya ta renmen tout timoun yo konn li ak ekri byen. Se poutèt sa, Leya pa janm rate yon jou travay. Madi apremidi, Leya mouye nan lapli. Sa lakòz Leya anwe. Leya pa ka pale.**

## c. Egzèsis nan kaye

**[Apre sa di :]** Retounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. Mete pwonon **li** nan espas vid yo.

**[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. apre sa di :]**

Mwen pral li moso istwa a ak pwonon an ankò. Swiv byen pou nou wè si nou te byen fè egsèsis la.

**Leya se pwofesè dezyèm ane nan lekòl nasyonal Koray. Li ta renmen tout timoun yo konn li ak ekri byen. Se poutèt sa, Leya pa janm rate yon jou travay. Madi apremidi, Leya mouye nan lapli. Sa lakòz li anwe. Leya pa ka pale.**

**[Lè ou fin li moso istwa a pou elèv yo, di yo :]**

Sonje mo **li** a se yon pwonon. Nou itilize li pou nou pa repete mo **Leya** toupatou nan istwa a.

**Aktivite 5****Koute istwa pou reponn kesyon (5 minit)****a. Koute istwa a annantye**

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a.

**Yon bon modèl**

**Leya se pwofesè dezyèm ane nan lekòl nasyonal Koray. Li ta renmen tout timoun yo konn li ak ekri byen. Se poutèt sa, Leya pa janm rate yon jou travay. Madi apremidi, Leya mouye nan lapli. Sa lakòz li anwe. Leya pa ka pale. Men, nan mèkredi, Leya fè efò pou li ale lekòl la kanmenm. Nan klas la, li pale tou ba. Jou sa a, tout moun wè ki jan madmwazèl Leya renmen travay li ap fè a tout bon vre. Li se yon bon modèl.**

**b. Koute epi reponn kesyon**

Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

**Kesyon**

1. De kilès istwa a pale ?
2. Nan ki lekòl Leya pwofesè ?
3. Nan ki klas Lea pwofesè ?
4. Ki sa Leya ta renmen pou elèv li yo ?
5. Èske n konn yon moun ki ka sèvi pou modèl ? Esplike nan ki sans li ka sèvi kòm modèl.

**Ekri sa ou panse**

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

Pou ki sa nou ka di Leya se yon bon pwofesè ?

**Sa nou te aprann nan lesон jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesón jodi a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. [**Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm lesón jodi a ? [**Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesón an.**]
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesón an ? [**Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defni nan lesón an.**]
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [**Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.**]
5. [**Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bél ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Mwen pral kay doktè lè mwen malad

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen ka vole men mwen pa zwazo  
Mwen renmen rete kote ki gen dlo.  
Mwen mache lajounen kou lannuit.  
Mwen renmen mode. Pèsonn pa renmen m.  
Yo mete moustikè, plakatòks pou mwen.  
Dèfwa yo banm lafimen pou m pa mode moun.  
Ki sa mwen ye ? ... (Marengwen)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Mwen pral kay doktè lè m malad**  
*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?  
[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]  
[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse Jan li bon pou tout moun ale kay doktè lè yo malad.**

#### Aktivite 1 Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 78 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

#### Aktivite 2 Li fraz (3 minit)

- Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*
- Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : lafyèv**

1. Leve men nou si nou konnen mo **lafyèv**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **lafyèv** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **lafyèv** vle di : **Maladi moun genyen ki fè kò yo cho.**  
**Egzanp : Kò Anèl cho anpil. Doktè a di se lafyèv li genyen.**
4. Kilès ki ka di m ki jan li conn santi li lè li gen **lafyèv** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lafyèv**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : malarya**

1. Leve men nou si nou konnen mo **malarya**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **malarya** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **malarya** vle di : **Gwo lafyèv moun konn genyen lè yon marengwen yo rele anofèl mode yo. Egzanp : Se marengwen ki fè moun gen malaria.**
4. Kilès ki ka di m ki sa li ka fè pou li pa gen **malarya** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **malarya**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 78 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **jwe enstriman**. Lè mwen di non yon enstriman mizik, n ap imite son enstriman ak jès mizisyen ki jwe enstriman an. Nou pare !

Gita — Pyano — Tanbou — Kès — Twonpèt — Bas — Vyolon — Akòdeyon

## Aktivite 4 Mo ki ranplase non nan fraz (12 minit)

### a. Mo ki ranplase non nan fraz (Dekouvèt)

[Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Li li ansanm ak elèv yo.]

**Bis la** byen chaje.

**Li** kouri vit.

**Bis la** rive Okap byen bonè.

Nan ti istwa nou sot li a gen yon mo ki repete plizyè fwa. Ki mo li ye ? [Bay elèv yo tan pou yo reponn.]

[Apre sa di :] M ap pase yon trè anba mo **bis la** tout kote mwen wè li.

[Ekri menm istwa a konsa sou kote lòt la. Li li ansanm ak elèv yo.]

**Bis la** byen chaje.

**Li** kouri vit.

**Li** rive Okap byen bonè.

[Apre sa mande yo :] Kilès ki ka di m sa ki chanje nan dezyèm istwa a ? [Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Di :] Nan dezyèm istwa a mo **Bis la** parèt yon sèl fwa nan premye fraz la.

[Apre sa di :] Nan dezyèm ak twazyèm fraz la gen yon mo ki ranplase **Bis la**. Ki mo li ye ?

Mo a se **li**. Se mo **li** a ki ranplase **Bis la** nan dezyèm ak twazyèm fraz la.

Mo **Bis la** se yon non. Mo **li** a se yon pwonon. Sa vle di yon pwonon se yon mo ki ranplase yon non. Gen lòt pwonon ki ka ranplase plizyè non tou.

### b. Jwenn pwonon nan yon moso istwa

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan m ap li moso istwa a, n ap cheche non moun, non bêt, non kote oswa non objè ki site ladan li. Apre sa n ap chèche chak pwonon ki ranplase yon non nan moso istwa a.

[Repwodui pati sa a sou tablo a epi ranpli li ak enfomasyon ki nan moso istwa a]

Non moun :	Non kote :
Non bêt :	Non objè :
Pwonon yo :	

**[Li moso istwa a pou elèv yo. Di :]** Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 2 a. Nou pral li yon moso istwa ansanm. Pandan n ap li, nou pral idantifye non yo epi jwenn pwonon ki ranplase yo.

#### Toujou sonje

1. Yon non se yon mo ki sèvi pou rele yon moun oswa yon bêt. Li ka sèvi tou di yon kote oswa yon objè.
2. Yon pwonon se yon mo ki ranplase youn oswa plizyè non.

**Jodi a, Ivèt gen yon gwo lafyèv. Papa Ivèt ba li te asowosi. O ! lafyèv la la pi rèd. Papa Ivèt kouri mennen li lopital. Doktè a di Ivèt gen malarya.**

**[Di :]** Kilès ki ka di mwen ki non **moun** li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di mwen ki non **kote** li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di mwen ki **pwonon** li jwenn nan moso istwa nou sot li a ? **[Bay elèv yo fidbak. Ekri bon repons yo nan tablo a.]**

#### **[Men ki jan tablo a vin ye lè ou fin ranpli li ak repons elèv yo.]**

Non moun : Ivèt, papa, doktè	Non kote : lopital
Non bêt : Pa genyen	Non objè : Pa genyen
Pwonon yo : li, li	

**[Mande elèv yo swiv modèl pa w la pou yo korije egzèsis la nan kaye yo. Apre sa di :]** Kounye a, nou pral chèche ki non pwonon **li** a ranplase nan moso istwa a.

Nan fraz « **Papa Ivèt ba li te asowosi.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon **li** a ranplase ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou tablo a.]**

**[Di :]** Pwonon **li** a ranplase **Ivèt**. Donk, nou kapab di : « **Papa Ivèt bay Ivèt te asowosi.** »

Nan fraz « **Papa Ivèt kouri mennen li lopital.** », ki non pwonon **li** a ranplase ? Kilès ki ka di m ki non pwonon **li** a ranplase ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi. Apre sa chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons yo sou tablo a.]**

**[Di :]** Pwonon **li** a ranplase **Ivèt**. Donk, nou kapab di : « **Papa Ivèt kouri mennen Ivèt lopital.** »

## c. Egzèsis nan kaye

**[Di elèv yo :]**

Retounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. Gade jan moso istwa a vin ye lè nou mete **Ivèt** nan plas mo **li** tout kote nou kontre li.

**Jodi a, Ivèt gen yon gwo lafyèv. Papa Ivèt ba Ivèt te asowosi. O ! lafyèv la la pi rèd. Papa Ivèt kouri mennen Ivèt lopital. Doktè a di Ivèt gen malarya.**

**[Apre sa di :]** Mete pwonon **li** nan espas vid yo. **[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. apre sa di :]**

An nou li moso istwa a ak pwonon an ankò.

**Jodi a, Ivèt gen yon gwo lafyèv. Papa Ivèt ba li te asowosi. O ! lafyèv la la pi rèd. Papa Ivèt kouri mennen li lopital. Doktè a di Ivèt gen malarya.**

**[Lè ou fin li moso istwa a pou elèv yo, di yo :]**

Sonje mo **li** a se pwonon. Nou itilize li pou nou pa repete mo **Ivèt** toupatou nan istwa a.

**Aktivite 5    Li istwa**

a. Kounye a, nou tout pral li tout istwa a. Tounen nan liv la, nan paj lesон 78 la. Li byen pou nou ka reponn kek kesyon sou istwa a pita.

**Yon bon konsèy**

**Jodi a, Ivèt gen yon gwo lafyèv. Papa Ivèt ba li te asowosi. O ! lafyèv la la pi rèd. Papa Ivèt kouri mennen li lopital. Doktè a di Ivèt gen malarya. Doktè a bay Ivèt medikaman. Li pwofite di papa Ivèt : « Te pa ka trete tout maladi. Lè yon moun malad se mennen moun nan nan sant sante ki pi pre a. » Papa Ivèt di li mèsi.**

b. Nou pral li istwa a de pa de kounye a. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li istwa a pou sa ki te li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

c. Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

**Kesyon**

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki sa Ivèt genyen ?
3. Ki sa papa l ba li ?
4. Ki bò papa l te mennen l ?
5. Ki kote nou dwe ale lè nou malad ? Pou ki sa ?
6. Èske nou renmen konsèy yo ba nou nan istwa ? Pou ki sa ?

**Ekri sa ou panse**

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

Pou ki sa li bon pou nou ale lopital lè nou malad ?

**Sa nou te aprann nan lesон jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesон jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di:]** Kilès ki ka di tèm lesон jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesон an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesон an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan lesон an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di:]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansam vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Ale lekòl, ala bon sa bon pou mwen

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen se yon peyi menm jan ak tout peyi.**

**Fransè te kolonize mwen.**

**Desalin, Petyon ak Kristòf ban mwen endependans.**

**Chak premye janvye se fèt mwen.**

**Kilès mwen ye ? ... (Ayiti)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Ale lekòl, ala bon sa bon pou mwen.**

*[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse jan lè nou ale lekòl, nou aprann, sa ka ede nou viv pi byen.**

Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 79 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

a. Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*

b. Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : kondisip**

1. Leve men nou si nou konnen mo **kondisip**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **kondisip** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **kondisip** vle di : **Moun ki nan menm lekòl ak nan menm klas ak yon lòt moun. Egzanp : Odèt se kondisip Richa.**
4. Kilès ki ka di m aktivite li konn fè ansanm ak **kondisip** li yo ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kondisip**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : bibliyotèk**

1. Leve men nou si nou konnen mo **bibliyotèk**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **bibliyotèk** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **bibliyotèk** vle di : **Espas kote moun ka jwenn tout kalite liv pou yo li. Egzanp : Wodrig ak Siz ap fè lekti nan bibliyotèk la.**
4. Kilès ki ka di m pou ki sa li renmen **bibliyotèk** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **bibliyotèk**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabili**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 79 la pou nou fè egzèsis # 1 an ak # 2 a.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! *[Frapé tablo a, apre sa di:]*

Sote — Vire adwat — Vire agoch — Galope — Kanpe sèk — Aplodi

## Aktivite 4

### **Detèminan posesif nan fraz (Egzanp)**

#### **a. Detèminan posesif nan fraz (Egzanp)**

**[Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Apre sa di :]**

Nou pral li yon ti istwa ansam apre sa nou pral travay pou nou konprann ki jan yon mo ki akonpaye yon lòt mo ka montre yon objè oubyen yon bêt se pou yon moun. Oswa relasyon yon moun genyen ak yon lòt moun.

**Jizèl** se yon ti fi ki gen lòd.

**Chanm li** toujou byen ranje.

**Liv li** pa janm rete atè.

Nan fraz « **Chanm li** toujou byen ranje. », mo li ki akonpaye mo **chanm** nan fraz la montre **chanm** nan se pou **Jizèl**. Sa vle di **chanm** sa a se **chanm pa Jizèl**.

Nan fraz « **Liv li** pa janm rete atè. », mo li ki akonpaye mo **liv** nan fraz la montre **liv** yo se pou **Jizèl**. Sa vle di **liv** sa yo se **liv pa Jizèl**.

Nan toulède fraz sa yo mo li a montre yon objè se pou moun. Donk mo li a se yon detèminan posesif.

#### **b. Jwenn detèminan posesif nan moso istwa**

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan n ap li moso istwa a, n ap idantifye fraz ki gen detèminan posesif ladan l. Apre sa n ap gade ki non detèminan an akonpaye. Epi n ap chèche konprann ki rapò non sa a genyen ak lòt non nan fraz la.

**Toujou sonje**

*Yon detèminan posesif se yon mo ki akonpaye yon non epi ki fè konnen yon bêt oswa yon objè se pou yon moun.  
Li ka bay presizyon tou sou relasyon ki genyen ant de moun.*

**[Di :]** Koute moso istwa a byen pou nou ka patisipe.

**Mwa septanm se epòk lekòl ouvè toupatou ann Ayiti. Papa Pòl pa gen gwo mwayen. Men li pa vle Pòl pèdi yon jou nan klas li. Premye jou a, Pòl mete bèl inifòm li sou li. Li pare pou lekòl la. Anvan I deplase, papa Pòl di li : « Sonje, edikasyon se pi gwo byen mwen ka ba ou. »**

Nan fraz « **Men li pa vle Pòl pèdi yon jou nan klas li** », nou jwenn gwoup mo « **klas li** ». **[Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di m lè mwen di **klas li** nan fraz la, klas ki moun li ye ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]**

**[Apre sa di :]** Nan fraz « **Men li pa vle Pòl pèdi yon jou nan klas li** », mo li ki akonpaye mo **klas** la montre klas la se **klas Pòl**.

Nan fraz « **Premye jou a, Pòl mete bèl inifòm li sou li.** », nou jwenn gwoup mo « **inifòm li** ». [Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]

Kilès ki ka di m lè mwen di **inifòm li** nan fraz la, **inifòm** ki moun li ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason*]

[*Apre sa di :*] Nan fraz « **Premye jou a, Pòl mete bèl inifòm li sou li.** », mo **li** ki akonpaye mo **inifòm** nan montre inifòm sa a se **inifòm pa Pòl.**

### c. Egzèsis sou detèminan posesif

Nou pral fè egzèsis sou detèminan posesif. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. [*Pase verifye travay elèv yo epi bay fidbak.*]

#### Aktivite 5    **Koute istwa pou reponn kesyon (5 minit)**

##### a. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a.

##### Yon bon lide

**Mwa septanm se epòk lekòl ouvè toupatou ann Ayiti. Papa Pòl pa gen gwo mwayen. Men li pa vle Pòl pèdi yon jou nan klas li. Premye jou a, Pòl mete bèl inifòm li sou li. Li pare pou lekòl la. Anvan li deplase, papa pòl di l : « Sonje, edikasyon se pi gwo byen mwen ka ba ou. » Pòl gade papa li, apre sa li souri. Yon ti tan apre, li ale ansanm ak plizyè kondisip li. Tout sou wout la, l ap pale ak yo. Li di yo : « Sa nou panse si nou fè yon ekip pou nou ale li ansanm nan bibliyotèk la ? » Mesyedam yo kontan lide a. Yo di Pòl : « Mèsi anpil. Konsa youn ap ede lòt avanse. »**

##### b. Koute epi reponn kesyon

Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

##### Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Nan ki epòk lekòl ouvri nan peyi d Ayiti ?
3. Ki sa Papa Pòl pa vle ki rive Pòl ?
4. Ki sa Pòl fè premye jou lekòl la ?
5. Nan ki aktivite ou konn ede lòt elèv nan lekòl ou ? Sa ou konn fè ?

##### Ekri sa ou panse

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

1. Pou ki sa ou ka di Pòl se yon bon elèv ?
2. Pou ki sa li bon pou elèv ale li nan bibliyotèk ?

## Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

**TÈM LESON AN : Tout sa ki sou tè a ak nan syèl la se se zanmi nou****Devinèt (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen pwomennen nan syèl la.**

**Kèk fwa mwen koulè blan.**

**Kèk fwa mwen gen koulè gri oswa nwa.**

**Pafwa mwen bare solèy la oswa lalin nan.**

**Depi mwen gri konnen lapli pral tonbe.**

**Kilès mwen ye ? ... (nyaj)**

[*Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :]* Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

**Di sa n panse (3 minit)**

Tèm lesон jodi a se : **Tout sa ki sou tè a ak nan syèl la se se zanmi nou.**

[*Mande elèv yo repete tèm nan. Di :]* Ki tèm lesон jodi a ?

[*Apre sa di :]* Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]

[*Lè yo fin reponn di :]* Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a fè nou panse jan li bon pou nou alèz ak tout sa nou wè sou tè a. Lè nou leve je nou gade syèl la nou dwe santi nou lib pou nou kominike ak ak sa nou wè.**

**Aktivite 1    Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 80 an. Ale nan liy melon an. Li mo yo. [*Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.*]

**Aktivite 2    Li fraz (3 minit)**

- Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. [*Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak*]
- Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.*]

## Aktivite 3

### Aktivite vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

#### a. Premye mo a se : rekòt

1. Leve men nou si nou konnen mo **rekòt**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **rekòt** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **rekòt** vle di : **Pwodui oswa danre ki soti nan jaden yon moun. Egzanp : Manman m te plante pitimi. Li jwen yon bèl rekòt.**
4. Kilès ki ka di m ki lòt danre moun ka plante pou yo jwen yon bon **rekòt** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **rekòt**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

#### b. Dezyèm mo a se : loray

1. Leve men nou si nou konnen mo **loray**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **loray** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **loray** vle di : **Gwo bri ki mache souvan ak zèklè pou anonsé lapli pral tonbe. Egzanp : Lapli pare. Loray kòmanse gwonde.**
4. Kilès ki ka di m ki sa li fè lè li tandem yon gwo kout **loray** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **loray**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

#### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 80 an pou nou fè egzèsis # 1 an ak # 2 a.

### **Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **Estatí**. Mwen pral mande nou fè plizyè jès youn dèyè lòt. Lè mwen di **estati** n ap kanpe sèk, san pale, san nou pa bouje kò nou. Nou pare !

Kanpe — Danse — Estati — Lonje men nou devan — Tranble kò nou — Estati

## Aktivite 4

**Detèminan posesif nan fraz (Egzanz)**

[Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Apre sa di:]

Nou pral li yon ti istwa ansanm apre sa nou pral travay pou nou konprann ki jan yon mo ki akonpaye yon lòt mo ka montre yon objè oubyen yon bêt se pou yon moun. Li ka montre tou relasyon yon moun genyen ak yon lòt.

**Jan ak Kalo** rive lekòl.

Jan pote **valiz li**.

**Kalo** mete **liv li** nan yon katab.

Nan fraz « **Jan** pote **valiz li** », mo **li** ki akonpaye mo **valiz** nan fraz la montre **valiz** la se pou **Jan**. Sa vle di **valiz** sa a se **valiz pa Jan**.

Nan fraz « **Kalo** mete **liv li** nan yon katab. », mo **li** ki akonpaye mo **liv** nan fraz la montre **liv** yo se pou **Kalo**. Sa vle di **liv** sa yo se **liv pa Kalo**.

Nan toulède fraz sa yo mo **li** a montre yon objè se pou moun. Donk mo **li** a se yon detèminan posesif.

**b. Jwenn detèminan posesif nan moso istwa**

Kounye a, nou pral li yon moso istwa. Pandan n ap li moso istwa a, n ap idantifye fraz ki gen detèminan posesif ladan l. Apre sa n ap gade ki non detèminan an akonpaye. Epi n ap chèche konprann ki rapò non sa a genyen ak lòt non nan fraz la.

Toujou sonje

*Yon detèminan posesif se yon mo ki akonpaye yon non epi ki fè konnen yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka bay presizyon tou sou relasyon ki genyen ant de moun.*

[**Di :**] Li moso istwa a byen pou nou ka patisipe.

**Lapli pa janm tonbe nan zòn Akayè. Peyizan yo pèdi tout rekòt yo. Yon jou, Rita ak Pòl kanpe nan jaden manman yo a. Rita ak Pòl leve je yo gade syèl la. Y ap chante. Y ap rele Tinyaj.**

Nan fraz « **Peyizan yo pèdi tout rekòt yo** », nou jwenn gwoup mo « **rekòt yo** ». [Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]

Kilès ki ka di m lè mwen di **rekòt yo** nan fraz la, rekòt ki moun li ye ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason**]

[**Apre sa di :**] Nan fraz « **Peyizan yo pèdi tout rekòt yo** », mo **yo** ki akonpaye mo **rekòt** la montre rekòt la se **rekòt pa peyizan yo**.

# LESON 80

Nan fraz « **Yon jou, Rita ak Pòl kanpe nan jaden manman yo a.** », nou jwenn gwoup mo « **manman yo** ». [Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]

Kilès ki ka di m lè mwen di **manman yo** nan fraz la, **manman** ki moun li ye ? [***Chwazi yon ti fi ak yon ti gason***]

[Apre sa di :] Nan fraz « **Yon jou, Rita ak Pòl kanpe nan jaden manman yo a.** », mo **yo** ki akonpaye mo **manman** an montre manman sa a se **manman Rita ak Pòl.**

Nan fraz « **Rita ak Pòl leve je yo gade syèl la.** », nou jwenn gwoup mo « **je yo** ». [Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]

Kilès ki ka di m lè mwen di **je yo** nan fraz la, **je** ki moun li ye ? [***Chwazi yon ti fi ak yon ti gason***]

[Apre sa di :] Nan fraz « **Rita ak Pòl leve je yo gade syèl la.** », mo **yo** ki akonpaye mo **je** montre je sa yo se **je Rita ak Pòl.**

## c. Egzèsis sou detèminan posesif

Nou pral fè egzèsis sou detèminan posesif. Tounen nan kaye ekriti a. Ale nan egzèsis # 3 a. [***Pase verifye travay elèv yo epi bay fidbak.***]

### Aktivite 5

### **Li istwa**

a. Kounye a, nou tout pral li tout istwa a. Tounen nan liv la, nan paj lesson 80 an. Li byen pou nou ka reponn kek kesyon sou istwa a pita.

#### **Ti Nyaj**

**Lapli pa janm tonbe nan zòn Akayè. Peyizan yo pèdi tout rekòt yo. Yon jou, Rita ak Pòl kanpe nan jaden manman yo a. Rita ak Pòl leve je yo gade syèl la. Y ap chante. Y ap rele Ti Nyaj. Yo di : « Ti Nyaj ! Ti Nyaj ! Voye lapli n a ba ou bonbon. » La menm, yon loray gwonde. Lapli tonbe. Yo leve men yo anlè. Yo di : « Mèsi Ti Nyaj. »**

b. Nou pral li istwa a de pa de kounye a. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li istwa a pou sa ki te li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

c. Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

#### **Kesyon**

1. Kilès ki te kanpe nan jaden manman yo a ?
2. Nan ki zòn lapli pa te jamn tonbe ?
3. Ki sa ki te pase peyizan yo ?
4. Di tout sa Rita ak Pòl te fè.
5. Eske sa konn rive pou ou kontan lè lapli pral tonbe ? Rakonte ki jan ou konn santi ou.

**Ekri sa ou panse**

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

Dapre ou ki pwoblèm ki ka genyen si lapli pa janm tonbe ?

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap sèvi ak fòs mwen pou mwen ede lòt yo

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Nou se de frè.**

**N ap viv nan figi moun**

**Nen ak bouch se vwazen nou**

**Nou la pou fè moun wè.**

**Ki sa nou ye ? ... (Je)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap sèvi ak fòs mwen pou mwen ede lòt yo**

*[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse jan nou dwe itilize fòs nou. Lè nou gen anpil fòs, nou dwe sevi ak li pou nou ede sila ki pi fèb yo.**

Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 81 an. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

a. Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*

b. Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : brital**

1. Leve men nou si nou konnen mo **brital**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **brital** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **brital** vle di : **Fason kisovaj oswa agresif. Egzanp : Wolen ap jwe brital.**
4. Kilès ki ka di m kèk aksyon **brital** yon moun ka fè lè l ap jwe ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **brital**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : sèvis**

1. Leve men nou si nou konnen mo **sèvis**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **sèvis** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **sèvis** vle di : **Travay yon moun fè gratis pou yon lòt moun. Egzanp : Lilyàn te rann Siz yon gwo sèvis.**
4. Kilès ki ka di m yon **sèvis** li te rann yon zanmi l déjà ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **sèvis**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabili**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesion 81 an pou nou fè egzèsis # 1 an ak # 2 a.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! *[Frapé tablo a, apre sa di:]*

Sote — Vire adwat — Vire agoch — Galope — Kanpe sèk — Aplodi

## Aktivite 4

### Detèminan posesif nan fraz (Egzanz)

[Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Apre sa di :] Nou pral li yon ti istwa ansam apre sa nou pral travay pou nou konprann kijan yo ka itilize detèminan posesif nan yon fraz.

**Matin** gen 13 lane.

**Manman** li voye l nan mache.

Li pote yon mango pou **papa li**.

Nan fraz « **Manman** li voye l nan mache. », mo **li** ki akonpaye mo **Manman** nan fraz la montre relasyon ki genyen ant de moun yo. Sa vle di **Manman** an se **manman Matin**.

Nan fraz « Li pote yon mango pou **papa li**. », mo **li** a ki akonpaye mo **papa** nan fraz la montre relasyon ki genyen ant de moun. Sa vle di **papa** a se **papa Matin**.

Nan toulède fraz sa yo mo **li** a montre relasyon ki genyen ant de moun. Donk mo **li** a se yon detèminan posesif.

#### b. Jwenn detèminan posesif nan moso istwa

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan n ap li moso istwa a, n ap idantifye fraz ki gen detèminan posesif ladan l. Apre sa n ap gade ki non detèminan an akonpaye. Epi n ap chèche konprann ki rapò non sa a genyen ak lòt non nan fraz la.

Toujou sonje

*Yon detèminan posesif se yon mo ki akonpaye yon non epi ki fè konnen yon bèt oswa yon objè se pou yon moun.  
Li ka bay presizyon tou sou relasyon ki genyen ant de moun.*

[Di :] Koute moso istwa a byen pou nou ka patisipe.

**Nan katye Bòdmè, tout timoun pè Anòl. Li gen gwo birit. Li toujou fè jwèt brital ak lòt timoun yo.  
Yon jou, manman li rele li. Li di li : « Pou ki sa ou jwe brital ak zanmi ou konsa ? »**

Nan fraz « **Yon jou, manman li rele li**. », nou jwenn gwoup mo « **manman li** ». [Ekri gwooup mo a sou tablo a epi di :]

Kilès ki ka di m lè mwen di **manman li** nan fraz la, manman ki moun li ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]

[Apre sa di :] Nan fraz « **Yon jou, manman li rele li**. », mo **li** ki akonpaye mo **manman** an montre manman an se **manman Anòl**.

Nan fraz « **Pou ki sa ou jwe brital ak zanmi ou konsa ?** », nou jwenn gwooup mo « **zanmi ou** ». [Ekri gwooup mo a sou tablo a epi di :]

Kilès ki ka di m lè mwen di **zanmi ou** nan fraz la, **zanmi** ki moun li ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]

[Apre sa di :] Nan fraz « **Pou ki sa ou jwe brital ak zanmi ou konsa ?** », mo **ou** ki akonpaye mo **zanmi** montre **zanmi** sa yo se **zanmi pa Anòl**.

### c. Egzèsis sou detèminan posesif

Nou pral fè egzèsis sou detèminan posesif. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. [Pase verifye travay elèv yo epi bay fidbak.]

#### Aktivite 5    **Koute istwa pou reponn kesyon (5 minit)**

##### a. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a.

##### Gwo bibit

**Nan katye Bòdmè, tout timoun pè Anòl. Li gen gwo bibit. Li toujou fè jwèt brital ak lòt timoun yo. Yon jou, manman li rele li. Li di li : « Pou ki sa ou jwe brital ak zanmi ou konsa ? » Anòl gonfle vwa li. Li reponn : « Gade gwosè bibit mwen ! Mwen gwo nèg. » Manman an di li : « Kòm ou gwo nèg, ou dwe pwoteje sa ki pi piti pase ou. Ou dwe rann yo sèvis. Se lè sa a, ou ap gwo nèg tout bon vre. » Apre ti pale sa a, Anòl chanje. Tout timoun nan katye a vin renmen li.**

##### b. Koute epi reponn kesyon

Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

##### Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Nan ki zòn sa pase ?
3. Pou ki sa tout ti moun te pè Anòl ?
4. Ki sa manman Anòl te di li ?
5. Èske nou konn ede timoun ki pi piti pase nou ?
6. Nan ki sitiayson ou te ede yon pi piti pase ou ? Rakonte.

##### Ekri sa ou panse

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Pran kaye ekriti nou. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa yo :

Pou ki sa nou ka di manman Anòl se yon madanm ki saj ?

# LESON 81

## Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Move tan pa dwe dekouraje m

### **Devinèt (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen mache sou dlo.**

**Mwen fèt an bwa.**

**Yo sèvi ak pagay pou yo dirije m.**

**Pechè pwason sèvi avè m**

**Pou yo ka ale tann oswa leve nas ak filè.**

**Ki sa mwen ye ? ... (Kannòt)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### **Di sa n panse (3 minit)**

Tèm lesон jodi a se : **Move tan pa dwe dekouraje m**

*[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou jan nou dwe travay san nou pa kite anyen dekouraje nou.**

#### **Aktivite 1    Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 82 a. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

#### **Aktivite 2    Li fraz (3 minit)**

- Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*
- Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

## Aktivite 3

### Aktivite vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

#### a. Premye mo a se : kannòt

1. Leve men nou si nou konnen mo **kannòt**.
  2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **kannòt** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
  3. Nan istwa nou pral li jodi a, **kannòt** vle di :**Ti bato ki fèt ak bwa ki naviye sou dlo.**
- Egzanp : Manno monte sou yon kannòt pou li ale peche pwason.**
4. Kilès ki konn wè yon **kannòt** deja ? Ki jan li ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
  5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kannòt**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

#### b. Dezyèm mo a se : filè

1. Leve men nou si nou konnen mo **filè**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **filè** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **filè** vle di : **Pyèj ki fèt ak fisèl ki sèvi pou kenbe pwason. Egzanp : Pèche yo ap tann filè yo.**
4. Kilès ki ka di m pou ki sa pechè yo konn tann **filè** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **filè**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

#### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj leson 82 a pou nou fè egzèsis # 1 an ak # 2 a.

### Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **Estatí**. Mwen pral mande nou fè plizyè jès youn dèyè lòt. Lè mwen di **estati** n ap kanpe sèk, san pale, san nou pa bouje kò nou. Nou pare !

Kanpe — Danse — Estati — Lonje men nou devan — Tranble kò nou — Estati

## Aktivite 4

**Detèminan posesif nan fraz (Egzanz)****a. Detèminan posesif nan fraz (Egzanz)**

[*Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Apre sa di :*]

Nou pral li yon ti istwa ansanm apre sa nou pral travay pou nou konprann ki jan yon mo ki akonpaye yon lòt mo ka montre yon objè oubyen yon bêt se pou yon moun. Li ka montre tou relasyon yon moun genyen ak yon lòt moun.

Kristin vin wè lvoz.

Kristin mete bèle **wòb li**.

Ivoz montre Kristin bèle **kòsaj li**.

Nan fraz « **Kristin mete bèle wòb li.** », mo **li** ki akonpaye mo **wòb** nan fraz la montre **wòb** la nan se pou **Kristin**. Sa vle di **wòb** sa a se **wòb pa Kristin**.

Nan fraz « **Ivoz montre Kristin bèle kòsaj li.** », mo **li** ki akonpaye mo **kòsaj** nan fraz la montre **kòsaj** la yo se pou **Ivoz**. Sa vle di **kòsaj** la se **kòsaj pa Ivoz**.

Nan toulède fraz sa yo mo **li** a montre yon objè se pou yon moun. Donk mo **li** a se yon detèminan posesif.

**b. Jwenn detèminan posesif nan moso istwa**

Kounye a, nou pral li yon moso istwa. Pandan n ap li moso istwa a, n ap idantifye fraz ki gen detèminan posesif ladan l. Apre sa n ap gade ki non detèminan an akonpaye. Epi n ap chèche konprann ki rapò non sa a genyen ak lòt non nan fraz la.

Toujou sonje

*Yon detèminan posesif se yon mo ki akonpaye yon non epi ki fè konnen yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka bay presizyon tou sou relasyon ki genyen ant de moun.*

[*Di :*] Li moso istwa a byen pou nou ka patisipe.

**Yon jou, Lwi ak Mako monte yon kannòt. Yo ale peche. Lwi ak Mako tann filè yo lwen nan lanmè a. Yon ti tan apre, yon gwo van pran soufle. Mako di : « Sa n ap fè konpè mwen ? »**

Nan fraz « **Lwi ak Mako tann filè yo lwen nan lanmè a.** », nou jwenn gwoup mo « **filè yo** ». [*Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :*]

Kilès ki ka di m lè mwen di **filè yo** nan fraz la, filè ki moun li ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason*]

[*Apre sa di :*] Nan fraz « **Lwi ak Mako tann filè yo lwen nan lanmè a.** », mo **yo** ki akonpaye mo **filè** a montre filè sa a se **filè pa Lwi ak Mako**.

Nan fraz « **Mako di : « Sa n ap fè konpè mwen ? »**, nou jwenn gwoup mo « **konpè mwen** ». [Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]

Kilès ki ka di m lè mwen di **konpè mwen** nan fraz la, **konpè** ki moun li ye ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason**]

[**Apre sa di :**] Nan fraz « **Mako di : « Sa n ap fè konpè mwen ? »**, mo **mwen** ki akonpaye mo **konpè** a montre konpè sa a se **konpè pa Mako**.

## c. Egzèsis sou detèminan posesif

Nou pral fè egzèsis sou detèminan posesif. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. [Pase verifye travay elèv yo epi bay fidbak.]

### Aktivite 5

### Li istwa

a. Kounye a, nou tout pral li tout istwa a. Tounen nan liv la, nan paj leson 82 a. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### De pechè

**Yon jou, Lwi ak Mako monte yon kannòt. Yo ale peche. Lwi ak Mako tann filè yo lwen nan lanmè a. Yon ti tan apre, yon gwo van pran soufle. Mako di : « Sa n ap fè konpè mwen ? » Lwi reponn : « Lè van an bese n ap rale filè a. » Jou sa a, Lwi ak Mako antre lakay yo ak plis pwason pase tout lòt jou. Yo envite zanmi yo. Yo fè yon bèl fèt.**

b. Nou pral li istwa a de pa de kounye a. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li istwa a pou sa ki te li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

c. Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

#### Kesyon

1. Kilès ki monte kannòt la ?
2. Ki kote yo prale ?
3. Pou ki sa Lwi ak Mako pa t leve filè yo tousuit ?
4. Ki sa yo te fè lè yo rive lakay yo ?
5. Èske ou konn wè moun k ap peche deja ? Ki materyèl yo genyen ?
6. Eske nou renmen manje pwason ? Pou ki sa ?

**Ekri sa ou panse**

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

1. Pou ki sa moun pa dwe ale sou lanmè lè gen move tan ?
2. Pou ki sa daprè ou malgre move tan Lwi ak Mako pa t abandone ?

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Map toujou di laverite

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen viv nan dlo dous ak nan lanmè.  
Pechè fè nas, file, zen pou yo kenbe m.  
Lè yo kenbe mwen yo manje m tout jan.  
Yo manje m bouyi, boukannen osinon fri  
Ki sa mwen ye ? ... (Pwason)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Map toujou di laverite**

*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou jan li bon pou nou toujou di laverite yon fason pou lòt moun bay pawòl nou enpòtans.**

### Aktivite 1 **Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 83 a. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

### Aktivite 2 **Li fraz (3 minit)**

- Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*
- Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : boukannen**

1. Leve men nou si nou konnen mo **boukannen**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **boukannen** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **boukannen** vle di : **Kwit sou boukan dife oswa sou chabon.**  
**Egzanp : Onèl ap boukannen mayi.**
4. Kilès ki ka di m non kèk bagay moun ka **boukannen** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **boukannen**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**b. Dezyèm mo a se : manti**

1. Leve men nou si nou konnen mo **manti**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **manti** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **manti** vle di : **Pawòl ki pa laverite. Egzanp : Moun pa dwe bay manti.**
4. Kilès ki ka di m pou ki sa nou pa dwe bay **manti** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **manti**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 83 a pou nou fè egzèsis # 1 an ak # 2 a.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! *[Frape tablo a, apre sa di :]*

Sote — Vire adwat — Vire agoch — Galope — Kanpe sèk — Aplodi

## Aktivite 4

### **Detèminan posesif nan fraz (Egzanp)**

**[Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Apre sa di :]** Nou pral li yon ti istwa ansam apre sa nou pral travay pou nou konprann ki jan yon mo ki akonpaye yon lòt mo ka montre yon objè oubyen yon bêt se pou yon moun. Li ka montre tou relasyon yon moun genyen ak yon lòt moun.

Yon maten **Jak** prale nan jaden.

Li pran **manchèt li**.

Li monte **bourik li** epi li ale.

Nan fraz " Li pran **manchèt li**.", mo li ki akonpaye mo **manchèt** nan fraz la montre **manchèt** la se pou **Jak**. Sa vle di **manchèt** sa a se **manchèt pa Jak**.

Nan fraz " Li monte **bourik li** epi li ale.", mo **li** ki akonpaye mo **bourik** nan fraz la montre **bourik** la se pou **Jak**. Sa vle di **bourik** la se **bourik pa Jak**.

Nan toulède fraz sa yo mo **li** a montre relasyon ki genyen ant de moun. Donk mo **li** a se yon detèminan posesif.

#### **b. Jwenn detèminan posesif nan moso istwa**

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan m ap li moso istwa a, n ap idantifye fraz ki gen detèminan posesif ladan l. Apre sa n ap gade ki non detèminan an akonpaye. Epi n ap chèche konprann ki rapò non sa a genyen ak lòt non nan fraz la.

Toujou sonje

*Yon detèminan posesif se yon mo ki akonpaye yon non epi ki fè konnen yon bêt oswa yon objè se pou yon moun.  
Li ka bay presizyon tou sou relasyon ki genyen ant de moun.*

**[Di :]** Koute moso istwa a byen pou nou ka patisipe.

**Samdi maten, Dòval sòti san moun lakay li pa konnen. Li ale benyen nan lanmè ak zanmi li. Li naje. Li manje pwason boukannen. Li amize li byen amize. Lè li tounen, Antwanèt mande li kote li sòti.**

Nan fraz « **Samdi maten, Dòval sòti san moun lakay li pa konnen** », nou jwenn gwoup mo « **lakay li** ».  
**[Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di m lè mwen di **lakay li** nan fraz la, lakay ki moun li ye ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]**

**[Apre sa di :]** Nan fraz « **Samdi maten, Dòval sòti san moun lakay li pa konnen** », mo **li** ki akonpaye mo **lakay** la montre lakay la se **lakay pa Dòval**.

Nan fraz « **Li ale benyen nan lanmè ak zanmi li.** », nou jwenn gwooup mo « **zanmi li** ». [Ekri gwooup mo a sou tablo a epi di :]

Kilès ki ka di m lè mwen di **zanmi li** nan fraz la, **zanmi** ki moun li ye ? [***Chwazi yon ti fi ak yon ti gason***]

[***Apre sa di :***] Nan fraz « **Li ale benyen nan lanmè ak zanmi li.** », mo **li** ki akonpaye mo **zanmi** an montre zanmi sa a se **zanmi pa Dòval**.

### c. Egzèsis sou detèminan posesif

Nou pral fè egzèsis sou detèminan posesif. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. [***Pase verifye travay elèv yo epi bay fidbak***.]

#### Aktivite 5    **Koute istwa pou reponn kesyon (5 minit)**

##### a. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a.

##### Doval pa bay manti ankò

**Samdi maten, Dòval sòti. Moun lakay li pa t konnen. Li ale benyen nan lanmè ak zanmi li. Li naje. Li manje pwason boukannen. Li amize li byen amize. Lè li tounen, Antwanèt mande li kote li sòti. Li reponn : « Mwen te kay grann mwen. Mwen t ap ede li fè travay. » Antwanèt souke tèt li. Li di I : « Sispenn bay manti. Grann pase tout jounen an avèk mwen. » Dòval sezi, yo kenbe li. Li wont. Apre sa, Antwanèt di li : « Ou dwe toujou di laverite, pou ou vin yon moun de byen. » Depi lè sa a, Dòval toujou di sa ki verite.**

##### b. Koute epi reponn kesyon

Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

##### Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki sa Dòval te fè ?
3. Ki bò Dòval te ale ak zanmi li yo ?
4. Di tout sa Dòval te fè lè li te rive nan lanmè a.
5. Èske gen yon lè ou te bay manti ? Di sa ki te rive ?

##### Ekri sa ou panse

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

1. Èske nou panse Dòval se yon bon timoun ? Pou ki sa ?
2. Pou ki sa li pi bon pou nou di laverite ?

## LESON 83

### Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

**TÈM LESON AN : Li bon pou mwen konnen moun k ap viv sou katye mwen**

**Devinèt (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen se yon fi,  
Men mwen pa jèn,  
Pafwa mwen se manman manman yo,  
Pafwa mwen se manman papa yo.  
Kilès mwen ye ? ... (Grann)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

**Di sa n panse (3 minit)**

Tèm lesон jodi a se : **Li bon pou mwen konnen moun k ap viv sou katye mwen.**

*[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou jan li enteresan pou ou konnen moun ki rete sou katye bò lakay ou. Sa pèmèt nou gen bon relasyon. Li vin pi fasil pou youn sipòte lòt.**

**Aktivite 1    Li mo vit (3 minit)**

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 84 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

**Aktivite 2    Li fraz (3 minit)**

- Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*
- Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

## Aktivite 3

### Aktivite vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

#### a. Premye mo a se : fènwa

1. Leve men nou si nou konnen mo **fènwa**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **fènwa** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **fènwa** vle di : **Lè lannuit rive epi pa gen limyè. Egzanp : Deniz pa pè fènwa.**
4. Kilès ki ka di m ki sa yon moun ka itilize pou li klere lè gen **fènwa** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fènwa**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

#### b. Dezyèm mo a se : sezi

1. Leve men nou si nou konnen mo **sezi**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **sezi** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
3. Nan istwa nou pral li jodi a, **sezi** vle di : **Lè yon moun etone devan yon sitiayson li pa t atann. Egzanp : Fenelon wè yon bèf nan jaden li an, li sezi.**
4. Kilès ki ka di m yon bagay ki ka fè li **sezi** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **sezi**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

#### c. Egzèsis sou vokabilè

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Retounen nan kaye a. Ale nan paj lesон 84 la pou nou fè egzèsis # 1 an ak 2 a.

### **Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **Estatí**. Mwen pral mande nou fè plizyè jès youn dèyè lòt. Lè mwen di **estati** n ap kanpe sèk, san pale, san nou pa bouje kò nou. Nou pare !

Kanpe — Danse — Estati — Lonje men nou devan — Tranble kò nou — Estati

**Aktivite 4****Detèminan posesif nan fraz (Egzanz)****a. Detèminan posesif nan fraz (Egzanz)**

[*Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Apre sa di :*]

Nou pral li yon ti istwa ansanm apre sa nou pral travay pou nou konprann ki jan yon mo ki akonpaye yon lòt mo ka montre yon objè oubyen yon bêt se pou yon moun. Li ka montre tou relasyon yon moun genyen ak yon lòt moun.

Lekòl la fè yon vizit Milo.

**Jòj** ale ak tout **zanmi li**.

**Jòj** pa janm bliye pote **kamera li**.

Nan fraz « **Jòj** ale ak tout **zanmi li**. », mo **li** ki akonpaye mo **zanmi** nan fraz la montre **zanmi** an se pou **Jan**. Sa vle di **zanmi** sa a se **zanmi pa Jòj**.

Nan fraz « **Jòj** pa janm bliye pote kamera li. », mo **li** ki akonpaye mo **kamera** nan fraz la montre **kamera** a se pou **Jòj**. Sa vle di **kamera** sa a se **kamera pa Jòj**.

Nan toulède fraz sa yo mo **li** a montre yon objè se pou yon moun. Donk mo **li** a se yon detèminan posesif.

**b. Jwenn detèminan posesif nan moso istwa**

Kounye a, nou pral li yon moso istwa. Pandan n ap li moso istwa a, n ap idantifye fraz ki gen detèminan posesif ladan l. Apre sa n ap gade ki non detèminan an akonpaye. Epi n ap chèche konprann ki rapò non sa a genyen ak lòt non nan fraz la.

Toujou sonje

*Yon detèminan posesif se yon mo ki akonpaye yon non epi ki fè konnen yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka bay presizyon tou sou relasyon ki genyen ant de moun.*

[*Di :*] Li moso istwa a byen pou nou ka patisipe.

**Samdi, Matid ale wè grann li. Li pase tout jounen an ap ede li. Fènwa bare Matid, men fòk li ale lakay li kanmenm. Sou wout la, li wè yon ti gason k ap kriye.**

Nan fraz « **Samdi, Matid ale wè grann li** », nou jwenn gwoup mo « **grann li** ». [*Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :*]

Kilès ki ka di m lè mwen di **grann li** nan fraz la, grann ki moun li ye ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason**]

[*Apre sa di :*] Nan fraz « **Samdi, Matid ale wè grann li** », mo **li** ki akonpaye mo **grann** montre grann nan se **grann pa Matid**.

Nan fraz « **Fènwa bare Matid, men fòk li ale lakay li kanmenm.** », nou jwenn gwooup mo « **lakay li** ».  
[Ekri gwooup mo a sou tablo a epi di :]

Kilès ki ka di m lè mwen di **lakay li** nan fraz la, **lakay** ki moun li ye ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason**]

[Apre sa di :] Nan fraz « **Fènwa bare Matid, men fòk li ale lakay li kanmenm.** », mo **li** ki akonpaye mo **lakay** montre lakay la se **lakay pa Matid**.

## c. Egzèsis sou detèminan posesif

Nou pral fè egzèsis sou detèminan posesif. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. [Pase verifye travay elèv yo epi bay fidbak.]

Aktivite 5

### **Li istwa**

a. Kounye a, nou tout pral li tout istwa a. Tounen nan liv la, nan paj leson 84 la. Li byen pou nou ka reponn kek kesyon sou istwa a pita.

#### **Matid, yon ti fi sèvyab**

**Samdi, Matid ale wè grann li. Li pase tout jounen an ap ede li. Fènwa bare li, men fòk li ale lakay li kanmenm. Sou wout la, li wè yon ti gason k ap kriye. Ti gason an di : « Mwen pè. Mennen mwen lakay mwen souple. » Matid mennen ti gason an lakay li. Lè yo rive, Matid sezi wè se nan menm katye yo abite.**

b. Nou pral li istwa a de pa de kounye a. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li istwa a pou sa ki te li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

c. Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

#### **Kesyon**

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki jou Matid t al wè grann li ?
3. Ki sa Matid fè pandan tout jounen an ?
4. Ki sa ki pase sou wout la ?
5. Èske ou konn ede moun ki an difikilte deja ? Rakonte ?

**Ekri sa ou panse**

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

Eske Matid te fè yon bon aksyon ? Pou ki sa ?

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap apresye ak respekte sa lòt moun ka fè.

### Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

**Mwen jwe sou yon teren ak onz jwè,  
Yon balon ak de kan.  
Chak kan yo gen de filè.  
Sou teren an gen yon abit.  
Akote teren an gen de lòt jij ak drapo nan men yo.  
Mwen se jwèt ayisyen pi renmen.  
Ki sa mwen ye ? ... (Foutbòl)**

*[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Apre sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap apresye ak respekte sa lòt moun ka fè.**

*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou enpòtans ki genyen pou nou apresye epi respekte kapasite yon lòt. Paske lè nou rekonèt yon moun gen kapasite, sa pa retire anyen sou kapasite pa nou.**

Aktivite 1

### Li mo vit (3 minit)

Kounye a, nou pral li mo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 85 la. Ale nan liy melon an. Li mo yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

Aktivite 2

### Li fraz (3 minit)

- Nou pral li fraz yo ansanm kounye a. Ale nan liy zaboka a. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak]*
- Nou pral li fraz yo de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li fraz yo pou li. Apre sa, zanmi kit ap koute a ap li fraz yo pou sa ki te li anvan an. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li epi yo touche mo yo pandan y ap li.]*

**Aktivite 3****Aktivite vokabilè (10 minit)**

Mwen pral li yon istwa pou nou. Anvan mwen li istwa a, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

**a. Premye mo a se : foutbòl**

1. Leve men nou si nou konnen mo **foutbòl**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **foutbòl** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **foutbòl** vle di : **Jwèt balon moun jwe ak pye. Egzanp : Gen yon match foutbòl sou tèren an.**
4. Kilès ki ka di m ki sa li konn wè sou yon tèren **foutbòl** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **foutbòl**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**b. Dezyèm mo a se : fanatic**

1. Leve men nou si nou konnen mo **fanatic**.
2. Kilès ki ka fè yon fraz ak mo **fanatic** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
3. Nan istwa mwen pral li pou nou jodi a, **fanatic** vle di : **Moun ki renmen yon bagay anpil. Egzanp : Matin se fanatic ekip Ayiti a.**
4. Kilès ki ka di m ki sa li **fanatic** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
5. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fanatic**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

**c. Egzèsis sou vokabilè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis avèk mo vokabilè nou konnen yo. Pran kaye a. Ale nan paj lesон 85 la pou nou fè egzèsis # 1 an ak 2 a.

**Aktivite Revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! [*Frapé tablo a, apre sa di :*]

Sote — Vire adwat — Vire agoch — Galope — Kanpe sèk — Aplodi

## Aktivite 4

### **Detèminan posesif nan fraz (Egzanz)**

#### a. Detèminan posesif nan fraz (Egzanz)

[Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Apre sa di :]

Nou pral li yon ti istwa ansam apre sa nou pral travay pou nou konprann ki jan yon mo ki akonpaye yon lòt mo ka montre yon objè oubyen yon bêt se pou yon moun. Li ka montre tou relasyon yon moun genyen ak yon lòt moun.

**Jak ak Pyè** al jwe foutbòl.

**Jak** mete bèl **mayo li**.

**Pyè** pa blyie **kranpon li**.

Nan fraz « **Jak** mete bèl **mayo li**. », mo **li** ki akonpaye mo **mayo** nan fraz la montre **mayo** a se pou **Jak**. Sa vle di **mayo** sa a se **mayo pa Jak**.

Nan fraz « **Pyè** pa blyie **kranpon li**. », mo **li** ki akonpaye mo **kranpon** nan fraz la montre **kranpon** an se pou **Pyè**. Sa vle di **kranpon** sa a se **kranpon pa Pyè**.

Nan toulède fraz sa yo mo **li** a montre yon objè se pou moun. Donk mo **li** a se yon detèminan posesif.

#### b. Jwenn detèminan posesif nan moso istwa

Kounye a, mwen pral li yon moso istwa pou nou. Pandan n ap li moso istwa a, n ap idantifye fraz ki gen detèminan posesif ladan l. Apre sa n ap gade ki non detèminan an akonpaye. Epi n ap chèche konprann ki rapò non sa a genyen ak lòt non nan fraz la.

Toujou sonje

*Yon detèminan posesif se yon mo ki akonpaye yon non epi ki fè konnen yon bêt oswa yon objè se pou yon moun.  
Li ka bay presizyon tou sou relasyon ki genyen ant de moun.*

[Di :] Koute moso istwa a byen pou nou ka patisipe.

**Filip rete Katye Moren. Li konn jwe foutbòl anpil. Lè li pran boul li, li fè sa li vle ak li. Li trible byen. Li fè chenè byen. Yon jou, ekip katye Moren an ap jwe ak ekip Machan an. Tout fanatic katye Moren yo ekri non Filip sou mayo yo.**

Nan fraz « **Lè li pran boul li, li fè sa li vle ak li**. », nou jwenn gwoup mo « **boul li** ». [Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]

Kilès ki ka di m lè mwen di **boul li** nan fraz la, boul ki moun li ye ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason**]

[Apre sa di :] Nan fraz « **Lè li pran boul li, li fè sa li vle ak li**. », mo **li** ki akonpaye mo **boul** la montre boul la se **boul pa Pòl**.

Nan fraz « **Tout fanatik katye Moren yo ekri non Filip sou mayo yo.** », nou jwenn gwooup mo « **mayo yo** ». [Ekri gwooup mo a sou tablo a epi di :]

Kilès ki ka di m lè mwen di **mayo yo** nan fraz la, **mayo** ki moun li ye ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason**]

[**Apre sa di :**] Nan fraz « **Tout fanatik katye Moren yo ekri non Filip sou mayo yo.** », mo **yo** ki akonpaye mo **mayo** a montre mayo sa yo se **mayo pa fanatik yo**.

### c. Egzèsis sou detèminan posesif

Nou pral fè egzèsis sou detèminan posesif. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 3 a. [**Pase verifye travay elèv yo epi bay fidbak.**]

#### Aktivite 5    **Koute istwa pou reponn kesyon (5 minit)**

##### a. Koute istwa a annantye

Kounye a, mwen pral li tout istwa a. Koute byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a.

###### Bon jwè foutbòl

Filip rete Katye Moren. Li konn jwe foutbòl anpil. Lè li pran boul li, li fè sa li vle ak li. Li trible byen. Li fè chenè byen. Yon jou, ekip katye Moren an ap jwe ak ekip Machan an. Tout fanatik katye Moren yo ekri non Filip sou mayo yo. Ala bèl match ! Filip poko ka fè gòl. Men nan lòt ekip la, gen yon jwè yo rele Sanon. Li fò anpil tou. Li trible tout jwè ekip katye Moren yo. Sanon fè yon bèl gòl. Ekip li a genyen match la de a zewo. Apre, Filip bay Sanon lanmen, li di l : « Ou se yon gwo jwè foutbòl. » Jou sa a, Filip rekonèt feblès li nan jwèt la.

##### b. Koute epi reponn kesyon

Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

###### Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki bò Filip abite ?
3. Site tout sa Filip konn fè.
4. Ki sa tout fanatik ekip Katye Moren yo te fè ?
5. Èske nou renmen istwa a ? Pou ki sa ?

###### Ekri sa ou panse

Nou pral ekri sa nou panse kounye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan egzèsis # 4 la pou nou reponn kesyon sa a :

Pou ki sa li bon pou nou apresye sa yon lòt moun konn fè ?

# LESON 85

## Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
5. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Mwen dwe sonje byen yon moun fè pou mwen

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**Tout bon sitwayen dwe fè byen.**

**Fè byen vle di ede yon bon pwochen.**

**Chak byen mennen yon lòt byen.**

**Piti li ka ye yon byen gen anpil enpòtans.**

**M p ap janm blyie byen yo fè pou mwen.**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Mwen dwe sonje byen yon moun fè pou mwen**

*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a aprann nou jan li bon pou nou sonje byen yon moun fè pou nou. Paske lè nou fè sa nou ankouraje moun nan kontinye fè sa ki byen.**

#### Aktivite 1 **Revizyon : Li fraz (2 minit)**

##### **Li fraz vit e byen**

Kounye a, nou pral revize kèk fraz nou te li nan lesон pase yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 86 la. Ale nan liy gòm nan. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

#### Aktivite 2 **Revizyon mo vokabilè (5 minit)**

Kounye a, nou pral revize kèk mo vokabilè nou konnen déjà. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesон 86 la. Ale nan egzèsis # 1 an ak 2 a. *[Verifye travay elèv yo epi ba yo fidbak.]*

#### Aktivite revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Tout moun kanpe. Chak fwa mwen bat men m yon fwa n ap leve bra dwat nou. Chak fwa mwen bat men m de fwa n ap leve bra goch nou. Lè m mwen bat men m twa fwa n ap leve tou de bra nou. Nou pare ! *[Fè mouvman yo ak bra ou epi verifye si tout elèv yo patisipe.]*

## Aktivite 3

### **Mo ki ranplase non nan fraz (revizyon 12 minit)**

Nou pral revize mo ki ka ranplase non nan fraz. Mo sa yo ka ranplase non moun, non bêt non kote oswa non objè nan yon fraz.

*[Ekri ti istwa sa a sou tablo a. Li li ansanm ak elèv yo.]*

**Ana** se yon ti fi kokèt.

**Ana** renmen pwoteje bêt.

**Ana** se yon bon modèl.

Nan ti istwa nou sot li a gen yon mo ki repete plizyè fwa. Ki mo li ye ? **[Bay elèv yo tan pou yo reponn.]**

**[Apre sa di :]** M ap pase yon trè anba mo **Ana** tout kote mwen wè li.

*[Ekri menm istwa a konsa sou kote lòt la. Li li ansanm ak elèv yo.]*

**Ana** se yon ti fi kokèt.

**Li** renmen pwoteje bêt.

**Li** se yon bon modèl.

**[Apre sa mande yo :]** Kilès ki ka di m sa ki chanje nan dezyèm istwa a ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

**[Di :]** Nan dezyèm istwa a mo **Ana** a parèt yon sèl fwa nan premye fraz la.

**[Apre sa di :]** Nan dezyèm ak twazyèm fraz la gen yon mo ki ranplase **Ana**. Ki mo li ye ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

**[Apre sa di :]** Mo a se **li**. Se mo **li** a ki ranplase **Ana** nan dezyèm ak twazyèm fraz la.

Mo **Ana** a se yon non. Mo **li** a se yon pwonon. Sa vle di yon pwonon se yon mo ki ranplase youn oswa plizyè non.

## Aktivite 4

### **Koute istwa pou reponn kesyon**

#### a. Koute tout istwa a

Mwen pral li yon istwa pou nou. Koute byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a.

#### Toujou fè byen

**Ana se yon ti fi kokèt. Lòt jou, li ale pran dlo nan pi sou katye a. Li wè yon gwo tòti ladan I. Depi lè sa a, li toujou rache kèk mòso leti lage ba li. Tòti a kontan anpil. Yon jou madi, Ana ap pran dlo nan pi a, kòd la kase. Bokit la tonbe nan fon pi a. Li chante : « Tòti, tòti ede mwen. » Aprè yon ti tan, li wè tòti a k ap monte ak bokit la sou do li. Ana kontan. Li di : « Mèsi tòti zanmi mwen. » Lè Ana rive lakay li, li rakonte manman li sa ki pase. Manman an di li : « Kit se bêt ki se moun, ou dwe toujou fè byen. »**

**Pataje sa nou koute (3 minit)**

[*Di :*] Eske nou tout te byen koute istwa a ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou sa ou sonje pandan ou t ap koute istwa a. [**Bay elèv yo 60 segonn pou yo pataje sa yo te koute.**]

[*Apre sa di :*] Kilès ki ka pataje ak klas la sa li sonje nan istwa a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

**Aktivite 5    Kesyon/ Evalyasyon**
**a. Koute byen epi reponn ak pou**

Mwen pral li kèk fraz youn apre lòt. Lè nou tandé yon fraz ki mache ak istwa nou sot koute a leve pouz nou anlè. Lè fraz la pa mache ak istwa a mete pouz nou tèt anba. Nou pare !

**Fraz yo :**

1. Anòl toujou al pran dlo nan yon pi. ☺
2. Ana te wè yon tòti nan pi a. ☺
3. Lè Ana rive lakay li, li pa di manman l anyen. ☺
4. Bokit la tonbe nan fon pi a. ☺
5. Ana di tòti a mèsi. ☺

**b. Koute byen epi reponn**

Mwen pral li yon ti istwa tou kout. Chak fwa nou tandé yon pwonon n ap leve men dwat nou. Apre sa m ap chwazi yon elèv k ap di m ki pwonon li tandé epi ki non pwonon sa a ranplase.

**Lekòl jwe yon gwo wòl nan tout peyi.**

**Li pèmèt moun aprann anpil bèl bagay.**

**Li kontribye tou nan avansman yon sosyete.**

[*Lè ou fin li ti istwa a di :*] Kilès ki ka di m ki pwonon li tandé nan istwa a ? Ki mo pwonon sa a ranplase ?

[**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay klas la fidbak apre repons elèv yo.**]

**c. Egzèsis nan kaye**

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj leson 86 la pou nou fè egzèsis # 3 a ak # 4 la. [**Li konsiy yo pou elèv yo. Ba yo tan pou yo fè egzèsis yo. Verifye travay elèv yo epi bay bidbak.**]

**Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. [*Apre sa di :*] Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? [**Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.**]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [**Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.**]
4. [*Apre sa di :*] Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Men nan men n ap rive pi lwen

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Vini, vini, vin ede !**

**An n ede lòt yo avanse.**

**N ap sere men lè gen difikilte.**

**Men nan men n ap rive lwen.**

**1, 2, 3, ansanm n ap make pwen.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Men nan men n ap rive pi lwen**

[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a aprann nou jan li bon pou nou mete tèt nou ansanm. Konsa n ap ka reyalize anpil gwo bagay.**

Aktivite 1

### Revizyon : Li fraz (2 minit)

#### Li fraz vit e byen

Kounye a, nou pral revize kèk fraz nou te li nan lesон pase yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 87 la. Ale nan liy gòm nan. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

Aktivite 2

### Revizyon mo vokabilè (5 minit)

Kounye a, nou pral revize kèk mo vokabilè nou konnen deja. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesон 87 la. Ale nan egzèsis # 1 an ak 2 a. [Verifye travay elèv yo epi ba yo fidbak.]

#### Aktivite revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Tout moun kanpe. Chak fwa mwen bat men m yon fwa n ap leve bra dwat nou. Chak fwa mwen bat men m de fwa n ap leve bra goch nou. Lè m mwen bat men m twa fwa n ap leve tou de bra nou. Nou pare ! [Fè mouvman yo ak bra ou epi verifye si tout elèv yo patisipe.]

## Aktivite 3

**Detèminan posesif nan fraz (Revizyon 12 minit)**

Nou pral revize detèminan posesif yo. Nou pral li yon istwa moso pa moso. Pou chak moso istwa nou li, n ap idantifye fraz ki gen detèminan posesif ladan l. Apre sa n ap gade ki non detèminan an akonpaye. Finalman n ap chèche konprann ki rapò non sa a genyen ak lòt non nan fraz la.

Toujou sonje

*Yon detèminan posesif se yon mo ki akonpaye yon non epi ki fè konnen yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka bay presizyon tou sou relasyon ki genyen ant de moun.*

[**Di :**] Nou pral li premye moso istwa a ansam. Li byen pou nou ka patisipe.

**Mwa septanm se epòk lekòl ouvè toupatou ann Ayiti. Papa Pòl pa gen gwo mwayen. Men li pa vle Pòl pèdi yon jou nan klas li. Premye jou a, Pòl mete bèl inifòm li sou li. Li pare pou lekòl la. Anvan li deplase, papa pòl di li : « Sonje, edikasyon se pi gwo byen mwen ka ba ou. »**

Nan fraz « **Men li pa vle Pòl pèdi yon jou nan klas li.** » Nou jwenn gwoup mo « **klas li** ». [*Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]*

Kilès ki ka di m lè mwen di **klas li** nan fraz la, klas ki moun li ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason*]

[**Apre sa di :**] Nan fraz « **Men li pa vle Pòl pèdi yon jou nan klas li** » mo li ki akonpaye mo **klas** la montre klas la se **klas Pòl**.

Nan fraz « **Premye jou a, Pòl mete bèl inifòm li sou li.** » Nou jwenn gwoup mo « **inifòm li** » [*Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]*

Kilès ki ka di m lè mwen di **inifòm li** nan fraz la, inifòm ki moun li ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason*]

[**Apre sa di :**] Nan fraz « **Premye jou a, Pòl mete bèl inifòm li sou li.** » mo **li** ki akonpaye mo **inifòm** nan montre inifòm nan se **inifòm Pòl**.

**[Kontinye li istwa a ansanm ak elèv yo. Di :]** Nou pral kontinye li istwa a ansanm. Nou pral chèche fraz ki gen detèminan posesif yo. Apre sa n ap gade ki non chak detèminan akonpaye epi ki rapò non detèminan an akonpaye a genyen ak yon lòt mo nan fraz la.

**Pòl gade papa li, apre sa li souri. Yon ti tan apre, li ale ansanm ak plizyè kondisip li. Tout sou wout la, I ap pale ak yo. Li di yo : « Sa nou panse si nou fè yon ekip pou nou ale li ansanm nan bibliyotèk la ? » Mesyedam yo kontan lide a. Yo di Pòl : « Mèsi anpil. Konsa youn ap ede liòt avanse. »**

Nan fraz « **Pòl gade papa li, epi li souri.** », nou jwenn gwoup mo « **papa li** ». **[Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]**

Pale ak elèv ki bò kote w la sou gwoup mo sa a **[30 segonn]** Kilès ki ka di m lè mwen di « **papa li** ». nan fraz la, papa ki moun li ye ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]**

**[Apre sa di :]** Nan fraz « **Pòl gade papa li, apre sa li souri.** » mo **li** ki akonpaye mo **papa** a montre papa a se **papa Pòl**.

Nan fraz « **Yon ti tan apre, li ale ansanm ak plizyè kondisip li.** », nou jwenn gwoup mo « **kondisip li** ». **[Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]**

Pale ak elèv ki bò kote w la sou gwoup mo sa a **[30 segonn]** Kilès ki ka di m lè mwen di « **kondisip li** ». nan fraz la, kondisip ki moun li ye ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]**

**[Apre sa di :]** Nan fraz « **Yon ti tan apre, li ale ansanm ak plizyè kondisip li.** » mo **li** ki akonpaye mo **kondisip** la montre kondisip la se **kondisip Pòl**.

## Aktivite 4    **Li istwa pou reponn kesyon (8 minit)**

- a. Kounye a, nou pral li tout istwa a . Tounen nan liv la, ale nan paj leson 87 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### **Yon bèl ekip**

**Mwa septanm se epòk lekòl ouvè toupatou ann Ayiti. Papa Pòl pa gen gwo mwayen. Men li pa vle Pòl pèdi yon jou nan klas li. Premye jou a, Pòl mete bèl inifòm li sou li. Li pare pou lekòl la. Anvan li deplase, papa pòl di li : « Sonje, edikasyon se pi gwo byen mwen ka ba ou. » Pòl gade papa li, apre sa li souri. Yon ti tan apre, li ale ansanm ak plizyè kondisip li. Tout sou wout la, I ap pale ak yo. Li di yo : « Sa nou panse si nou fè yon ekip pou nou ale li ansanm nan bibliyotèk la ? » Mesyedam yo kontan lide a. Yo di Pòl : « Mèsi anpil. Konsa youn ap ede lòt avanse. »**

**b.** Nou pral li istwa a de pa de kounye a. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li istwa a pou sa ki te li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### Pataje sa nou li (3 minit)

[*Di :*] Eske nou tout te byen li istwa a ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou sa ou sonje apre ou fin li istwa a. [**Bay elèv yo 60 segonn pou yo pataje sa yo te koute.**]

[*Apre sa di :*] Kilès ki ka pataje ak klas la sa li sonje nan istwa a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason**]

## Aktivite 5    Kesyon/ Evalyasyon

### a. Koute kesyon sa yo byen epi reponn

#### Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Nan ki epòk lekòl ouvri nan peyi Ayiti ?
3. Ki sa Papa Pòl pa vle ki rive Pòl ?
4. Ki sa Pòl fè premye jou lekòl la ?
5. Ki konsèy Papa Pòl te ba li anvan li deplase ?
6. Pou ki sa li enpòtan pou nou ale nan bibliyotèk ?
7. Eske nou renmen fè lekti ? Pou ki sa ?

### b. Egzèsis nan kaye

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye egzèsis la. Retounen nan paj lesion 87 la pou nou fè egzèsis # 3 a ak # 4 la. [*Li konsiy pou elèv yo. Ba yo tan pou fè egzèsis yo. Verifye sa yo ap fè epi ba yo fidbak.*]

#### Sa nou te aprann nan lesion jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesion jodi a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. [*Apre sa di :*] Kilès ki ka di tèm lesion jodi a ? [**Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesion an.**]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [**Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.**]
4. [*Apre sa di :*] Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap aprann lòt moun nan sa mwen konnen

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Mwen p ap sere sa mwen konnen.**

**M ap pataje sa mwen konnen ak lòt.**

**M ap aprann pipiti pase m yo.**

**Sa mwen konnen ka itil lòt yo.**

**An nou pataje sa nou konnen !**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **M ap aprann lòt moun nan sa mwen konnen.**

[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou jan li bon pou nou pataje sa nou konnen ak lòt moun.**

Aktivite 1

### Revizyon : Li fraz (2 minit)

#### Li fraz vit e byen

Kounye a, nou pral revize kèk fraz nou te li nan lesон pase yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 88 la. Ale nan liy gòm nan. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

Aktivite 2

### Revizyon mo vokabilè (5 minit)

Kounye a, nou pral revize kèk mo vokabilè nou konnen deja. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesон 88 la. Ale nan egzèsis # 1 an. [Verifye travay elèv yo epi ba yo fidbak.]

## Aktivite 3

**Mo ki ranplase non nan fraz (12 minit)**

Nou pral revize mo ki ka ranplase non nan fraz. Mo sa yo ka ranplase non moun, non bêt non kote oswa non objè nan yon fraz.

**[Ekri ti istwa sa a sou table a. Li li ansanm ak elèv yo.]**

**Didi** gen bon jan.

**Didi** renmen tout timoun.

**Didi** aprann yo fè machin.

Nan ti istwa nou sot li a gen yon mo ki repete plizyè fwa. Ki mo li ye ? **[Bay elèv yo tan pou yo reponn.]**

**[Apre sa di :]** M ap pase yon trè anba mo **Didi** tout kote mwen wè li.

**[Ekri menm istwa a konsa sou kote lòt la. Li li ansanm ak elèv yo.]**

**Didi** gen bon jan.

**Li** renmen tout timoun.

**Li** aprann yo fè machin.

**[Apre sa mande yo :]** Kilès ki ka di m sa ki chanje nan dezyèm istwa a ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

**[Di :]** Nan dezyèm istwa a mo **Didi** a parèt yon sèl fwa nan premye fraz la.

**[Apre sa di :]** Nan dezyèm ak twazyèm fraz la gen yon mo ki ranplase **Didi**. Ki mo li ye ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

**[Apre sa di :]** Mo a se **li**. Se mo **li** a ki ranplase **Didi** nan dezyèm ak twazyèm fraz la.

Mo **Didi** a se yon non. Mo **li** a se yon pwonon. Sa vle di yon pwonon se yon mo ki ranplase youn oswa plizyè non.

### Aktivite revèy

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **OLE**. Mwen pral li yon ti istwa. Chak fwa nou tande yon mo ki ranplase yon non n ap di **OLE**. Nou pare !

**Mimoz se enfimyè. Li pran swen moun ki malad byen. Li gen anpil pasyans. Moun nan zòn nan di Mimoz gen bon kè. Li se yon bon modèl.**

## Aktivite 4 Li istwa pou reponn kesyon (8 minit)

a. Kounye a, nou pral li tout istwa a . Tounen nan liv la, ale nan paj lesон 88 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### Didi, ala yon bon mèt

**Nan katye Bedou, gen yon ti gason yo rele Anndi. Yo ba li ti non Bòs Didi. Li konn fè kap ak toupi. Li konn koupe tòl ak resò pou li fè machin tou. Machin Bòs Didi yo solid. Yon jou, Manno ak Prima mande li aprann yo fè machin. Bòs Didi pran plizyè bwat mamit vid. Li montre yo kòman pou yo fè. Li aprann yo tou kòman pou yo fè kawoutchou ak gress sabliye oubyen ak sandal. Bòs Didi kontan wè jan yo ap fè bèle machin menm jan ak li.**

b. Nou pral li istwa a de pa de kounye a. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li istwa a pou sa ki te li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### Pataje sa nou li (3 minit)

[*Di :*] Eske nou tout te byen li istwa a ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou sa ou sonje apre ou fin li istwa a. [*Bay elèv yo 60 segonn pou yo pataje sa yo te koute.*]

[*Apre sa di :*] Kilès ki ka pataje ak klas la sa li sonje nan istwa a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason*]

## Aktivite 5 Kesyon/ Evalyasyon

### a. Koute kesyon sa yo byen epi reponn

#### Kesyon

1. Ki bon non Bòs Didi ?
2. Nan ki katye li rete ?
3. Ki sa li konn fè ?
4. Pou ki sa li kontan ?
5. Ki aktivite ou pi renmen fè ? Pou ki sa ?
6. Eske menm jan ak bòs Didi nou ka fabrike jwèt nou ? Ki jwèt nou konn fabrike ?

### b. Egzèsis nan kaye

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye egzèsis la. Retounen nan paj lesон 88 la pou nou fè egzèsis # 2, # 3 ak # 4. [*Li konsiy pou elèv yo. Ba yo tan pou fè egzèsis yo. Verifye sa yo ap fè epi ba yo fidbak.*]

### Sa nou te aprann nan lesón jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesón jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [*Apre sa di :*] Kilès ki ka di tèm lesón jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesón an.*]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
4. [*Apre sa di :*] Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : M ap ankouraje zanmi mwen yo etidye

### **Kontin (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**Mwen pral lekòl ak kè kontan.**

**M ap etidye lesон m.**

**M ap fè devwa m yo.**

**M ap ankouraje zanmi m yo ale lekòl.**

**M ap rete lekòl pou m ka ede zòn mwen pi byen.**

**Lekòl se zafè pa m, se zafè pa nou tout.**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### **Di sa n panse (3 minit)**

Tèm lesон jodi a se : **M ap ankouraje zanmi mwen yo etidye**

*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a aprann nou jan li bon pou nou ankouraje zanmi nou yo etidye yon fason pou yo ka reyisi menm jan ak nou.**

#### **Aktivite 1 Revizyon : Li fraz (2 minit)**

##### **Li fraz vit e byen**

Kounye a, nou pral revize kèk fraz nou te li nan lesон pase yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 89 la. Ale nan liy kreyon an. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

#### **Aktivite 2 Revizyon mo vokabilè (5 minit)**

Kounye a, nou pral revize kèk mo vokabilè nou konnen déjà. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesон 89 la. Ale nan egzèsis # 1 an ak 2 a. *[Verifye travay elèv yo epi ba yo fidbak.]*

#### **Aktivite revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Tout moun kanpe. Chak fwa mwen bat men m yon fwa n ap leve bra dwat nou. Chak fwa mwen bat men m de fwa n ap leve bra goch nou. Lè m mwen bat men m twa fwa n ap leve tou de bra nou. Nou pare ! *[Fè mouvman yo ak bra ou epi verifye si tout elèv yo patisipe.]*

## Aktivite 3

### **Detèminan posesif nan fraz (Revizyon 12 minit)**

Nou pral revize detèminan posesif yo. Nou pral li yon istwa moso pa moso. Pou chak moso istwa nou li, n ap idantifye fraz ki gen detèminan posesif ladan l. Apre sa n ap gade ki non detèminan an akonpaye. Finalman n ap chèche konprann ki rapò non sa a genyen ak lòt non nan fraz la.

Toujou sonje

*Yon detèminan posesif se yon mo ki akonpaye yon non epi ki fè konnen yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka bay presizyon tou sou relasyon ki genyen ant de moun.*

**[Di :]** Nou pral li premye moso istwa a ansam. Li byen pou nou ka patisipe.

**Nadya renmen lekòl anpil. Nan zòn kote li rete a li toujou ap ankouraje lòt timoun etidye. Chak jou, depi li soti lekòl, li manje apre sa li pran liv li**

Nan fraz « **Chak jou, depi li soti lekòl, li manje apre sa li pran liv li.** » Nou jwenn gwoup mo « **liv li** ».

**[Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di m lè mwen di **liv li** nan fraz la, liv ki moun li ye ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]**

**[Apre sa di :]** Nan fraz « **Chak jou, depi li soti lekòl, li manje apre sa li pran liv li** » mo **li** ki akonpaye mo **liv** la montre klas la se **liv pa Nadya**.

Nan fraz « **Nadya toujou konn lesон li chak jou.** » Nou jwenn gwoup mo « **lesson li** » **[Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]**

Kilès ki ka di m lè mwen di **lesson li** nan fraz la, lesón ki moun li ye ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]**

**[Apre sa di :]** Nan fraz « **Nadya toujou konn lesón li chak jou.** » mo **li** ki akonpaye mo **lesson** an montre lesón an se **lesson Nadya**.

**[Kontinye li istwa a ansanm ak elèv yo. Di :]** Nou pral kontinye li istwa a ansanm. Nou pral chèche fraz ki gen detèminan posesif yo. Apre sa n ap gade ki non chak detèminan akonpaye epi ki rapò non detèminan an akonpaye a genyen ak yon lòt mo nan fraz la.

**Direktè lekòl la di lòt elèv yo pou yo fè menm jan ak Nadya pou Paran yo ka fyè de yo. Lè lekòl la ap bay kanè, Nadya toujou fè bèle mwayèn. Tout moun nan zòn nan di Nadya ap itil peyi li anpil lè li gran.**

Nan fraz « **Tout moun nan zòn nan di Nadya ap itil peyi li anpil lè li gran.** », nou jwenn gwoup mo « **peyi li** ». **[Ekri gwoup mo a sou tablo a epi di :]**

Pale ak elèv ki bò kote w la sou gwoup mo sa a. **[30 segonn]** Kilès ki ka di m lè mwen di « **peyi li** » nan fraz la, peyi ki moun li ye ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]**

**[Apre sa di :]** Nan fraz « **Tout moun nan zòn nan di Nadya ap itil peyi li anpil lè li gran.** » mo **li** ki akonpaye mo **peyi** a montre peyi a se **peyi Nadya**.

#### Aktivite 4    Li istwa pou reponn kesyon (8 minit)

a. Kounye a, nou pral li tout istwa a. Tounen nan liv la, ale nan paj lesон 89 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

##### **Nadya renmen lekòl**

**Nadya renmen lekòl anpil. Nan zòn kote li rete a, li toujou ap ankouraje lòt timoun etidye. Chak jou, depi li sot lekòl, li manje apre sa li pran liv li. Nadya toujou konn lesон li chak jou. Direktè lekòl la konseye lòt elèv yo pou yo fè menm jan ak Nadya pou Paran yo ka fyè de yo. Lè lekòl la ap bay kanè, Nadya toujou fè bèle mwayèn. Tout moun nan zòn nan di Nadya ap itil peyi li anpil lè li gran.**

b. Nou pral li istwa a de pa de kounye a. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li istwa a pou sa ki te li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

##### **Pataje sa nou li (3 minit)**

**[Di :]** Eske nou tout te byen li istwa a ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou sa ou sonje apre ou fin li istwa a. **[Bay elèv yo 60 segonn pou yo pataje sa yo te koute.]**

**[Apre sa di :]** Kilès ki ka pataje ak klas la sa li sonje nan istwa a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]**

## Aktivite 5 Kesyon/ Evalyasyon

### a. Koute kesyon sa yo byen epi reponn

#### Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki sa moun nan zòn nan konn di de Nadya ?
3. Ki sa Nadya konn ankouraje lòt timoun yo fè ?
4. Èske sa konn rive pou ou ankouraje yon moun ? Rakonte.

### b. Egzèsis nan kaye

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesон 89 la pou nou fè egzèsis # 3 a ak # 4 la. *[Li konsiy yo pou elèv yo. Ba yo tan pou fè egzèsis yo. Verifye sa yo ap fè epi ba yo fidbak.]*

#### Sa nou te aprann nan lesон jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesон jodi a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm lesон jodi a ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesон an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]*
4. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Drapo peyi m se fyète m, m ap respekte I

### **Kontin (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**Yon drapo se pa sèlman koulè.**

**Yon drapo se senbòl yon pèp.**

**Se senbòl yon kilti**

**Se fyète chak sitwayen yon peyi.**

**Mwen se Ayisyen, drapo m se fyète**

**Mwen dwe respekte I.**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### **Di sa n panse (3 minit)**

Tèm lesон jodi a se : **Drapo peyi m se fyète m, m ap respekte I**

*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a aprann nou jan li bon pou nou respekte drapo peyi nou.**

#### **Aktivite 1 Revizyon : Li fraz (2 minit)**

##### **Li fraz vit e byen**

Kounye a, nou pral revize kèk fraz nou te li nan lesон pase yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 90 la. Ale nan liy gòm nan. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

#### **Aktivite 2 Revizyon mo vokabilè (5 minit)**

Kounye a, nou pral revize kèk mo vokabilè nou konnen déjà. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesон 90 la. Ale nan egzèsis # 1 an ak 2 a. *[Verifye travay elèv yo epi ba yo fidbak.]*

#### **Aktivite revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Tout moun kanpe. Chak fwa mwen bat men m yon fwa n ap leve bra dwat nou. Chak fwa mwen bat men m de fwa n ap leve bra goch nou. Lè m mwen bat men m twa fwa n ap leve tou de bra nou. Nou pare ! *[Fè mouvman yo ak bra ou epi verifye si tout elèv yo patisipe.]*

## Aktivite 3 Imajine pou konprann (5 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. [*Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]*

Tit istwa jodi a se : **Dat ki fè fyète nou**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

### b. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi avèk desen ki mache ak istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a.

[*Montre desen an epi di :]*

Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan istwa a ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa istwa a pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

## Aktivite 4 Li itswa pou jwenn enfòmasyon (5 minit)

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Apre chak moso istwa nou li, mwen pral poze nou kèk kesyon. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [<b>Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :</b>]</li> <li>– An nou li premye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Pou nou te jwenn libète nou, zansèt nou yo te fè gwo sakrifis.</b></p>	<p>[<b>Apre sa mande elèv yo :</b>]</p> <p>Ki sa zansèt nou yo te fè pou nou te jwenn libète nou ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p><b>R :</b> Zansèt nou yo te fè gwo sakrifis.</p>

<ul style="list-style-type: none"> <li>– [<b>Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :</b>]</li> <li>– An n kontinye li istwa a. Li byen.</li> </ul> <p><b>Se sa ki fè ann Ayiti nou bay anpil enpòtans ak kèk dat ki fè fyète nou kòm pèp.</b></p>	<p>[<b>Apre sa mande elèv yo :</b>]</p> <p>Ki sa nou bay anpil enpòtans ?</p> <p>[<i>Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.</i>]</p> <p><b>R :</b> Nou bay anpil enpòtans ak kèk dat ki fè fyète nou kòm pèp.</p>
--	--

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :] – N ap kontinye li istwa a. Li byen. <b>Pami dat sa yo nou jwenn 18 novanm ki fè nou sonje batay Vètyè.</b></li> </ul>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki sa 18 Novanm fè nou sonje ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> <b>R :</b> 18 Novanm fè nou sonje batay Vètyè.</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>– [Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :] – Nou pral li dènye moso istwa a. Li byen. <b>18 me ki se fèt bél drapo nou an ak premye janvye ki se fèt endepandans peyi d Ayiti. An nou kontinye fete dat sa yo pou nou pa janm blyie kote nou soti.</b></li> </ul>	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki fèt 18 me fè nou sonje ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> <b>R :</b> 18 me fè nou sonje fèt bél drapo nou an.</p>
	<p>[Apre sa mande elèv yo :] Ki fèt premye janvye fè nou sonje ? <i>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</i> <b>R :</b> Premye janvye fè nou sonje fèt endepandans.</p>

### Aktivite 5 Li istwa (6 minit)

#### a. Li istwa a ansanm

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Nou pral li ansanm. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### Dat ki fè fyète nou

**Pou nou te jwenn libète nou, zansèt nou yo te fè gwo sakrifis. Se sa ki fè ann Ayiti nou bay anpil enpòtans ak kèk dat ki fè fyète nou kòm pèp. Pami dat sa a yo nou jwenn 18 novanm ki fè nou sonje batay vètyè, 18 me ki se fèt bél drapo nou an ak premye janvye ki se fèt endepandans peyi d Ayiti. An nou kontinye fete nan dat sa yo pou n pa blyie kote n soti.**

#### b. Li istwa de pa de

Kounye a, nou pral li istwa a de pa de. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa zanmi ki t ap koute a ap li istwa pou sa ki t ap li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### Pataje sa nou li (3 minit)

**[Di :] Eske nou tout te byen li istwa a ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou sa ou sonje apre ou fin li istwa a. [Bay elèv yo 60 segonn pou yo pataje sa yo te koute.]**

**[Apre sa di :] Kilès ki ka pataje ak klas la sa li sonje nan istwa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]**

## Aktivite 7 Verifye prediksyon (3 minit)

Anvan nou te li istwa a, plizyè elèv te di sa yo panse ki pral pase nan istwa a. Nou sonje ?

1. An nou retounen nan sa nou te di anvan nou te li istwa a. **[Fè yon rapèl sou repons elèv yo te bay yo.]**
2. Ki elèv ki ka di m kilès nan fraz sa yo ki pi sanble ak istwa a ? **[Chwazi 4 elèv, 2 ti fi ak 2 ti gason epi bay fidbak pou chac repons.]**

## Aktivite 8 Kesyon/ Evalyasyon

### a. Koute epi reponn kesyon

Koute kesyon sa yo byen epi reponn yo.

#### Kesyon

1. Ki tit istwa nou sot li a ?
2. Ki fèt nou fete 18 novanm ?
3. Ki fèt nou fete 18 me ?
4. Ki jan nou santi nou jou fèt drapo ? Pou ki sa ?

### b. Egzèsis nan kaye

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesion 90 la pou nou fè egzèsis # 3 a ak # 4 la. **[Li konsiy pou elèv yo. Ba yo tan pou fè egzèsis yo. Verifye sa yo ap fè epi ba yo fidbak.]**

#### Sa nou te aprann nan lesion jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesion jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di:]** Kilès ki ka di tèm lesion jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesion an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
4. **[Apre sa di:]** Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Map koute konsèy granmoun yo

### **Kontin (2 minit)**

N ap kòmanse leson jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**Yon bon konsèy toujou itil.**  
**Granmoun yo gen larezon ak sajès.**  
**Yo konn bay bon jan konsèy.**  
**Map koute konsèy granmoun yo**  
**Pou m ka evite anpil danje.**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

### **Di sa n panse (3 minit)**

Tèm lesон jodi a se : **Map koute konsèy granmoun yo**  
*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*  
*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*  
*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tèm lesон jodi a fè nou panse jan li bon pou nou koute epi suiv konsèy granmoun yo.**

#### **Aktivite 1 Revizyon : Li fraz (2 minit)**

##### **Li fraz vit e byen**

Kounye a, nou pral revize kèk fraz nou te li nan lesон pase yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 91 la. Ale nan liy gòm nan. Li fraz yo. *[Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]*

#### **Aktivite 2 Revizyon mo vokabilè (5 minit)**

Kounye a, nou pral revize kèk mo vokabilè nou konnen déjà. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesон 91 la. Ale nan egzèsis # 1 an ak 2 a. *[Verifye travay elèv yo epi ba yo fidbak.]*

#### **Aktivite revèy (2 minit)**

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Tout moun kanpe. Chak fwa mwen bat men m yon fwa n ap leve bra dwat nou. Chak fwa mwen bat men m de fwa n ap leve bra goch nou. Lè m mwen bat men m twa fwa n ap leve tou de bra nou. Nou pare ! *[Fè mouvman yo ak bra ou epi verifye si tout elèv yo patisipe.]*

## Aktivite 3 Imajine pou konprann (5 minit)

Kounye a, nou pral sèvi ak imajinasyon nou pou nou rive konprann yon istwa.

### a. Prediksyon dapre tit istwa a

Toudabò nou pral sèvi ak tit istwa a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa a. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di :]*

Tit istwa jodi a se : **Yon bon richès**

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a daprè nou ? Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan istwa a ?

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]*

## Aktivite 4 Lekti itswa

### a. Li istwa pou jwenn enfòmasyon

Nou pral li yon istwa moso pa moso. Mwen pral poze nou kesyon sou chak moso istwa nou li. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo san pwoblèm.

ISTWA	KESYON E REPOSNS
<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li premye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– Nou pral li premye moso istwa a ansanm. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Nan komin Paran, gen yon gramoun ki rele Patrik.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> De kilès istwa a pale ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Istwa a pale de yon gramoun ki rele Patrik.</p>

<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Kontinye li istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– Nou pral kontinye li istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Tout moun nan zòn nan di li se yon gwo richès pou kominate a. Patrik gen bon memwa, li pa janm bliye anyen.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Pou ki sa moun nan zòn nan di Patrik se yon richès pou kominate a ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Paske Patrik gen bon memwa, li pa janm bliye.</p>
---	---

<ul style="list-style-type: none"> <li>– <b>[Li dènye moso istwa a ak elèv yo. Di :]</b></li> <li>– Nou pral li dènye moso istwa a. Li byen pou nou ka reponn kesyon yo.</li> </ul> <p><b>Menm si yon evènman pase byen lontan, Patrik ka eksplike ou li tankou se te yè sa te pase. Nan chak pawòl ki soti nan bouch li, nou ka jwenn anpil bon konsèy. Se pou sa tout moun renmen tandé lè l ap pale. Patrik se yon gwo sous enfòmasyon pou komin Paran.</b></p>	<p><b>[Apre sa mande elèv yo :]</b> Ki sa nou ka jwenn nan chak pawòl Patrik ?</p> <p><b>[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]</b></p> <p><b>R :</b> Nan chak pawòl Patrik nou ka jwenn anpil bon konsèy.</p>
--	---

## ISTWA

## KESYON E REPOSNS

Ki sa Patrik ye pou komin Paran ?

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Apre yo fin reponn, ba yo fidbak epi bay klas la bon repons la.]*

R : Patrik se yon gwo sous enfòmasyon pou komin Paran.

### b. Li tout istwa a

Kounye a, nou pral li tout istwa a. Tounen nan liv nou, nan paj leson 91 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### Yon bon richès

**Nan komin Paran, gen yon granmoun ki rele Patrik. Tout moun nan zòn nan di li se yon gwo richès pou kominote a. Patrik gen bon memwa, li pa janm blyie anyen. Menm si yon evènman pase byen lontan, Patrik ka eksplike ou li tankou se te yè sa te pase. Nan chak pawòl ki soti nan bouch li, nou ka jwenn anpil bon konsèy. Se pou sa tout moun renmen tande lè l ap pale. Patrik se yon gwo sous enfòmasyon pou moun nan komin Paran.**

#### Pataje sa nou li (3 minit)

*[Di :] Eske nou tout te byen li istwa a ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou sa ou sonje apre ou fin li istwa a. [Bay elèv yo 60 segonn pou yo pataje sa yo te koute.]*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka pataje ak klas la sa li sonje nan istwa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]*

### Aktivite 5    Kesyon/ Evalyasyon

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot li a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan Egzèsis # 3 a ak # 4 la.

#### Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*
2. *[Apre sa di :] Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? [Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]*
4. *[Apre sa di :] Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.*

## TÈM LESON AN : Salye moun se lizaj, m ap salye tout moun

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**Bonjou, bonswa se 2 ti mo.**

**Yo se mo lizaj, mo sajès.**

**Nou dwe itilize yo pou nou salye moun.**

**Salye m moun se lizaj, se sajès.**

**N ap salye tout moun**

**Paske tout moun merite respè.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Salye moun se lizaj, m ap salye tout moun**

[Mande elèv yo repeete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou jan li bon pou nou toujou salye tout moun. Paske sa montre ou se timoun ki byennelve.**

#### Aktivite 1 **Revizyon : Li fraz (2 minit)**

##### **Li fraz vit e byen**

Kounye a, nou pral revize kèk fraz nou te li nan lesон pase yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 92 la. Ale nan liy gòm nan. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

#### Aktivite 2 **Revizyon mo vokabilè (5 minit)**

Kounye a, nou pral revize kèk mo vokabilè nou konnen deja. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesон 92 la. Ale nan egzèsis # 1 an. [Verifye travay elèv yo epi ba yo fidbak.]

## Aktivite 3

**Mo ki ranplase non nan fraz (12 minit)**

Nou pral travay sou mo ki ka ranplase non nan fraz. Mo sa yo ka ranplase non moun, non bêt non kote oswa non objè nan yon fraz.

*[Ekri ti istwa sa a sou table a. Li li ansanm ak elèv yo.]*

**Karèl** se yon ti gason saj.

**Karèl** salye moun byen.

**Karèl** fè tout moun fyè de li.

Nan ti istwa nou sot li a gen yon mo ki repete plizyè fwa. Ki mo li ye ? **[Bay elèv yo tan pou yo reponn.]**

**[Apre sa di :]** M ap pase yon trè anba mo **Karèl** tout kote mwen wè li.

*[Ekri menm istwa a konsa sou kote lòt la. Li li ansanm ak elèv yo.]*

**Karèl** se yon ti gason saj.

**Li** salye moun byen.

**Li** fè tout moun fyè de li.

**[Apre sa mande yo :]** Kilès ki ka di m sa ki chanje nan dezyèm istwa a ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

**[Di :]** Nan dezyèm istwa a mo **Karèl** la parèt yon sèl fwa nan premye fraz la.

**[Apre sa di :]** Nan dezyèm ak twazyèm fraz la gen yon mo ki ranplase **Karèl**. Ki mo li ye ? **[Bay elèv yo tan pou yo reflechi anvan yo reponn. Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

**[Apre sa di :]** Mo a se **Li**. Se mo **Li** a ki ranplase **Karèl** nan dezyèm ak twazyèm fraz la.

Mo **Karèl** la se yon non. Mo **Li** a se yon pwonon. Sa vle di yon pwonon se yon mo ki ranplase youn oswa plizyè non.

## Aktivite revèy

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **OLE**. Mwen pral li yon ti istwa. Chak fwa nou tande yon mo ki ranplase yon non n ap di **OLE**. Nou pare !

**Mimoz se enfimyè. Li pran swen moun ki malad byen. Li gen anpil pasyans. Moun nan zòn nan di Mimoz gen bon kè. Li se yon bon modèl.**

## Aktivite 4 Li istwa pou reponn kesyon (8 minit)

a. Kounye a, nou pral li istwa a. Tounen nan liv la, ale nan paj lesion 92 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### **Yon ti gason saj**

**Karèl se yon ti gason ki saj anpil. Nan katye kote li rete a, tout moun toujou ap pale de li. Li toujou pran san l pou li salye tout moun li rankontre sou wout li. Yon bonjou oubyen yon bonswa ki soti nan bouch li ka retire lapenn ak tristès nan anpil kè. Tout moun nan zòn nan renmen Karèl pou sajès li.**

b. Nou pral li istwa a de pa de kounye a. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li istwa a pou sa ki te li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### **Pataje sa nou li (3 minit)**

[*Di :*] Eske nou tout te byen li istwa a ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou sa ou sonje apre ou fin li istwa a. [*Bay elèv yo 60 segonn pou yo pataje sa yo te koute.*]

[*Apre sa di :*] Kilès ki ka pataje ak klas la sa li sonje nan istwa a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason*]

## Aktivite 5 Kesyon/ Evalyasyon

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot li a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan Egzèsis # 3 a ak # 4 la.

### **Sa nou te aprann nan lesion jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesion jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [*Apre sa di :*] Kilès ki ka di tèm lesion jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesion an.*]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
4. [*Apre sa di :*] Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## **TÈM LESON AN : M ap pran bon jan prekosyon pou mwen pa trape maladi mikwòb ka bay**

### **Kontin (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi invite elèv yo patisipe.]

**Ala yon bèl bagay se lasante !  
Viv an sante se viv san maladi.  
M ap pran swen kò m  
Pou m evite trape mikwòb.  
Sante m se pa m.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### **Di sa n panse (3 minit)**

Tèm lesон jodi a se : **M ap pran bon jan prekosyon pou mwen pa trape maladi mikwòb ka bay.**  
[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?  
[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]  
[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tèm lesон jodi a fè nou panse sou jan nou dwe pran tout prekosyon ki nesesè pou nou pa trape  
mikwòb ki ka ba nou maladi.**

#### **Aktivite 1 Revizyon : Li fraz (2 minit)**

##### **Li fraz vit e byen**

Kounye a, nou pral revize kèk fraz nou te li nan lesон pase yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 93 la. Ale nan liy gòm nan. Li fraz yo. [Mande elèv yo touche mo yo pandan y ap li. Verifye epi bay fidbak.]

#### **Aktivite 2 Revizyon mo vokabilè (5 minit)**

Kounye a, nou pral revize kèk mo vokabilè nou konnen deja. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesон 93 la. Ale nan egzèsis # 1 an. [Verifye travay elèv yo epi ba yo fidbak.]

## Aktivite 3 Revizyon pwonon/ detèminan posesif

### a. Pwonon/ detèminan posesif : rapèl

Nan jou pase yo, nou te travay sou mo ki ranplase non nan fraz. Nou sonje ?

Kilès ki ka di m ki jan yo rele mo ki ranplase yon non nan yon fraz ? [Bay élèv yo tan pou yo reflechi.]

[Apre repons élèv yo, di :] Mo sa yo rele **pwonon**. Mwen kontan wè jan nou tout te reflechi sou kesyon an.

Nan jou pase yo, nou te travay tou sou mo ki akonpaye yon non epi ki fè konnen yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Mo sa a bay presizon tou sou relasyon ki genyen ant de moun, oubyen ant yon moun ak yon kote. Kilès ki ka di m ki jan yo rele mo sa a ? [Bay élèv yo tan pou yo reflechi.]

[Apre repons élèv yo, di :] Mo sa a rele **detèminan posesif**. Mwen kontan wè jan nou tout te reflechi sou kesyon an.

### b. Pwonon / deteminan posesif : Egzèsis nan kaye

Nou pral fè egzèsis sou mo ki ranplase non nan fraz (**pwonon**) ak mo ki akonpaye yon non (**detèminan posesif**).

Tounen nan kaye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

### Aktivite revèy

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **OLE**. Mwen pral li yon ti istwa. Chak fwa nou tande yon mo ki ranplase yon non n ap di **OLE**. Nou pare !

**Mimoz se enfimyè. Li pran swen moun ki malad byen. Li gen anpil pasyans. Moun nan zòn nan di Mimoz gen bon kè. Li se yon bon modèl.**

## Aktivite 4 Li istwa

a. Kounye a, nou pral li istwa a. Tounen nan liv la, ale nan paj leson 93 la. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

### Anayiz gen lijyèn

**Anayiz se yon ti fi pwòp. Depi li leve, li pran san li pou li bwose dan li. Lè li pral lekòl, li toujou bwòdè. Tèt li toujou byen penyen, inifòm li ak soulye li menm se pa pale. Li gen abitid lave men li anvan li manje ak lè li sot nan twalèt. Li toujou tande mikwòb se lènmi lasante. Se pou sa, li pran bon jan prekosyon pou pyès mikwòb pa ba li maladi.**

### b. Li istwa a de pa de

Nou pral li istwa a de pa de kounye a. Chak moun ap chwazi yon zanmi epi l ap li istwa a pou li. Apre sa, zanmi ki t ap koute a ap li istwa a pou sa ki te li anvan an. Li byen pou nou ka reponn kèk kesyon sou istwa a pita.

#### **Pataje sa nou li (3 minit)**

[*Di :*] Eske nou tout te byen li istwa a ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou sa ou sonje apre ou fin li istwa a. [**Bay elèv yo 60 segonn pou yo pataje sa yo te koute.**]

[*Apre sa di :*] Kilès ki ka pataje ak klas la sa li sonje nan istwa a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason**]

#### **Aktivite 5    Kesyon/ Evalyasyon**

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot li a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Ale nan Egzèsis # 3 a ak # 4 la.

##### **Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. [*Apre sa di :*] Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? [**Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.**]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [**Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.**]
4. [*Apre sa di :*] Nou te koute/ li yon bèl ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukout nou anvan sa.

## TÈM LESON AN : Pyebwa se pwoteksyon lanati, mwen p ap koupe yo

### Kontin (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]

**An nou plante pyebwa**

**Pou nou pwoteje peyi nou.**

**An n plante pyebwa**

**Pou n pwoteje vi nou.**

**Pyebwa se lavi.**

**Pyebwa anbeli lanati.**

[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

### Di sa n panse (3 minit)

Tèm lesон jodi a se : **Pyebwa se pwoteksyon lanati, mwen p ap koupe yo**

[Mande elèv yo repeète tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?

[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.

**Tem lesон jodi a fè nou reflechi sou enpòtans pyebwa yo nan lanati. Pèsonn pa dwe koupe yo.**

Aktivite 1

### Jwe wòl nan pyès teyat

Jodi a, nou pral fè yon lòt kalite lesон. Nou pral aprann jwe wòl nan pyès teyat. Sa vle di n ap li yon istwa, apre sa m ap chwazi plizyè aktè nan klas la. Chak aktè ap jwe wòl yon pèsonaj ki nan istwa a.

Toujou sonje

1. Yon pyès teyat se yon istwa ki gen plizyè pèsonaj k ap pale youn ak lòt. Pyès teyat la fèt pou jwe sou sèn devan yon biblik.
2. Yon pèsonaj se wòl yon aktè ka jwe sou sèn nan yon pyès teyat.

#### a. Koute pou nou konprann

Kounye a, mwen pral li istwa a pou nou. Suiv byen pou nou ka konprann pawòl chak pèsonaj yo.

[Li istwa a yon fason enteresan pou klas la pandan ou ap imite vwa ak jès chak pèsonaj.]

## TEYAT

## Sèn 1

**Nan peyi d Ayiti, gen yon mòn ki rele Mòn Ti Paradi. Li fè fre. Gen twa sous dlo ladan li. Li chaje ak pyebwa tankou pye palmis, bwapen, bwadchenn, kajou, elatriye. Yon jou, Chèlin al flannen nan Ti Paradi. Li wè Gistav k ap koupe yon ti pye bwadchenn.**

## Dyalòg

**Chèlin** (sezi, li mete de men sou tèt li)

O ! Ton Gistav ! sa w ap fè la ?

**Ton Gistav** (*trankil, li vire gade Chèlin*)

Kouman ! Sa ou wè a se sa wi. M ap koupe yon pyebwa.

**Chèlin** (*fache, l ap fè jès ak men l*)

O ! Ton Gistav, Kisa pyebwa a fè w menm ? Ou gen kont ak li ?

**Ton Gistav** (*move, li pale di ak Chèlin, li glonfle vwa l*)

Se avèk ou menm mwen gen kont. Ou anpeche m koupe pye bwa a pou m al chèche lavi m.

**Chèlin** (*vwa li poze, li rete kè kal*)

Ton Gistav ! Mmm... si ou ap plede koupe pye bwa yo, malè ka rive nou wi.

**Ton Gistav** (*toujou move*)

Aaaa... ! Ki bagay malè ou ap pale la ? Mwen koupe yon pye bwa, se fini.

**Ton Gistav fache paske Chèlin ap fè li konprann li pa gen dwa koupe ti pye bwadchenn nan. Li kòmanse pale fò ak Chèlin. Se konsa, Pè Riche vin ap pase, li antre nan dyalòg la.**

## Pataje sa nou koute

[*Di :]* Eske nou te byen koute istwa a ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou ou di li sa ou sonje apre ou fin koute istwa sa a. [*Bay elèv yo 60 segonn pou yo pataje sa yo te koute. Apre sa di :]*

Kilès ki ka pataje ak klas la sa li sonje nan istwa a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]

## Aktivite 2

Li istwa a ansanm

Nou pral li istwa a ansanm kounye a. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 94 la pou nou li istwa a. Sonje enfòmasyon ki nan parantèz yo se jès aktè a dwe fè pandan l ap jwe wòl pèsonaj li a. Nou pa bezwen di yo.

## Aktivite 3

### Li istwa a de pa de

Istwa jodi a se yon pyès teyat. Li gen de pèsonaj : Gistav ak Chèlin. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou ou di li kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen. [30 segonn]

[*Apre sa mande yo : Kilès ki ka di m ki pèsonaj li pi renmen ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]*]

Kounye a, nou pral jwe pyès teyat la de pa de. Sa vle di nou chak pral jwe wòl yon pèsonaj.

[*Asire ou chak elèv chwazi yon pèsonaj. Apre sa mande yo chak pou yo li sèlman pati ki pou yo a. Verifye travay elèv yo epi bay fidbak.*]

## Aktivite 4

### Jwe pyès teyat la

Kounye a, mwen pral chwazi youn nan gwooup yo pou jwe pyès teyat la devan klas la. Sonje fè jès epi bay ton ki mache ak sa n ap di a pou pyès la ka enteresan.

[*Asire w chak elèv yo konprann wòl pèsonaj yo a. Mande klas la aplodi apre prezantasyon an.*]

## Aktivite 5

### Kesyon/ Evalyasyon

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot li a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesyon 94 la pou nou fè egzèsis nimewo 1 an ak 2 a.

#### Sa nou te aprann nan lesion jodi a (3 minit)

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan lesion jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. [*Apre sa di :*] Kilès ki ka di tèm lesion jodi a ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo tèm lesion an.*]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.*]
4. [*Apre sa di :*] Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.

**TÈM LESON AN : Pyebwa se pwoteksyon lanati, mwen p ap koupe yo****Kontin (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon kontin. Yon kontin se yon ti istwa nou ka di tankou pwezi oswa chante.  
*[Chwazi jan ou vle fè kontin nan epi envite elèv yo patisipe.]*

**An nou plante pyebwa**

**Pou nou pwoteje peyi nou.**

**An n plante pyebwa**

**Pou n pwoteje vi nou.**

**Pyebwa se lavi.**

**Pyebwa anbeli lanati.**

*[Lè klas la fin di oswa chante kontin nan, di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.*

**Di sa n panse (3 minit)**

Tèm lesон jodi a se : **Pyebwa se pwoteksyon lanati, mwen p ap koupe yo**

*[Mande elèv yo repete tèm nan. Di :] Ki tèm lesон jodi a ?*

*[Apre sa di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou pawòl sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

*[Lè yo fin reponn di :] Mwen kontan wè nou tout te reflechi sou tèm lesон an.*

**Tem lesон jodi a fè nou reflechi sou enpòtans pyebwa yo nan lanati. Pèsonn pa dwe koupe paske yo pwoteje zòn kote n ap viv la.**

**Aktivite 1    Jwe wòl nan pyès teyat**

Yè nou te li yon istwa epi jwe wòl pèsonaj ki nan istwa a. Nou sonje ! Jodi a, nou pral kontinye jwe wòl pèsonaj ki nan istwa a. Sa vle di n ap kontinye li menm istwa a, apre sa m ap chwazi plizyè aktè nan klas la. Chak aktè ap jwe wòl yon pèsonaj ki nan istwa a.

**Toujou sonje**

1. Yon pyès teyat se yon istwa ki gen plizyè pèsonaj k ap pale youn ak lòt. Pyès teyat la fèt pou jwe sou sèn devan yon piblik.
2. Yon pèsonaj se wòl yon aktè ka jwe sou sèn nan yon pyès teyat.

**a. Prediksyon dapre istwa (rapèl)**

Kounye a, nou pral sèvi ak istwa nou te li yè a pou nou devine sa ki pral pase nan istwa n ap li jodi a.

*[Di elèv yo :] Istwa nou te li yè a te fini konsa :*

**Yon sèl pale anpil pete ant Chèlin ak Gistav. Toulède ap pale byen fò. Se konsa, Ton Riche vin ap pase, li antre nan diskisyon an.**

*[Apre sa di :] Ki sa nou panse Ton Riche pral di lè li antre nan diskisyon an.*

*[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Ekri repons elèv yo sou tablo a.]*

## b. Koute pou nou konprann

Mwen pral kontinye li istwa a pou nou. Suiv byen pou nou ka konprann pawòl chak pèsonaj yo.

[*Li istwa a yon fason enteresan pou klas la pandan ou ap imite vwa ak jès chak pèsonaj.*]

TEYAT

Sèn 2

**Pè Riche te sot pran dlo nan sous la. Pandan l ap tounen lakay li, li wè Gistav k ap pale byen fò.**

Dyalòg

**Pè Riche :**

Mesyedam, sa nou genyen menm ?

**Chèlin ak Gistav :**

Bonswa Pè Riche.

**Pè Riche :**

Bonswa ptit mwen yo. E pa nou nan kont.

**Chèlin (kouri pale)**

Nou pa nan kont non. Se Ton Gistav wi k ap koupe yon pyebwa nan Ti Paradi.

**Ton Gistav (vwa otoritè) :**

Mwen bezwen ale fè chabon. Mwen razè, m ap chèche lavi.

**Chèlin (li pa kite Pè Riche pale) :**

Ou razè ! Ou kwè mwen kwè ou ! Mwen toujou wè ou k ap achte kat met sou telòn nou.

**Ton Gistav :**

O o ! Ou vin pou mwen ou menm.

**Pè Riche :**

Gistav ptit mwen, pyebwa enpòtan anpil pou tout kretyen vivan. Si nou koupe yo, sous yo p ap gen dlo anò. Rivyè yo p ap gen dlo tou. Eske nou ka viv san dlo ?

**Chèlin ak Ton Gistav :**

Non, nou pa ka viv san dlo.

**Pè Riche (vwa l toujou ap tranble) :**

Si nou koupe pyebwa yo, dlo lapli ap bwote tout bon tè al lage nan lanmè. Sa ka lakòz jaden yo pa pwodui manje ankò, dlo anvayi nou, moun ak bèt ka menm pèdi lavi yo.

**Chèlin :**

Mwen te di li koupe pye bwa ka lakoz gwo malè.

**Ton Gistav**

Ti pitit poze non ! O O !

**Pè Riche**

Sonje, yon sitwayen se yon moun ki renmen peyi li. Li toujou ap fè tout sa ki pi bon pou peyi li ka pi bèl.

**Ton Gistav**

Pè Riche, ou gen rezon. Mwen pral fè yon lòt komès pou mwen chèche lavi.

**Pè Riche (tonbe ri) :**

Pwoteje pyebwa se pwoteje lavi nou epi se fè Ayiti vin pi bèl.

**Apre ti koze sa a, Pè Riche ale lakay li. Ton Gistav pa koupe ti pye bwadchenn nan ankò. Chèlin kontan paske Mòn Ti Paradi ap toujou rete yon Paradi.**

**Pataje sa nou koute**

[*Di :* ] Eske nou te byen koute istwa a ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou ou di li sa ou sonje apre ou fin koute istwa sa a. [*Bay elèv yo 60 segonn pou yo pataje sa yo te koute. Apre sa di :* ]

Kilès ki ka pataje ak klas la sa li sonje nan istwa a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.* ]

**Aktivite 2****Li istwa a ansanm**

Nou pral li istwa a ansanm kounye a. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 95 la pou nou li istwa a. Sonje enfòmasyon ki nan parantèz yo se jès aktè a dwe fè pandan l ap jwe wòl pèsonaj li a. Nou pa bezwen di yo.

**Aktivite 3****Li istwa a twa pa twa**

Istwa jodi a se rès istwa nou te kòmanse li yè a. Nou prale nan liv la, nan paj leson 95 la pou nou li tout istwa a. Sonje istwa sa a se yon pyès teyat. Li gen twa (3) pèsonaj : Chèlin, Gistav ak Ton Riche. Mete nou twa pa twa pou nou li istwa a. Chak moun ap jwe wòl yon pèsonaj. Sonje enfòmasyon ki nan parantèz yo se jès aktè yo dwe fè pandan y ap jwe wòl pèsonaj yo. Nou pa bezwen di yo. [*Ede elèv yo fòme ti gwooup yo epi verifye sa y ap fè.* ]

## Aktivite 4

### Jwe pyès teyat la

Kounye a, mwen pral chwazi youn nan gwoup yo pou jwe pyès teyat la devan klas la. Sonje fè jès epi bay ton ki mache ak sa n ap di a pou pyès la ka enteresan.

*[Asire w chak elèv yo konprann wòl pèsonaj yo a. Mande klas la aplodi apre prezantasyon an.]*


## Aktivite 5

### Kesyon/ Evalyasyon

Nou pral ekri kèk fraz pou nou bay enfòmasyon ki gen rapò avèk istwa nou sot li a. N ap li kesyon yo apre sa n ap ekri repons yo sou liy kaye a. Tounen nan kaye egzèsis la. Pran kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj leson 95 la pou nou fè egzèsis nimewo 1 an.

#### **Sa nou te aprann nan leson jodi a (3 minit)**

1. Kilès ki ka di mwen ki sa nou te aprann nan leson jodi a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. **[Apre sa di :]** Kilès ki ka di tèm leson jodi a ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo tèm leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan istwa jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan istwa a.]**
4. **[Apre sa di :]** Nou te koute/ li yon bèle ti istwa jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle ti istwa. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale poukont nou anvan sa.



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisen a, gras a yon èd ki soti nan ajans amerikèn U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Jiyè 2014